



ANTOLOGI CRITA CEKAK **DAYINTA**

BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN RISET, DAN TEKNOLOGI
2022



Antologi Cita Cekak DAYINTA

Penyunting:

Budi Sardjono

Ratun Untoro

Pracetak

Pelindung: Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Ketua: Ratun Untoro

Sekretaris: Warseno

Anggota: Wuroidatil Hamro, Imron Rosyadi, Sigit Jaka Cahyono, Maryanto

Desain sampul:

Garudeya

Pengatak :

Penjuru Media Utama

Diterbitkan pertama kali oleh:

BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

2022

Katalog Dalam Terbitan (KDT) Antologi Cita Cekak DAYINTA

---cet. 1---Yogyakarta: BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA

YOGYAKARTA, 2022, x + 162 hlm; 16 x 23. ISBN:.....

@all rights reserved

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

Dilarang mencetak ulang dalam sistem retrieval atau memindahkan dalam bentuk apapun dan dengan cara bagaimanapun, elektronik, mekanik, fotokopi, rekaman, dan sebagainya tanpa izin tertulis dari penerbit.



Kata Pengantar Kepala Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Dalam pelaksanaan penerjemahan, Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta telah menerjemahkan dan menerbitkan 20 buku cerita anak. Sumber teks terjemahan adalah cerita berbahasa Jawa bernuansa Yogyakarta hasil sayembara. Cerita anak berbahasa Jawa itu sebagai bahan bacaan anak usia 9—12 tahun. Tujuan penerjemahan adalah menyediakan produk penerjemahan yang berkualitas demi mendukung interaksi ilmiah dan kultural antarkomunitas dalam lingkup nasional dan internasional.

Berbicara mengenai cerita anak kemudian mengingatkan pada kisah seorang ibu atau wanita sebagai sosok yang paling dekat dengan anak. Ibu atau wanita Yogyakarta bisa menjadi pembentuk karakter anak. Oleh sebab itu, tidak berlebihan jika kisah atau cerita tentang sosok wanita Yogya menjadi perlu dihadirkan sebagai buku pendamping atas 20 cerita anak Yogyakarta. Buku *Antologi Cerita Cekak Dayinta* yang memuat 25 cerita pendek Jawa tentang wanita Yogya ini bisa menjadi semacam suplemen bagi kedua puluh cerita anak yang telah terbit sebelumnya. Sayangnya, buku ini belum sempat diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia.

Kami mengucapkan terima kasih kepada berbagai pihak yang telah berupaya maksimal menghadirkan buku ini. Kritik dan saran senantiasa kami harapkan untuk penyempurnaan dan kebermanfaatan buku ini. Terima kasih.

Kepala,

Dra. Dwi Pratiwi, M.Pd.



Atur Sapala



Lega. Plong. Rumaos bombong.

Kadya pikantuk kekiyatan daya linuwih, buku menika saged kababar minangka panjurung buku cariyos anak ingkang sampun terbit. Buku menika dados “suplemen” awit ngemot cariyos wanodya Yogyakarta. Wonten buku cariyos anak, lajeng wonten buku cariyos wanita utawi ibu. Ibu dados sumbering crita anak. Ibu dados sumbering ngelmu nggulawentah anak. Ibu ugi dados *pembentuk karakter anak*

Rikala dipunbiwarakaken bilih Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta betahaken 25 pangarang cerkak, boten ngantos kalih jam kanca-kanca pangarang sampun sumadya sagah badhe nyengkuyung terbitipun antologi crita cekak menika.

Senaosa boten sedaya cerkak saestu gayut kaliyan tema, ananging para kadang pagarang sampun ngupiya saestu anggenipun nyerat boten badhe damel kuciwa. Ingkang damel manah bombong, para kadang pangarang ngupiya miyak jagad Wanita Yogya kanthi *sudhut pandhang* mawarni-warni. Ibu Wiwien Widyawati Rahayu ingkang kajibah nyerat cathetan panutup antologi saged maos lan ngraosaken babagan roh tema ingkang wonten nglebet cerkak.

Antologi Cerkak **Dayinta** sampun saged panjenengan waos kanthi sekeca. Temtu kemawon edhitor nyuwun pangapunten ingkang tanpa pepindhan bokbilih antologi punika dereng saged damel maremipun manah Jengandika sami. Taksih kathah kekiranganipun. Ananging sedaya wau injih kupiya panitia tuwin edhitor ingkang sasaged-saged nyengkuyung amrih budaya lan basa Jawa saged anjayeng bawana. Senaosa namung udhu-udhu klungsu. Sepisan malih, buku menika sageda dados *suplemen*, jangkepi buku crita anak Yogyakarta. “Ngerti crita bocahe, uga ngerti crita ibune”.



Panitia tuwin edhitor ngaturaken panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng para kadang pangarang saking Sleman, Kulon Progo, Bantul lan Yogyakarta. Jengandika sami sampun kersa nyengkuyung terbitipun buku antologi punika. Nuwun.

Yogyakarta, Oktober 2022

Ratun Untoro lan Budi Sardjono



Daftar Isi

**Kata Pengantar Kepala Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa
Yogyakarta..... iii**

Atur Sapala v

Daftar Isi vii

Mbabar Urip Anyar

Dening Yohanes Siyamta 1

Kidung Pangayem Ati

Dening Vighna R. Hernawan 5

Eseme Yanti

Dening Tri Sumarni 11

Bedhaya Angon Raga

Dening R. Toto Sugiharto 17

Mbokdhe

Dening Ratun Untoro 25

Pratitis

Dening Ngatilah..... 31



Mahar Kembar Telu

Dening Veronika Naning..... 37

Langit Ing Bumi Papua

Dening Maria Widy Aryani..... 45

Kebacut

Dening SP Handayani 51

Srikandhi Tanpa Luh

Dening Eny MS 57

Nyi Kesi

Dening Budi Sardjono 63

Memedi Manuk

Dening Akhiyadi 71

Eluh Ing Pipi Neny

Dening Ngatinah. 77

Tanaya

Dening Alexandra Indriyanti Dewi 83

Wanita Super

Dening Anggra Dini..... 89

Thuyul

Dening Ardi Susanti 95

KAYA SRENGENGE LAN REMBULAN

Dening Ardini Pangastuti Bn..... 101

BOMBONG

Dening Dwi Pratiwi..... 107

SLENDHANG NYIMAS RORO

Dening Erlina Yuliasuti..... 113

Mbah Bingah lan Wayang Kancil

Dening Ida Astuti W. 119

LAMIS MILANGONI

Dening Rika Maulida WS..... 125

BEDA PAMANGGIH

Dening Nursiyah, P.M. 131

Marang Wit-Witan lan Uyah Segara

Dening Sabatina RW 139

Sadawane Dalan Aspal

Dening Yayuk Wahyudi 145

Dodol Ratengan

Dening Yustina Sri Warsiki 151

PEREMPUAN (yang) TERBARUKAN..... 155



Mbabar Urip Anyar

Dening Yohanes Siyamta

Aku gelem dadi bojone Kang Karmin, jalaran dheweke sregep lan ora wegahan. Senadyan ora duwe pakaryan baku, nanging gaweyan apa wae bisa nandangi lan garapane kagolong alus lan becik. Nukang batu trampil, nukang kayu wasis lan ngecet uga bisa. Malah yen pinuju ora kesel awake, wayah wengi saba sawah lan kali, golek iwak lan kodhok. Esuke takiderke turut kampung. Idhep-idhep bisa kanggo nambel butuh. Kejaba kuwi, kanggo nyukupi kabutuhan keluargaku, ora isin aku nandangi pakaryan srabutan, umbah-umbah lan setlika. Kabeh mau daklakkoni kareben kabutuhan ing brayatku bisa kecakan, anakku ora kapiran. Orah perlu isin, angger isih gelem obah mesthi antuk berkah.

Emane, Kang Karmin duwe padatan ala. Seneng nindakke salah sawijining ma-lima, yaiku seneng main kertu. Yen pinuju entuk mungsuh, dhasare pas duwe dhuwit, kadhang kala banjur seneng ngapusi. Golek alesan jarene ana garapan lemburan, dadi baline rada telat utawa kadhang kala malah nganti tengah wengi, meh parak esuk lagi bali. Yen wis ngene iki kerep-kerepe banjur lali anak lan lali bojo. Bola-bali dakelingke meksa ora digagas lan ora digape.

Sawijining wengi, rikala anakku Kardi sing umure meh pitung taun nglintek anggone turu, ora krungu lan ora ngerti anggonku padu.

“Ti, dinggo mbayar SPP-ne Kardi sasi iki, kowe goleka utangan! Sesuk Setu ngarep, rampung anggonku ngecet daleme Ndara Jayeng, dakasaure. Dina iki durung dibayar, je. Disemayani Setu ngarep.”

“Kang, saben-saben kok ngene, ta. Angger wayahe mbayar sekolah, aku kudu nrethek golek utangan. Rong sasi kepungkur aku utang Mah Hwa. Sasi wingi aku

nrethek maneh nembung nggone Den Jayus. Lha saiki, aku njur kudu nembung ngendi maneh, Kang?”

“Pisan iki wae, Ti. Garapan ndadekke omahe Lik Marto pancen wis rampung. Ning Setu iki mau dheweke semaya. Dadi dina iki aku durung bayaran, Ti.”

Aku ngerti, Manawa wengi iki Kang Karmin ngapusi. Mokal nek garapane wis rampung kok durung dibayar. Jejer wong wedok kang tembung aluse wanita, jarwa dhosoke wani ditata, Ana uga sing negesi wani nata, nata bale wisma lan nata apa wae sing ora temata. Pokale Kang Karmin sing dakanggep ora temata lan murang tata. Kudu daktata lan dakelingke. Mula tembung Kang Karmin kang pungkasan mau banjur dakwangsul, “Kang, bok aja ngapusi. Sajane durung bayaran apa entek kanggo keplek.”

Krungu tembungku iki, kaya kebrongot Kang Karmin banjur celathu, “Bok ora ngawur, Ti. Saiki aku wis ora tau main maneh.”

“Tenane, Kang. Kandhamu ora main, ning bali bengi kok ora nggawa dhuwit. Aku isin Kang, nek pendhak-pendhak kudu utang. Aku ki kurang nrima piye, ta? Bayarmu wis cetha, kanggo mbayar sekolah lan sewan omah. Dene, kebutuhan mangan lan jajane Kardi, dakrewangi ider iwak asil nggonmu golek turut kali lan dakrewangi buruh umbah-umbah lan setlika. Isaku ewang-ewang ya mung ngene iki. Aku isih kurang apa ta, Kang? Sing cetha nek kudu golek utangan maneh, aku isin, Kang.”

Krungu tembungku, Kang Karmin ora mendha nanging malah saya ndadra, “Ra sah kakehan suara! Wis ndang goleka utangan. Setu ngarep taklunasane. Mung kari kon nandangi ngono wae, malah ngoceh warna-warna.”

“Njenengan omong nek arep nyaur. Endi buktine? Nggone Mah Hwa, bayarku sing dicowok. Nggone Den Jayus minggu wingi aku kudu semaya. Nek ngene iki, aku rak njur kepaten dalan ta, Kang. Njur kudu nembung nggone sapa maneh? Bok ya eling ta, Kang. Lerena anggonmu seneng main. Neng ngendi wae ora ana wong sing sugih marga main, Kang.”

“Malah kakehan kojah. Isa ora isa, sesuk tetep gokela utangan. Wis, cukup! Aku ngantuk!” Muni ngono banjur mak klepat mapan turu.

Angger kalah anggone main, mesthi ngono kuwi, nesu-nesu lan ngajak padu. Ngadhepi perkara iki, aku mung pasrah marang Allah, kanthi sregep maca sholat lan sembahyang.

Esuk umun-umun pas adzan subuh, Kardi dakgugah, “Le, tangi. Sholat.”

Kardi ngulet sedhela banjur tangi lan nanggapi tembungku, “Nggih, Mak.”

Kanggo nylametake Kardi saka pangaruhe bapakne, Kardi bakal dakjak pindhah saka kutha cilik iki. Kandhaku marang dheweke, “Le, melu Mamak, ya. Ora sah pamit bapakmu.”

“Ajeng teng pundi, Mak?”

“Kowe kepingin sekolah neng Jogja, ta?”

“Inggih, Mak.”

“Nek wis siap, ayo mangkat saiki.”

Kardi nampa pangglembukku, mula manut marang kandhaku. Tanpa pamit marang Kang Karmin, aku lan Kardi ngener tumuju terminal, numpak bus sing esuk dhewe. Wanci tabuh sepuluh, aku lan Kardi wis tekan kutha sing taktuju, Ngayogyakarta. Njujug ing omahe Yu Ginem. Marang Yu Ginem dacritakan sakabehing lelakonku mau.

Ing kutha iki, aku miwiti urip anyar. Kanggo nyewa omah, nyukupi kabutuhan lan mbayar sekolahe Kardi, aku gawe panganan. Saperangan daktitip-titipake lan saperangan dakdol dhewe.

Ora krasa anggonku lunga ninggalake Kang Karmin udakara wis rong taun. Anggonku dodolan saya mlaku lan Kardi anakku saiki wis kelas loro SD. Embuh marga daya apa aku ora ngerti, ing salah sawijining dina Jemuwah ing sasi Syawal, ana pawongan sing teka. Aku lan Kardi ora pangling. Pawongan mau ora liya Kang Karmin.

Banjur pambengokku, “Kang Karmin ...”

Kardi uga banjur mbengok, “Bapak....”

Sawise aku, Kardi lan Kang Karmin sesalaman lan mendha anggone nangis, aku banjur nlesih Kang Karmin, “Larah-larahe piye, Kang? Kok njur bisa nemokake aku lan Kardi ing kene.”

“Ngene, Ti. Sapungkurmu aku pancen ora ngerti neng endi paranmu. Riyaya taun wingi aku kelingan yen kowe duwe sedulur ana kutha iki. Yu Ginem. Aku kirim layang marang Yu Ginem nyoba takon marang dheweke, banjur diwenahi ngerti yen kowe lan Kardi tinemu waras mapan ing kutha iki. Wektu kuwi aku arep nusul mrene, nanging aku gojak-gajak. Rasa isin lan wedi tumplek blek dadi siji. Dhek wingi ing riyaya Idul Fitri, rikala aku krungu swara takbir kang ngumandhang, pikiranku dadi padhang. Aku banjur krasa, yen tumindakku sasuwene iki kleru. Mula, esuk mau aku banjur numpak bis. Aku langsung ngerti papan iki lan njujug mrene, amarga kabar ngenani kahanan lan papan dunungmu wis dakngerteni setaun kepungkur saka Yu Ginem. Wiwit dina bakda iki, kabeh tumindak ala bakal dakilangi, anggonku seneng main bakal dakmareni. Aku kepengin mbabar urip anyar. Aku njaluk ngapura, Ti. Kardi, apuranen bapakmu ya, Le.”

“Padha-padha, Kang. Ning janji leren tenan anggonmu seneng main, lho.”

“Iya, tenan, Ti.”

Aku banjur sujud, munjuk puji syukur marang Allah. Wiwit dina bakda iki Kang Karmin janji ora arep main maneh. Mbabar urip amyar.

Bedog, wiwittaning Oktober 2022

Y. Siyamta aktif di Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta. Karya-karyanya berupa gurit, tembang macapat, cerkak dan esai dimuat di berbagai media cetak dan elektronik. Juga masuk dalam antologi cerkak, gurit, esai, yang diterbitkan Dinas Kebudayaan Provinsi DIY. Sehari-hari menjadi tenaga ahli di perpustakaan Universitas Atma Jaya Yogyakarta.

Kidung Pangayem Ati

Dening Vighna R. Hernawan

Esem lan solahé tansah ngadhémake ati sapa wae sing nonton pagelaran wayang ing wengi kuwi. Pawongan ayu watara umur 26 taun kuwi kala-kala mbenerake sanggul kira-kira wis mapan tenanan apa durung. Kembang goyang neng rambute mentul-mentul nengsemake. Ya kuwi sing jenenge Kirani Asmarita, sing jarene sindhen misuwur saka kutha Ngayogyakarta. Pawongane lencir kuning ayu banget. Idham-idhamaning para priya. Ananging, para priya kuwi mau kudu mundur menawa nduweni niat kepingin dadi sisihane Rani. Ngonoa Rani wis wani mbangun bale wisma wiwit dheweke lulus kuliah limang taun kepungkur lan wis nduweni anak siji. Amung wong sing durung ngerti marang Rani kang bakal ngira Rani isih legan. Senadyan akeh-akeh pancen kaya mangkono.

“Piye? Wis siyap?” pitakone Rendra mau sakdurunge budhal. Dheweke nyetandar montor banjur njupuk helm.

“Uwis kok,” sumaure Rani marang sisihane karo tangan nyangking dhingklik khas sindhen sing wis dibungkus kain bludru rupa jambon. Rani wis macak ayu kaya sindhen-sindhen biasane. Bengi kuwi tema klambine rupa abang, kang mengko mesthi bakal sragam karo sindhen-sindhen liyane. Watara jam setengah wolu bengi wong loro kuwi mau budhal menyang daerah Tridadi, Sleman, sing lagi nganakake merti dhusun. Teka panggon, Rendra banjur mulih supaya bisa njaga anake neng omah sing sakdurunge dititipake simbahe.

Swaraning gendhing uyon-uyon wengi kuwi tansah guyub. Kaya biasane ana akeh sing melu nggerongi. Bengi kuwi Ki Dhalang nyeritakake lakon ‘Semar Mbangun Khayangan’. Lakone kalakon kanthi lancar. Tiba wayah gara-gara, Rani kadhapuk nembang solo. Penonton nyuraki amarga sengsem. Rani sing ayu kuwi

ngepenakake disawang. Pas isih mbawani, ana penonton kang kurang sopan lan nguneni rena-rena. Rada saru yen dirungokake. Ananging Rani tetep mesem. Ethok-ethok ora krungu. Kuwi wis biasa. Kudu tetep professional.

“Mbak Rani, untunge penonton kok ora rena-rena,” kandhane Leni sing lungguh ana sisihe ora sranta nalika Rani wis rampung nembang. Swarane lirih semu mbisik kaya-kaya ora betah arep kandha.

“Menyang apa?” pitakone Rani.

“Bojoku wingi mbak, nesu-nesu. Ya gara-gara penonton sing kurang sopan ngono kuwi, ngarani bokongku sing gedhe. Saru. Bojoku nonton dhewe, Mbak, aku dianggo gojegan wong-wong. Aku mung sumelang sampeyan mau ngono,” ujare.

“Owalah, ora apa-apa, Len,” kandhane Rani. Pacelathon kuwi ora bisa suwe-suwe. Senadyan among sedhela, guneman kuwi mau wis nggawe goreng atine. Kepiye ya Rendra mengko?

Pagelaran wayang kulit kuwi rampung watara jam setengah papat esuk. Rani siap-siap mulih. Nalika mudhun saka panggung, Rendra wis age-age methuk. “Kadingaren Arinda kawit mau rewel wae, Ran. Kae neng omah isih ditunggoni simbah. Kangen kowe kayane.”

“Yawis ayo age-age wae, Mas,” kandhane Rani. Sakwise pamitan karo kanca-kanca lan sekabehane, Rani banjur nututi Rendra. Ing sadawane dalan pikirane Rani tansah nglangut. Kepikiran critane Leni uga anake. Kabeh kaya-kaya mbulet ana pikirane. Kedadeyan iki pancen wis biasa, lumrah. Ananging ora ngerti menyang apa kok nggawe goreng atine.

Tekan ngomah, Rani age-age nguculi sanggul lan ganti klambi. Dandanane diresiki nganggo pembersih banjur raup kanthi ora lali sabunan. Nganti yakin sekabehane wis resik, dheweke banjur mara ing kamar. Ing kana, Arinda, anake wadon sing isih umur watara patang taun kriyip-kriyip ngempet ngantuk. Mangerteni yen ibune wis mulih saka olehe nyambut gawe.

“Hole, Ibuk mulih,” ujare mesem cilik, banjur angop. Unine rada durung teteh.

Iki sing kadhang nggawe atine Rani trenyuh. Sapa yen dudu anake dhewe sing nggenteni dheweke mulih. Bisa uga turune ora jenak, amarga ora ana ibune

ing sandhinge, ngeloni. Bocah sing wiwit lair cenger kaya-kaya wis kudu maklumi kahanane wong tuwane. Golek pangupa jiwa lumantar kesenian sing ora mesthi tekane lan ora kena dijagakake.

“Ayo Arinda gek bobok maneh,” ujure Rani alus. Tangane ngelus-ngelus rambute anake banjur mapan nyandhing ana ing sisihe.

“Ibuk nyanyi pulun?” Arinda ngomong karo merem. Lega Ibune wis ana ing cedhake.

“Purun. Ibuk nyanyi, Arinda bobok nggih?”

“Nggih,” saure Arinda mapan turu.

Rani ngunjal ambegan. Rasane seneng uga prihatin ndeleng anake sing kaya-kaya wis mangerteni kabeh kahanane. Rani mapakake guling lan bantal. Wis rumangsa pas lan kepenak, tangane alon-alon ngepuk-puk pundhak uga bokonge Arinda, supaya ndang turu. Dheweke banjur nembang.

*Arinda putriku sing ayu
Nengsemake esem lan guyumu
Saya gedhe sregepa sinau
Bungah atine bapak lan ibu
Arinda putriku sing ayu
Bocah ayu kudu tansah nggugu
Aja lali ndonga arep turu
Supaya bisa tentrem atimu*

Lagu kuwi bola-bali ditembangake. Rani pancen sengaja ngarang lagu kuwi kanggo Arinda. Dadi lulusan PGSD lan nduweni jiwa seni sing kenthel, Rani rumangsa nduwe cara dhewe kanggone dheweke bisa ndhidhik anake. Lumantar lagu sing sederhana kayata kuwi mau Rani nduweni pangarep-arep supaya anake bisa ngerti nganti nilai-nilai sing becik kuwi ketandur ing alam bawah sadar.

“Arinda wis turu?” Rendra dumadakan mlebu kamar kanthi alon-alon.

“Uwis, syukur kepenak kaya biasane, Mas,” ujure Rani.

Rendra mapan ana ing pinggir. Posisine Arinda dadi ing tengah dikempit wong tuwane. “Kawit mau rewel wae pengen pethuk Ibune.”

“Aku kudu mandheg nyindhen piye kira-kira, Mas?” pitakone Rani ora sranta.

“Lho, menyangapa ngono kuwi?”

“Aku mesakake Arinda, tak tinggal terus,” jawabe Rani alum. “Saiki lagi usum ana pagelaran wayang maneh. Sesuk Senen lan Rebo wis ana *list job* maneh. Ya bener kena dianggo tambah-tambah. Nanging aku mesakake Arinda, Mas.”

“Ran, bener pancen kena dianggo tambah-tambah. Ananging luwih saka kuwi, nyindhen kuwi hobimu, samubarang sing wis kok lakoni wiwit sakdurunge kowe kenal aku. Aku pancen mung pegawai kontrak. Aku yakin bakal bisa ngopeni kowe lan Arinda. Nanging, babagan nyindhen, yakin arep kok tinggal ngono wae?”

“Kanggo anak ora ana sing ora yakin, Mas,” jawabe.

“Lho, samubarang sing kesusu kuwi ora becik,” ujure Rendra kalem. “Karodene ora sepisan iki Arinda rewel. Iki masalah lumrah, wiwit biyen-biyen rak wis kedadeyan ta?”

Rani meneng. Kandhane Rendra ora salah. Ora mung sepisan iki Arinda rewel. “Aku mung nelangsa, Mas.”

“Ran, ngertiya. Kowe kuwi hebat. Bengi nganti jam papat lagi bubar nyindhen. Esuk wis masak lan resesik omah. Ngeterake nganti methuk Arinda sekolah. Samubarang kahanan omah kowe kabeh sing nandangi. Sing tak mangerteni, kowe nglakoni kuwi kabeh kanthi bungah ati. Apa ora getun yen nyindhen sing dadi hobimu, sing dadi hiburanmu kuwi kok ilangi? Rutinitasmu kudu owah?”

Rani durung bisa njawab. Sakwise meneng suwe, Rani kandha, “Aku uga kepikiran, Mas. Pandelenge wong-wong sing ora paham seni, apa maneh sindhen, bisa mikir yen dadi sindhen kuwi murahan lan kurang diajeni. Bisa merga busana lan samubarange. Aku durung nate takon sampeyan langsung. Mumpung saiki aku kepikiran, aku kepingin ngerti kepiye tanggepanmu. Sindhen kuwi rak biasane dianggo gojegan dhalang lan penonton, kadhang ya nyrempet babagan sing rada saru.”

“Aku ora apa-apa. Mbangun bale wisma karo kowe nduweni teges yen aku sedy nampa resikone. Pancen aku wis ngerti babagan kuwi mau. Menyangapa mbahas iki saiki, Ran? Aja-aja ana kedadeyan sing ngganggu pikiranmu. Mulih-mulih kok kowe dadi aneh ora kaya biasane.” Praupane Rendra dumadakan serius.

“Kae mau aku krungu gunemane Leni yen dheweke didukani bojone amarga ana sing ngguyoni bokonge sing gedhe kuwi banjur dianggo gojegan. Bojone ngerti amarga nonton dhewe,” ujure Rani. Tangane tetep ngelus-lus rambute Arinda sing wis turu nglepus. “Aku kepikiran sampeyan kepiye. Aku ya tau dingonokake dening penonton. Ananging bedane sampeyan kan ora tau nonton langsung amarga kudu njaga Arinda neng omah.”


“Kowe kok malah lali yen sakdurunge ana Arinda, pas aku lan kowe isih pacaran rakya wis ngerti ta aku? Wis katam aku babagan mangkono, Ran. Lha buktine aku njaluk menyang kowe supaya bisa dadi sisihanku, nganti ana Arinda. Kok malih kudu ngguyu aku,” ujure Rendra semu mesem. “Apa sing kok kuwatirake? Kuwi rak mung mbulet ana pikiranmu dhewe.”

Rani semu ngguyu. “Iya ya, Mas? Bener apa kandhamu. Nanging siji maneh, Mas. Aku uga kepikiran, mbesuk yen Arinda gedhe, isin apa ora ya nduweni Ibu pesindhen?”

“Meneha isin, Ran. Dheweke kawit cilik rakya seneng yen ngerti kowe nembang. Malah nyuwun dinyanyekake. Kala-kala uga melu nyanyi. Aku yakin Arinda bakal nampa kahanan.” Rendra ngelus-lus rambute Rani kebak tresna. Rumangsa bombong nduweni bojo kaya Rani. “Yogya iki kuthane seniman. Neng njaba kana aku yakin wong wadon sing wis dadi Ibu, yen dheweke seniman, bakal nduwe pikiran sing padha kaya kowe, Ran. Bisa dimangerteni. Karodene seni ing Yogya iki diuri-uri, malah akeh sing didayani karo Danais. Seniman kuwi lumrah. Kowe sing bisa nguri-uri kabudayan kudune malah bombong.”

Rani manthuk-manthuk. Kudu mbrebes rasane nduweni bojo kaya Rendra sing kebak pangertene pol-pol. Rani pancen nduweni ijazah S-1 PGSD. Ora kok ora tau Rani nyoba melu CPNS supaya bisa dadi guru. Ananging pancen CPNS kuwi isih durung bisa dadi rejekine. Apa maneh nyambi dadi sindhen. Rani akhiré alon-alon bisa nampa yen dheweke nduweni rejeki sing lumayan saka nyindhen. Babagan CPNS Rani wis ora nggetuni. Karodene ilmune isih bisa ditrapake marang Arinda. Dadi guru dianggo anake dhewe temtu ora ana rugine.

Rumangsa lega, Rani ngelus-lus Arinda maneh. Rendra uga wiwit ngeremake mripat, mapan turu. Dibalen maneh tembang sing mau wis dinyanyekake. Saya suwi saya ngantuk. Ananging jam 5 mengko Rani kudu wiwit masak, dadi ngantuke



diampet. Dheweke terus nyanyi lagu kae mau nganti Rendra nyusul Arinda sing turu nglepus. Rani mesem. Lagu kuwi mau kaya-kaya dadi kidung pangayem ati kaluwarga cilik kuwi.

Gandok Baru, 8 Oktober 2022

Vighna Rivattyannur Hernawan, biasa disapa Vighna, merupakan mahasiswa Sastra Jawa UGM semester 5. Kegemarannya menulis membuatnya senang dan menikmati prosesnya. Lebih dekat dengan Vighna melalui Instagram @vighnarh.



Eseme Yanti

Dening Tri Sumarni

Wengi iki hawane sumuk banget. Bu Wisnu lungguh kursi ing plataran omah. Angin wengi ngelus-elus rambute sing ireng ketel digelung. Rembulan mesem saka kadohan. Langit tanpa mendhung, lintang-lintang abyor. Ponsel muni. WA-ne banjur diwaca. Bu Wisnu njenggirat mangerteni sapa kang ngirim. Kringet nelesi dastere. Awake ndhredeg wel-welan. Lintang sing lagi teka kaget meruhi kahanane ibune.

“Ibu kena apa kok kewedhen kaya bar ketemu memedi?” pitakone Lintang sajak bingung.

“Loh kowe mrene to Ndhuk?” Bu Wisnu malah ganti takon.

“Aku kijenan ning omah. Mas Yoga dhines neng Jakarta. Wengi iki aku nginep kene,” wangsulane Lintang.

Praupane Bu Wisnu dadi sumringah. Bu Wisnu sing yoswane udakara seket lima taun iku wis randha. Garwane rong taun kapungkur tilar donya. Biyen nalika isih sugeng Pak Wisnu dhines ana Denpal ing Ngayogyakarta. Pak Wisnu nuli tuku omah ing lore Gedung Pusat UGM, nalika semana rega lemah isih murah. Bu Wisnu uga oleh warisan saka wong tuwane arupa dhuwit, dhuwit iku mau kanggo ngedekne omah iki. Yen cerak kampus mesti akeh wong kang mbutuhake kamar, hasile kena kanggo nambah dhuwit mblanja lan tabungan. Bu Wisnu mung duwe anak siji. Anake wedok wes melu bojone. Mantune tuku perumahan ing Jalan Kaliurang.

“Lho, dastere Ibu kok teles?” pitakone Lintang

Bu Wisnu ngunjal ambegan, dheweke nata atine. Pitakone Lintang ora enggal diwangsuli. Kedadeyan telung sasi kepungkur kaya sinetron kang diputer maneh, cetha wela-wela ing mripate.



Awan iku Salma nemoni dheweke. Salma iku bocah kos sing lagi telung sasi ngekos ing omahe. Nanging awan iki Salma ora kaya biasane. Prawan umur 20 taun iku katon nglomprot, rambute awut-awutan kaya wes setaun ora kramas lan ora sisiran. Awake mambu kringet kaya wus suwe ora kambon banyu.

“Ana apa Mbak Salma?”

“Bu, aku ki ning njero kamar dhewean nanging rumangsaku kanca-kancaku kok dolan ning kamarku.”

“Awake Mbak Salma panas ora?”

“Ora Bu. Aku krungu swara-swara nanging ora ana pawongane.”

Krungu wangsulane Salma, atine Bu Wisnu ciut, awake ngoplok mangerteni ana lelembut melu ngekos. Bu Wisnu meper rasa wedine. Sesuk dheweke kudu golek ustad utawa kyai kanggo ngusir lelembut, ben ora bisa ngganggu maneh.

“Yowis ayo Mbak tak kancani priksa nrng rumah sakit. Sapa ngerti Mbak Salma ketularan Covid-19, amarga seminggu kepungkur ana mbak kos sing kena Covid-19, saiki wus diisolasi.”

Bu Wisnu ora wani blaka marang Salma yen dheweke ngira bocah kuwi diganggu lelembut. Bu Wisnu gage adus lan salin klambi nuli mapak Salma ning kamare. Kamar sepi, Salma diceluk ora semaur. Pikire paling lelembute wus semingkir. Bu Wisnu bali ning kamare nuli salin daster, banjur leyehe-leyeh karo nonton TV. Dheweke malah keturon, nalika tangi ana kang celuk-celuk jenenge. Wektu iku wes jam 20.00 bengi. Jebul Salma sing nggoleki.

“Piye Mbak, apa sing mbok rasakake?”

“Saiki Ibu wus dadi loro.”

Bu Wisnu mrindhing mangerteni lelembut iku wus manjing ana ing ragane Salma. Dheweke meper rasa wedine.

Bu Wisnu ngundang *gocar*, bareng mobile wes tekan ngarep omah, dheweke enggal-enggal ngajak Salma budhal menyang rumah sakit. Wengi iku dalan rada sepi mobil mlayu banter, ora let suwe wus tekan ngarep IGD rumah sakit. Bu Wisnu metu saka mobil nuli bukakake lawang kanggo Salma. Nanging Salma ora gelem mudhun. Bu Wisnu njaluk tulung satpam. Satpam namjur njupuk kursi rodha. Bu Wisnu meksa Salma metu saka mobil lan lungguh kursi rodha.

“Ibu ora perlu melu mlebu kamar priksa,” panjaluke Salma.

“Ibu dhaftar rumiyin nggih ten pendhaftaran,” kandhane Satpam.

Satpam ngeterake Salma mlebu IGD. Bu Wisnu njupuk formulir pendhaftaran lan nyilih pulpen nuli nututi Salma sing wus oleh ruangan priksa. Dheweke akon Salma ngisi formulir kuwi. Formulir sing wus diisi dibalekake neng bagian pendhaftaran. Bu Wisnu banjur ngancani Salma. Wektu iku IGD akeh pasien dadi kudu sabar nunggu giliran dipriksa dhokter. Bu Wisnu kaget nalika weruh Salma nggawa kater. Bu Wisnu kebak pitakonan, kanggo apa sangu kater? Dheweke luweh kaget maneh nalika meruhi bekas-bekas tatu ing tangane Salma. Jebul Salma natoni tangane dhewe nganggo kater iku. Atine Bu Wisnu dadi cilik mung sak gedhe awu. Salma pingin ngendhat.

“Mbak Salma, katere kanggo apa?” pitakone Bu Wisnu.

“Aku mau lali ora nganggo masker, iki diparingi masker karo perawate, katere kanggo ngiris tali maskere sing gedawan,” wangsulane Salma.

“Yowis katere disimpen ing njero tas wae,” celathune Bu Wisnu.

Dhokter mlebu ruang priksa. Bu Wisnu diaturi nunggu ing ruang tunggu. Sarampunge mriksa Salma, dhoktere nemoni Bu Wisnu.

“Bu, pasien iki kudu mondhok, dheweke nyoba ngendhat. Nanging ing rumah sakit iki ora ana doktere, Ibu daksuwun pindhah rumah sakit. Saiki Ibu ora perlu mbayar biaya rumah sakit.”

Bu Wisnu nata atine sing goreng nuli nemoni Salma.

“Mbak Salma ayo pindhah rumah sakit, ning kene ora ana doktere.”

Salma klebokake katere neng tase, nanging kater kui ucul saka tangane banjur tiba, Bu Wisnu gage njupuk kater kuwi nuli disimpen ana ing tase. Salma bingung nggoleki katere. Nanging Bu Wisnu ngangkat Salma saka *bed* pasien nuli dipapah metu saka rumah sakit.

Wong sakloron numpak *gocar* ninggalake rumah sakit. Ing njero mobil Bu Wisnu tansah ndedonga. Dheweke wedi yen Salma nekat ngrebut katere. Dheweke ora sanggup menawa kudu rebutan kater karo Salma. Biasane Bu Wisnu paling wegah nonton film sing lakone gelut karo penjahat nganggo gegaman neng njero mobil. Apa maneh yen Bu Wisnu diakon nglakoni dhewe ing kasuyatan uripe. Bu Wisnu githoke mengkorok.

Tekan rumah sakit sing cerak omah, Bu Wisnu masrahake Salma marang dhokter sing jaga IGD. Dheweke banjur tumuju bagian pendhaftaran. Sawise rampung ndhaftarke Salma, ana dhokter kang nakoni Bu Wisnu babagan lelarane pasien. Bu Wisnu crita kabeh sing dingerteni.

“Pasien iki kudu mondhok, Ibu kudu ngancani nanging kudu swab dhisik ya,” kandhane dhoktere.

Salma lan Bu Wisnu diswab. Sinambi nunggu hasil swab Bu Wisnu ngancani Salma.

“Mbak, aku isa njaluk nomerponsele wong tuwamu?”

“Bapakku wus tilar donya. Aku wus suwe ora hubungan karo ibuku dadi aku ora duwe nomerponsele. Aku yen duwe masalah durung marem yen ora milara awakku dhewe. Iki nadiku nate dalcubles nganggo peso bedhah. Iki tanganku taksileti dhewe.”

Krungu critane Salma, Bu Wisnu nemoni perawat saperlu masrahake kater sing disingetake ning tase. Bu Wisnu wedi yen kater iku kecekel Salma nalika dheweke keturon. Sawise hasil swab metu, Salma lan Bu Wisnu diterake *ambulance* tekan Paviliun. Tekan kamar, Salma ngombe obat banjur turu, ora krasa Bu Wisnu uga keturon.

Wayah esuk Salma lan Bu Wisnu tangi. Bu Wisnu pamit mulih saperlu njupuk klambi lan keperluanane Salma sing isih neng kamare. Salma njaluk digawakakeponsel lan laptop. Tekan omah Bu Wisnu langsung njujuk kamare Salma. Dheweke mung nemu laptop, nangingponsele Salma ora ketemu. Bu Wisnu eling ana tas neng dapur. Tas nuli dijupuk. Jebulponsele Salma ana ing tas bareng karo file-file saka rumah sakit. File-file iku mratelakake yen Salma pasien *skizofrenia*.

Salma asring ngupaya ben bisa ngendhat nanging ora nate kasil. Miturut file-file saka rumah sakit, dheweke nate ngendhat ing kamar kos ini, nanging taline pedot. Bu Wisnu gewel bubar maca file-file iku. Awak krasa lemes, balungane kaya dilolosi. Dheweke ora isa mbayangke menawa Salma kasil ngendhat ana ing kamar iki. Usaha kose isa remuk.

Bu Wisnu mbukakponsele Salma saperlu nggoleki nomer WA keluargane Salma. Bu Wisnu nemu nomerponsele wong tuwane. Bapa biyunge Salma isih

sugeng, Bu Wisnu ngabari yen anake mondhoek ning rumah sakit. Bapa biyungi Salma kudu tindak Ngayogyakarta.

Bu Wisnu natani klambi sing arep digawa neng rumah sakit. Klambine Salma siji-sijio ora ana sing resik. Ketoke dheweke wes sauntara wektu ora nate umbah-umbah. Ya piye maneh, Bu Wisnu kepeksa nglebokake klambi-klambi reget iku neng njero tas.

Bu Wisnu mung bisa ngelus dhadha, atine keranta-ranta. Dheweke kelingan sisihane sing wes tilar donya. Mbiyen Pak Wisnu kabeh sing ngurusi omah lan kos-kosan. Bu Wisnu mung tanpa dhuwite. Saiki Bu Wisnu ijen ngurusi omah lan kos-kosan.

Bu Wisnu mangkat neng rumah sakit. Tekan rumah sakit tas dipasrahake Salma. Dhokter nemoni Bu Wisnu.

“Bu njenengan salah. Pasien iki ora gelem ketemu karo wong tuwane. Ora kepengin wong tuwane ngerteni yen dheweke lara. Njenengan malah ngandani wong tuwane, pasien biasane mung rembugan karo adhine. Wong tuwane pasien ora entuk nemoni pasien. Masalahe saiki Salma wus ngerti yen Ibu ngandhani keluargane. Yen Ibune pasien teka ben istirahat wae ning daleme Ibu.”

“Bu Dhokter, aku ora bisa yen kudu ngancani Salma opname neng rumah sakit lan ngurusi dheweke. Salma ben diurusi keluargane. Ora papa yen Ibune Salma sasuwene neng Ngayogyakarta manggon neng kamare anake.”

Bu Wisnu mulih sawise nemoni dhoktere Salma. Awake kesel lan sirahe mumet amerga bingung lan kurang turu. Bengine Ibune Salma nemoni dheweke.

“Bu, sejatine ana apa neng kos iki, nganti Salma lara, Salma ora mbayar kos?” pitakone Ibune Salma sajak nesu.

“Salma kuwi wus suwe dadi pasien *skizofrenia* Bu. Aku ngerti marga maca file-file rumah sakite. Salma dadi kaya ngono jalaran kuciwa wong tuwane pisah lan neng-nengan suwe. Salma dak pasrahake njenengan. Ibu dakwenahi nomer ponsele wong-wong sing duwe kos ing Ngayogyakarta. Iki wes akhir wulan, wulan ngarep Salma wes ora bisa ngekos ning kene maneh.”

Ibune Salma golek kos liyane. Sawise entuk kos anyar, barang-barange Salma diangkut nganggo *pick up* lan dheweke masrahake kunci kamare Salma. Atine Bu

Wisnu lega ora perlu urusan maneh karo Salma. Nanging Salma asring kirim WA marang dheweke uga tuku barang-barang online nganggo alamat omahe.

“Ibu ki piye, ditakoni ora semaur nanging malah ngalamun,” celathune Lintang.

Bu Wisnu banjur crita kedadeyan sing dialami. Lintang nganti thenger-thenger sawise krungu critane ibune.

“Ibu ki kudu *selektif* nampa bocah sing arep kos,” piwelingne Lintang.

“Salma ngaku yen kuliyah ning Psikologi, walah jebule ora kuliyah. Ibu wus kapusan. Saiki lagi angel golek cah kos, amarga Covid-19 arang wong golek kos, dadi Ibu seneng ana sing gelem ngekos. Nanging yen kaya ngene iki, aluwung kamare kosong.”

Lintang ngajak Ibune mlebu omah. Bu Wisnu lan Lintang wus mapan turu. Ora let suwe Lintang wus pules anggone turu. Bu Wisnu isih klisian ora bisa turu. Dheweke krungu swara wong uluk salam karo ndhodhok lawang. Bu Wisnu enggal-enggal tangi lan mbukakake lawang, sapa ngerti ana bocah kos sing bali kewengen lan kekancingan lawang. Nalika lawang kebukak, Bu Wisnu kaget meruhi Salma ngadek ana ngarepe. Salma aruh-aruh karo mesem. Esem iku kaya Esem Yanti, tangane Bu Wisnu sing nandang *skizofrenia* yen pas lagi kumat. Jantunge Bu Wisnu mandhek, sirahe kliyengan. Awake Bu Wisnu ambruk ing jogan.

Sleman, 1 Oktober 2022

Tri Sumarni, lahir ing Magelang 2 Desember. Lulusan Ekonomi Menejemen Universitas Pembangunan Nasional Veteran Yogyakarta. Buku karyane Super Anggita (2017), Super Mom with Happy Soul (2018), Wanodya Kumpulan Geguritan (2019).



Bedhaya Angon Raga

Dening R. Toto Sugiharto

Padhukuhan Tanggul Angin geger. Jalarane, ana wong ngaku utusane Karaton kang nakokake Mbok Yati. Kamangka sing jenenge Mbok Yati kuwi wonge jan ora mbejaji. Rambute grembyak-grembyak, awut-awutan ora karuwan. Awake mambu jalaran ora nate adus, ora kambon sabun lan lenga wangi. Ababe apa maneh. Marai semaput laler utawa lemut sing kumawani mabur ing sangarepe nalika dheweke mangap, ngetokake ababe.


“Mbok Yati menika asmanipun jangkep inggih Sri Widayati. Menawi wonten kitha mila piyambakipun katelah Jeng Wiwid,” mangkono pratelane utusane Karaton.

“Oh, ngaten nggih? Ngapunten menawi kula mboten ngeh. Amargi wonten dhusun mriki katelahipun Mbok Yati,” wangsulane Jarwo, kang nembe rong sasi madheg Dhukuh ing Tanggul Angin.

“Inggih mboten dados menapa. Inggang baken, kula sampun kasil pinanggih. Harak makaten nggih, Jeng Wiwid?”

Mbok Yati uga kang katelah Jeng Wiwid mesem manis.

Pancen ora kudu sore kuwi uga Jeng Wiwid sowan Karaton. Jalarane, dheweke kudu dandan dhisik. Rambute uga kudu ditata, disanggul. Sandhangane uga ora waton kaya sandhangane wong ndesa. Durung maneh sandhale. Mosok ta, nganggo sandhal jepit? Kudune harak sepatu jinjit. Mula utusane Karaton ngandharake menawa Jeng Wiwid bakale dipapag dening juru paes kang bakale maesi lan nyandhang Jeng Wiwid nganti jangkep. Tegese, Jeng Wiwid ora susah bingung tuku kebaya, jarik, setagen, sanggul, lan ubarampe paes kayata wedhak, benges, celak mata, lan liyane.



“Piye ta, Pakne, larah-larahe Mbok Yati kuwi? Mesthi ditekani *debt collector*, tukang tagih utang, ta?” celathune Iren, sisihane Jarwo.

“Sik ta, Bune. Aku dhewe durung mudheng apa prekarane. Ning, sing genah, tamune mau dudu juru tagih. Kae kuwi priyayi saka kutha. Utusane kraton. Lha dene Mbok Yati kuwi saktene duwe jeneng Sri Widayati. Celukane Jeng Wiwid,” andharane Jarwo.

“Oh, ngono ta, Pakne? Lha njur kok nganti saka kraton kedlarang-dlarang nggoleki Mbok Yati?”

“Lha ya kuwi aku sing durung mudheng. Ya wis sesuk wae dipruput mrana.”

“Ah, nek aku ya tetep wegah. Ora sudi mara tamu neng omahe. Lha wong dheweke wae disebratke saka sedulur-sedulure ta. Dadi lan tekane gendheng.”

Pancen kaya mangkono dongenge babagan Mbok Yati, kang pranyata nyandhang jeneng Sri Widayati. Dene jeneng Yati wangune dijupuk saka Widayati. Nanging, sapa saktene kang marabi utawa ngowahi jenenge saka Wiwid dadi Yati? Saka rumangsane Iren, ora liya sedulure Wiwid dhewe. Kala semana wanita sing diarani Mbok Yati dipapanake ing omah kang dibangun taun 1976 kuwi ing sakperenge gunung.

Jarene Yoyok, kangmase Mbok Yati, adhine kuwi nembe wae mari saka mondhoek sauntara wektu ing sawijine panti rehabilitasi jiwa. Jalarane, Yati lara jiwa sawise ditinggal bapake kang wus tilar donya. Dene ibune wus luwih dhisik surud kasedan jati. Mula kanggo mulihake jiwane, saka krentege para sedulure, Yati banjur mapan ing omah tinggalane wong tuwane. Senajan mangkono, pratelane Yoyok sepuluh taun kepungkur, ora tegese Yati oleh warisan omahe wong tuwane. Yati kuwi amung manggon wae amrih omahe dadi kerumat, kopen.

Dene mulabukane omah kuwi dibangun ing pereng gunung, janjane kanggo vila keluarga. Saben dina Setu sore tekan Minggu sore, wong tuwane Wiwid, yaiku juragan sirtu Junanto, padha mara vila sak anak bojone. Dene manggone Junanto sak anak-bojone ing kutha. Nanging, suwene suwe Junanto wus ora kober ngopeni vilane. Anak lan bojone uga padha duwe urusan dhewe-dhewe. Vila dadi ora kopen. Gendhenge pada gogrok mbaka siji. Usuk lan renge padha remuk dipangan rayap. Temboke uga padha benthet, lumuten, lan jamuren. Sukete mrajak rata ngubengi

vila malah kepara uga mlebu njeron pawon lan saperangan uga mbrojol ing selane pecahan jobin. Wus ta tembungce cekak : ora kalap.

Mulane Yoyok karo Dewanti, adhine ragil, nyimpen pamrih marang omah kuwi. Mula wong loro padha urunan nragadi omah kuwi didandani. Nanging ora kabeh perangan diganti. Teneh tombok okeh, kaya mbangun omah anyar wae. Pamrihe, ing mbesuke wong loro bisa nyusuki omah kuwi. Lha ndilalah Wiwid keceplosan crita marang wong tuwane babagan pokale Yoyok lan Dewanti. Pranyata, wong loro kuwi ora matur wong tuwane dhisik. Mula wong tuwane duka. Ora dadi karepe. Nganti dadi gerahe. Sabanjure, Yoyok karo Dewanti genten njothak Wiwid. Mangkono kedadeyane nganti tekane Wiwid depresi sawise wong tuwane tilar donya.

Jagone Jarwo kluruk bola-bali. Ana nek ping pitu. Jarwo age-age njranthal. Jan-jane dheweke wus tangi kawit subuh. Nanging, bar subuhan ing masjid kulon omahe, juragan pasir lan watu kuwi banjur keturon maneh.

Wah! Cilaka aku! Iren kok ya ora nggugah ta ya? Mangkono swara batine Jarwo. Mula Jarwo mbradhat ngono wae, ora nganggo adus lan salin klambi luwih dhisik.

Tenan! Sawise tekan omahe Mbok Yati, wus ana tamu pirang-pirang cacahe. Ing plataran ana mobil loro diparkir. Sajake para tamu kuwi padha numpak mobile cacahe loro kuwi.

“Sugeng enjing, Pak Dhukuh. Nuwun sewu menika wau mboten mawi kula nuwun rumiyin,” pratelane utusane Karaton kanthi alus.

“Ah, mboten dados menapa. Sumangga mawon dipun sekecakaken,” sumaure Jarwo.

“Menika dongengipun, kula lan kanca-kanca menika badhe ngampil Jeng Wiwid rumiyin, Pak Dhukuh.”

“Ah, panjenengan dalem menika kok ngaten lho. Kok kados kalihan barang mawon, ngampil.”

“Ha ha ha... lha ingkang kagungan Jeng Wiwid menika harak Pak Dhukuh kaliyan warga Tanggul Angin mriki ta?”

“Halah. Mbok ampun guyon ta, Mas Kanjenge.”

“Wadhuh! Ampun ngaturi kula kanthi gelar Kanjenge. Keliwat inggil niku. Kula saged kuwalat.”

Tamu-tamu padha ngguyu.

Sajake juru paes wus rampung panggaweyane ndandani Jeng Wiwid. Tenan! Jeng Wiwid katon manglingi. Kaya widadari tenan. Mripate loro-lorone blalak-blalak. Lambene abang-abang teles. Pipine katon dekike, ora kempot, lan luwih putih resik rata dening pupur. Rambute alus temata lan katon luwih mencorong dening lenga wangi lan sampo. Kebayake warna ijo pupus lan jरिक bathik parang kencana.

Jarwo ndomblong.

“Pripun, Pak Dhukuh?”

“*Subhanallah...!* Menika ingkang dipunsebat *sempurna*.”

“Ngaten nggih. Dadose, menawi dibiji, Jeng Wiwid menika angsal satus nggih?”

“Mila ngaten.”

“Ha ha ha... Lha sinten ta juru paesipun ta, Pak Dhukuh.”

Juru paese kang uga ayu moblong-moblong banjur menjeb.

“Ha ha ha...,” utusane Karaton mbanterake gumuyune.

Juru paes njawil lengene utusane Karaton lan menehi pratandha menawa Jeng Wiwid wus rampungan anggone dandan.

“Nah, samenika sampun wancinipun kula matur blaka suta dumateng Pak Dhukuh Tunggul Angin. Bilih kula sak rombongan menika minangka utusanipun Karaton. Wondene jejibahanipun, kula sakanca kedah mapag Jeng Wiwid. Jalaranipun, Jeng Wiwid menika sampun kathah anggenipun ngabekti dumateng Karaton kanthi ngripta tari. Jeng Wiwid menika penari ugi dhosen. Dadosipun, menika sebatanipun *koreografer* utawi penata tari. Wondene salah satunggalipun tari ingkang dipunwastani bedhaya. Menika ingkang damel aruming asmanipun Karaton sasampunipun bedhaya menika sasab wonten ing International Dance Festival.”

“Oh, ngaten njih, Mas Kanjenge,” ujure Jarwo lirih.

“Inggih, Pak Dhukuh,” sumaure utusane Karaton.

“Menawi ngaten, nuwun sewu. Kula badhe matur. Minangka pribadi, nami kula Jarwo, saha minangka wakil saking sedaya warga Tanggul Angin, saestu kula nyuwun agunging pangaksami dumateng Jeng Wiwid. Dene saderengipun kula, semah, anak-anak kula saha sedaya warga mriki ndakwa Jeng Wiwid, ingkang sak pangertosan kula, naminipun Mbok Yati, nandhang gerah manahipun. Amargi kula ugi pikantuk criyos kawontenanipun Jeng Wiwid saha asma Mbok Yati menika wau saking Pak Yoyok saha Bu Dewanti, ingkang klebet batihipun Jeng Wiwid. Menika sampun dangu. Sedasa taun kepengker. Sepindhah malih, kula nyuwun agunging pangaksami. Mugi-mugi Jeng Wiwid taksih kersa maringi pangapunten,” mangkono andharane Jarwo.

Jeng Wiwid mesem manis, “Inggih mboten dados menapa, Pak Dhukuh. Kangmas kula saha adhik ragil kula ugi mboten lepat. Mila kula panci nate mondhok wonten sanatorium,” mangkono pratelane Jeng Wiwid kang saktenane ya amung goroh kanggo nutupi pokale kangmase Yoyok lan adhine ragil, Dewanti.

Jarwo sanalika nyaut tangane Jeng Wiwid kang sabanjure disalami lan ditemplekake marang bathuke. Dheweke ngrumangsani menawa saka umure lan labuh labete, dheweke cetha ora ana sakuku irenge Jeng Wiwid. Jalarane, dheweke durung dadi winih lan jabang bayi wae, Jeng Wiwid wus ngambah tlatah Tanggul Angin.

“Oalah, Jeng Wiwid. Matur nuwun sanget awit paringipun pangaksami dumateng kula,” andharane Jarwo.

Sajerone wektu telung ndina Jeng Wiwid disubya-subya, dimulyakake kanthi dipapanake ana ing hotel. Para akadhemi saka pawiyatan luhur padha ngandharake babagan bedhaya kang karipta dening Sri Widayati. Dene irah-irahane Bedhaya Angon Raga. Isine andharan padha ngalem marang Jeng Wiwid.

Saliyane seminar uga ana suguhan tari Bedhaya Angon Raga dening wanita cacahé sanga kang isih prawan. Jeng Wiwid dhewe nganti kepontal-pontal nggladeni para juru warta. Tari garapan jeng Wiwid pancen wus sawetara wektu karipta dening dheweke. Werdine, saben titah nduweni jiwa kang tansah sabar anggane angon ragane. Mula aja nganti nguja hawa nepsu mundhak gawe tuna lan rusak ragane.

Nanging uga aja amung kanggo nganggur amrih ora tuna ing tembe mburine. Mula kudu ngati-ati anggone angon raga.

Emane, udakara sepuluh taun kepungkur, sawise kasil presentasi tari garapane kuwi, ndilalah Jeng Wiwid ngilang saka donyane seni tari. Kamangka jan-jane Jeng Wiwid bisa nyandhang gelar Doktor menawa dheweke bisa mbacutake dadi disertasi. Nanging, ya kuwi mau. Saka sedulure dhewe malah padha serik menawa ana kang kasil ngripta bedhaya. Mula saka para penari kang saperangan mahasiswi seni uga saperangan maneh seniman tari duwe krenteg padha ngusung Bedhaya Angon Raga menyang International Dance Festival ing Perancis nganti tekan lan dadi sasab.

Sawetara kuwi, ing kamar tengah ngomahe Dewanti, katon Dewanti karo sisihane, Prasangka, lan anake ontang-anting jenenge Ivo nembe padha mangan bareng sinambi nonton *teve*. Ndilalah pasuryane Jeng Wiwid katon cetha di-*close up*, nalika nembe ngandharake babagan tari bedhaya.

Dewanti kang nembe glegak-glegak ngombe wedang putih, sanalika keselak. Watuk-watuk.

“Ngapa ta, *Ma*? Mbok sing alon-alon,” aloke Prasangka.

Dewanti durung bisa mangsuli. Dheweke tuding-tuding gebere *teve*. Matane Prasangka lan Ivo sanalika mandeng gebere *teve*.

“Mbakyu Wiwid,” kandhane Prasangka kanthi lirih.

“Lho kuwi harak Bude Wiwid ta, *Ma*...,” kandhane Ivo nambahi.

“Pakdemu ndang dikandhani, Le...,” kandhane Dewanti sawise kasil ngilangake watuke.

Age-age Ivo nyaut hapene sing gumletak ing sandhinge tangane. Jempole banjur nggoleki jeneng Pakde Yoyok ing hapene, “Halo... Sugeng sonten, Budhe. Menapa Pakdhe Yok wonten...? Lho, gerah? Oh, bar tenis...? *Stroke*...?!”

“Hah... *stroke*...?!” celathune Dewanti lirih.

“*Stroke*...?!” susule Prasangka uga lirih.

Cangkringan, Sleman, 7 Oktober 2022



R. Toto Sugiharto, menulis dalam dua bahasa, bahasa Indonesia dan Jawa. Novele berjudul *Mentaok* (2016) Pemenang I Sayembara Penulisan Novel Balai Bahasa DIY, *Sampur Pambayun* (2018) Juara 5 Besar di Sayambara Penulisan Novel Berbahasa Jawa Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY.






Mbokdhe

Dening Ratun Untoro

Tlemawunge Ketawang Puspawarna nggawa angen-angenku adoh ing Tanah Air. Para mahasiswa University of Oxford, Inggris kuwi wis lanyah nabuh gamelan. Papan jembar ing salah sawijining ruangan Kantor Kedutaan Besar Indonesia ing Inggris nggawa trenyuhing ati. Telung tahun aku dines neng kene. Kangen kulawarga wis angel dakpenggak.

Kabeh wong sing neng ruangan kuwi nglaras unining gamelan. Lungguh jejer neng sandhingku wanita saka Bantul, Indonesia. Manut pangiraku, umure udakara 70-an tahun. Jenenge Bu Par. Dheweke seneng yen ketemu aku merga biyen sekolah S2 neng Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta, seangkatan karo bapakku. Bu Par wis luwih saka telung puluh tahun manggon ing London melu garwane sing asli kene. Ketemu karo aku ora sengaja nalika bareng numpak pesawat saka Leiden. Bareng ngobrol, jebul kanca kuliahe bapak. Sabanjure, Bu Par kerep telpon lan dolan neng KBRI London luwih-luwih yen pas ana gladhen nabuh gamelan kaya dina iki. Bisa kanggo tamba kangen Tanah Air.

Kagawa suasana ungeling gamelan, pikiranku banjur ngambra-ambra nalika isih cilik. Biyen, aku sok ladak-ladakan karo adhi-adhiku sepupu, Bunga lan Dewi. Bocah loro kuwi putrane Paklik sing daksebut Papa. Aku pancen ngundang paklik lan bulik kanthi sebutan papa lan mama. Dene Bunga lan Dewi nyebut wong tuwaku: ayah lan ibu, padha karo lehku ngundang. Saiki, bocah loro mau wis nyambut gawe neng beda benua. Dewi neng Australia, dene Bunga neng Amerika. Arepa mapan ing beda benua, aku lan bocah sakloron ora kapedhotan komunikasi. Meh saben Sabtu utawa Minggu padha telpon-telponan nyritakke lelakone dhewe-



dhewe. Aku karo bocah sakloron wis persis kakang adhi tunggal bapa biyung. Meh ora krasa yen mung sedulur tunggal mbah.

“Mbokdhe Par... Mbokdhe Par, week...week,” Dewi ngece aku karo mlayu ngadoh. Malah nganti tiba kesandhung tumpukan wedhi. Ora lara, nanging muring-muring marga dhengkule pas nibani telek pitik. Aku ngguyu cekakan. Dewi kuwi karepe ngece potongan rambutku sing meh padha karo rambute Mbokdhe Par. Cepak. Mbokdhe Par kuwi wong tangga desa sing momong Bunga wiwit bayi. Julukan mbokdhe kuwi satemene mung kanggo ngundang mbakyune bapak utawa mbakyune ibu. Nanging, merga umure Mbokdhe Par kuwi pancen luwih tuwa tinimbang bapak, ibu, papa, lan mamaku, mula diundang Mbokdhe. Mbokdhe Par senengane potong modhel lanang. Sok nggo ece-ecenan aku karo Dewi. Angger ana wong wedok rambute cepak tak onekke,”kaya Mbokdhe Par!” Lha sore iki mau aku dijak potong bapak njur le potong cepak. Mula Dewi banjur ngece potonganku, “wuuu potongan Mbokdhe...”.

“Yo ben, apik potong cepak. Aku *kan* cah lanang. Mau esuk neng sekolahan aku didukani bu guru, *je*.”

“Salahe milih SD sing ketat. Rambut isih cendhak we wis kon motong meneh”.

Ngono kuwi aku eyel-eyelan karo Dewi. Mbareng Mbokdhe Par teka karo nggendhong Bunga, aku karo Dewi mung cekikikan. Wooo ya pancen potonganku mirip Mbokdhe Par. Aku njur mlebu omah karo mangkel.

Esuke, Bunga ya melu-melu ngece, “Mbokdhe Pal...mbokdhe Pal,” karo isih celat.

“Kowe kuwi sing Mbokdhe...”

“Ola ya...”

Tembung Mbokdhe Par dadi kerep daknggo dolanan. Aku ngundang Dewi ya Mbokde Dewi, ngundang Bunga ya Mbokdhe Bunga. Lha piye le ora mangkel, Dewi karo Bunga ya ngundang aku nganggo undangan mbokdhe, *je*. Malah suwe-suwe ora ming karo Dewi lan Bunga. Sapa-sapa tak undang Mbokdhe, klebu karo papa, mama, mbah kakung, mbah uti. Hahahhaa... dhasar bocah cilik-cilik.

Ngundang sapa-sapa nganggo sebutan mbokdhe ngono kuwi ya malah dadi lucu. Mbah kakung ya melu gumujeng diundang Mbokdhe Mbah Kakung.... Hahaha.

Lagi enak-enake ngalamunke jaman cilik, John Paul, sing ngendhang, nyuwuk. Ketawang Puspawarna rampung. Aku kudu njlentrehke sithik ngenani Ketawang Puspawarna marang para mahasiswa Inggris kuwi. Gending Ketawang Puspawarna kuwi yasan dalem Mangkunagera IV. Tahun 1977 nate direkam dening Badan Ruang Angkasa Amerika (NASA) ing piringan emas kanggo aruh-aruh tumrap alien ing angkasa luar. NASA nyoba golek sisik melik ngenani makhluk luar angkasa kanthi ngenalake suara-suara sing ana ing bumi. Isining suara kayata suara angin, suara bledheg, suara wong sapa aruh nganggo 54 basa, lan suara musik klebu gendhing Ketawang Puspawarna. Suara-suara mau digawa mubeng ing luar angkasa nganggo pesawat Voyager I lan II. Pesawat mau wis tekan planet Jupiter, Saturnus, nganti Uranus. Tujuane kanggo sapa aruh marang makhluk sing mapan ing sakliyan Bumi.

Krungu penjelasanku mau, para penabuh gamelan dadi rumangsa mongkog atine lan kepengin mbaleni nabuh gendhing kuwi maneh. Bu Par nyawang aku karo mesem. Sajak sarujuk. Bu Par dina kuwi nganggo kebaya, jarit, lan gelungan. Rambut sing wus ora ireng kuwi katon cocog yen digelung. Bu Par iki pancen dudu Mbokdhe Par. Ning jeneng Par kuwi tetep wae ngelingake aku karo sebutan Mbokdhe Par.

Unining gamelan sing kapindho iki kok tansaya gawe mrinding. Dakkira, sing padha nabuh luwih menghayati merga wis dakcritani larah-larahe. Isa uga karo mbayangke yen gendhing iki wis ngangkasa neng luar angkasa. Isa uga malah duwe pangarep-arep yen gendhing iki melu dirungokke makhluk alien.

PLEK...!

Pipiku ditapak ibuku nalika aku ngundang ibu nganggo “mbokdhe ibu”. Aku kaget! Bingung. Mbah kakung, mbah uti, papa, mama, Dewi, Bunga, lan sapa wae sing tak undang nganggo sebutan mbokdhe ming ngguyu. Nanging, iki ibuku kok

duka. Malah sakwuse napuk pipiku banjur mlebu kamar karo nangis! Ana apa? Ibuku blas ora nate duka apamaneh nganti napuk pipiku. Aneh!

Aku takon bapak. Rada protes karo apa sing ditindakke ibu. Bapak mung mendel wae. Ora wangsulan.

“Aja dibaleni ya, Le”.

“Lha ngapa, Yah? Kuwi rak mung gojek guyonan ta?”

“Iya, ora papa. Nanging aja dibaleni ngundang ibumu nganggo sebutan mbokdhe.”

Aku tetep urung ngerti lan urung lega kena apa ibu duka banget dak undang mbokdhe. Wiwit kuwi, aku ora wani meneh ngundang ibu nganggo tambahan “mbokdhe”.

Aku sayang banget karo ibu. Semana uga ibu gemati lan tresna banget karo aku. Ibuku pancen gampang trenyuh lan gampang nangis. Atine alus. Jare ibu, yen daktinggal sekolah kae sok kangen lan nangis. Aku dimanja banget.

Aku anak siji-sijine. Ora duwe kakang utawa adhi. Aku kerep matur bapak karo ibu yen pengin duwe adhi. Bapak lan Ibu mung ngendika nek Dewi karo Bunga kae dianggep adhine dhewe. Aja diladaki. Aja diece ndhak nangis.

Sawijining wektu, aku ngedrel njaluk adhi. Ora ganti minggu, aku banjur dijak bapak karo ibu neng dokter. Dhokter ahli kandungan. Ora mung pisan pindho. Meh seminggu sepisan aku dijak neng dhokter kandhungan kuwi. Mrsakke ibu. Aku ora ngerti apa sing dipriksa. Jare bapak ben duwe adhik.

Nanging, nganti suwe aku tetep ijen. Ora duwe adhik.

Mak tratab!

Anggonku ngalamun buyar kaget. Lagi sadhar antarane wewayangan-wewayangan iki mau. Pating sliwer neng angen-angenu. Aku, Dewi, Bunga tekan saiki rasane raket banget ora kaya sedulur tunggal mbah. Malah rasane kaya sedulur tunggal bapa biyung. Aku ngundang paklik lan bulik kanthi sebutan papa lan mama. Ibuku duka banget nalika aku ngundang nganggo “mbokdhe”. Banjur dokter ahli kandhungan.

Ora sranta, aku banjur pamitan karo Bu Par sing jejer neng sandhingku isih nglaras gending Ketawang Puspawarna. Aku mlebu ruang kerja arep nggoleki akta lahirku.

Saka ruang kerjaku isih keprungu gendhing mau. Aku ngolak-alik berkas. Akta lahirku durung ketemu. Nganti meh sejam dakgoleki ora ketemu. Suara gamelan wis ora keprungu maneh. Takuncalke bokongku ing kursi kerja. Dheleg-dheleg kelingan wewayangan-wewayangan nalika isih cilik. Rasane pengen telpon ibu utawa bapak neng Indonesia. Iki wis jam 17.37 wektu London, ateges jam 23.37 wektu Yogyakarta. Wis kewengen yen telpon bapak. Mesthi wis padha sare. Arep telpon Dewi neng Canberra malah wis jam 03.37, agi angler-anglere turu. Lha nek telpon Bunga neng Washington isih isa merga neng kana isih jam 12.37. Aku gage nyandhak hp, nunul jenenge Bunga. Nada sambung muni. Urung diangkat. Dakbaleni meneh. Tetep ora diangkat.

Awakku angluh. Kepengin nangis. Bingung karo pikiranku dhewe.


Katon gawang-gawang ing tlapukan mripatku. Esemé ibu lan bapak. Gematine ibu marang aku. Donga-dongane ibu wiwit rikala aku cilik nganti tekan saiki. Ibu kepengin aku dadi uwong. Kepengin aku bisa ngumbulake asmane wong tuwa, bangsa, agama, lan nagara. Ikhlas tulus nggedhekke aku.

“Le, ngati-ati neng paran. Sing sopan. Nek ana wong perlu dibantu aja ragu-ragu mbiyantu. Dijaga kesehatane, ya. Ibu karo bapak isane ya ming donga kanggo keslametanmu. Nek wis rampung masa tugasmu gek ndang bali neng Indonsia. Nek isa malah nyambutgawe neng Yogya cedhak karo wong tuwa”. Ngono tulisan kirimane ibu neng Whats App.

Eluhku pating dlewer ora isa dakbendung. Sejam rong jam, aku isih dheleg-dheleg neng ruang kerja dhewe.

Eh... aku kelingan yen akta lahirku kuwi wis tau dak *upload* neng aplikasi data.sdm.kemdikbud.go.id.

Ora ana sing aneh neng akta lairku. Mung, kutha lan pejabat sing tanda tangan ing akta ora saka Yogyakarta, nanging saka provinsi liya. Aku banjur bukak file akta nikahe bapak-ibu. Ana wektu nem tahun antarane tahun nikah karo lahirku. Bapak ibuku suwe ora kagungan putra...




Ora krasa, aku keturon neng kursi kantor. Jam wis nuduhake angka sewelas bengi. Aku gage nyandhak telpon. Nelpun ibuku ing Indonesia. Ibu wis wungu merga ing kana wis jam 5 esuk. Aku nangis kelingan gedhening katresnane ibu. Katresnane wong tuwa sing tulus. Aku matur marang ibu menawa ora suwe maneh wis bakal bali neng Indonesia. Ibu uga melu nangis seneng, kangen, lan trenyuh dene anake lanang siji-sijine isih kelingan lan kepengen nyedhaki wong tuwa.

Aku wis ora maelu bab akta lan saka sapa sejatine aku lahir. Sing baku, aku wis ora arep mbaleni ngundang ibuku nganggo sebutan ‘mbokdhe’.

Aku tetep kepengin awor nyedhaki bapak lan ibu. Ora kaya putra-putrane Bu Par sing wis rada ngadoh karo wong tuwane nalika ngancik dhewasa. Kuwi bedane Yogyakarta lan London. Ing London kene, anak sing wis ngancik dhewasa utawa sing wis omah-omah rasane kaya-kaya wis pedhot karo wong tuwane. Yen ing Yogya, aja meneh karo wong tuwane, karo mbah-mbahne wae rasane isih raket. Rasa rumaketing trah tumerah ing budaya Jawa kuwi mau banjur nuwuhake sebutan nganti pitung turunan. Ana bapak-ibu, simbah, buyut, canggah, wareng, lan sapiturute. Dene ing Inggris mung ana bapak-ibu lan simbah (*grand*). Ora ana buyut, anane mung *grand-grand*. Bab kuwi nuduhake manawa rumaketing sedulur trah tumerah ing budaya Inggris ora kaya ing budaya Jawa.

Ibuku, ibu Ngayogyakarta, sing bakale tetep ngrengkuh katresnan anak turune lan bakal dadi cikal bakal trah tumerah.



Pratitis

Dening Ngatilah

“Mas, kula bidhal rumiyin nggih? Ngatos-atos ten griya. Assalamu’alaikum,” pamite Palupi marang bojone. Muklis, ngulu idu. Gurunge krasa garing, Atine trenyuh. Nanging gage ngathungake tangane. Age-age Palupi nampa tangane bojone, salaman nuli ngarasi astane bojone. Fajar sing ana mburine uga banjur nirokake ibune, nyalami bapakne.

“Wa’alaikumsalam warrohmatullahiwarokatuh, ya sik ngati-ati ya Nok,” jawabe Mukhlis karo ngrangkul wong loro. Gleser-gleser Palupi tumuju sepeda motore, Fajar kinthil ana burine. Mukhlis trenyuh nyawang bojo lan anake. Wong loro lelungan kanthi nggendhong tas kabeh. Tase anakke isi buku lan sangu maem. Dene tase bojone isi maeman lan klambi-klambi kang wis dijahit.

Alon-alon Mukhlis jumangkah. Lakune kudu alon, amarga awake disangga kreg. Kacilakan ing papan anggone nyambut gawe njalari sikile putung. Banjur kudu dipasang platina. Mlakune kudu nganggo kreg. Wis sesasi iki dheweke ora bisa nyambut gawe.

Mukhlis didhawuhi dokter yen esuk supaya dhedhe murih kesehatane sikile cepet pulih. Manut petungane dokter, Mukhlis kudu nganggo kreg udakara 6 sasi tekane 9 sasinan. Krungu ngendikne dokter nalika semana, atine Mukhlis angles. Rasane kaya dilolosi otot bebayune. Ora merga larane, nanging mikir anggone ora bisa nyambut gawe. Dheweke kang dadi saka gurune bale somah kudu mupus. Geneya kudu leren semono suwene. Banjur anak loro lan bojone arep padha mangan apa? Ngono pitakon kang ngebaki pikirane.

Esuk iki Mukhlis dhedhe. Sikile kang wis ora diperban ditlorongake srengenge. Sedhele-sedhela dielus-elus. Atine kebak pandonga mring Gusti Allah, nyuwun enggal saras. Dheweke ora mentala meruhi Palupi kang kudu dadi sesulih nyangga

kebutuhane urip. Pabrik anggone kerja mung saguh menehi honor suwene 3 sasi. Yen nganti 3 sasi durung bisa nyambutgawe maneh, Muklis kudu nandhatangani layang leren nyambut gawe. “Tamat!” tembung kang kawetu.

Bejane Mukhlis, Palupi darbe kaprigelan njahit. Seminggu sawise Mukhlis kacilakan, Palupi nembung buruh ana ing penjahit Makmur. Papane rada adoh karo omahe. Udakara 2 kilometer. Nyambutgawene wiwit jam 07.00 tekan jam 15.00. Sekawit Palupi bingung, amarga Fajar anakke sing nomer loro lagi sekolah TK. Mlebu jam 07.00 baline jam 11.00. Ananging dheweke ora kurang akal. Fajar dipindah sekolahe. Dipilih sing cedhak karo anggone nyambut gawe. Pamrihe mangkat bareng, terus yen Fajar wis bali sekolahe, banjur nusul ing papan nyambut gawe ibune.

“Mas, saniki rak sasine Jawa sasi Ruwah, dadose nggen jahitan Makmur kathah sanget pedamelane,” kandhane Palupi nuju sawijine sore. Mukhlis semune mikir, nanging ora ngerti apa kang dikarepake bojone.

“Karepmu piye Nok? Aku kudu piye?” pitakone. Palupi ngulu idu. Banjur unjal napas landhung. Tangane ngelus-elus sirahe Fajar kang ana ing pangkone.

“Sakjane kula niki remen Mas, yen kula saget njahit kathah rak nggih upahe angsal kathah, ning...” ujure Palupi ora dibacutake. Mukhlis kaya kantem krungu tembung Palupi kang ora diterusake. Kaya-kaya regane pinangka kepala bale somah kagepok. Upama ora neng ngarepe anak lan bojone, dheweke bisa ngetokake luh keranta-ranta. Atine setengah brontak marang kahanane dhewe. Rumangsa ora mbejaji nemen. Jejere wong lanang ora bisa awèh kaya marang bojo. Atine ditatag-tatagkake.

“Mas, nyuwun ngapunten kok njuk katon legeg ngaten ta. Kula niki namung badhe nyuwun pertikel. Angkah kula, menawi kula mboten nanggung momong Fajar, kula rak saget nglembur ten mrika, lha upami ten griya gadhah mesin jahit, saget dibeta wangsul wong kantun nggathukaken jahitan, sarehne dereng gadhah, nggih namung kepingin thok semerep gaweyan sik kathah niku,” celathune Palupi diati-ati aja nganti gawe tatu atine bojo. Nanging senjata tetembungane wis alus pindhha sutra, meksa gawe polah pikirane Mukhlis.

“Lha piye Nok, apa Mamak Magelang kon neng kene ngewangi ngawat-awati thole Fajar,” kandhane Mukhlis awèh pertikel.

“Ampun Mas, mboten sae tiyang sepuh ken momong putu. Anak niku tanggungani pun tiyang sepuhe, embah niku pepundhen kang sinembah, mboten kok malah dijaluki tambah. Napa malih ken momong wayah, kepara enten Embah ken umbah-ubah, niku mboten leres Mas. Sarehne kula ngertos yen mboten leres, pramila mboten badhe kula lampahi. Sakamat-kamat kita niki kedah saget damel bingah dhateng manahipun Embah,” kandhane Palupi kebak teges. Mukhlis mbenerake bojone. Nanging isih bingung ngudhari reruwete. “Mungguhna aku ora lara kaya ngene iki, methi bojoku ora ketekeng-tekeng,” panggresulane ati.

“Kula gadhah pemanggih Mas, namung kula nyuwun pertikel njenengan,” Palupi mbacutake.

“Kepiye Nok, mbok menawa awake dhewe entuk dalan sing apik.” Mukhlis unjal ambegan lamdhung.

“Ngeten njih Mas. Kula ten penjahit Makmur mangke njahiti rasukan, biasane lajeng itik-itik benik kaliyan nyetlika niku namine *finishing*. Naaaah niku sing wekdale dangu. Angkah kula, mangke kula njahite dumugi jam kerja kados padatan, namung finishinge ten griya. Kanthi makaten rak saget angsal jahitan kathah,” Palupi njlentrehake pengangen-angene. Mripate Mukhlis sanalika mbalak karo mesem. Mertandhani lamun panemune bojone jebul apik tenan, beda karo kang disumelangake.

“Waah lha jian apik tenan kuwi Nok, karo ngene Nok, apa aku oleh usul?” Mukhlis pitakon.

“Usul napa Mas, angger mboten ngrepoti tiyang sepuh.” Palupi isih kekeh yen wongtuwane kabeh ora oleh kanggo banten bale somahe sing lagi ketemper kahanan.

“Yen awakmu mengko wis nggawani bali jahitan, mung kari itik-itik benik karo nyetlika, mengko sing nandangi aku Nok. Awakmu ben ora kekeselen banget,” usule Mukhlis. Krungu tembung bojo, Palupi genti mripate mblalak bungah banjur ngruket bojone. Nyeeees! Atine Mukhlis kaya disiram banyu es. Ora ngira babar pisan lamun pertikele bisa gawe bungah atine bojo.

“Dadi thole Fajar bisa tetep bali sekolah mampir nggone lehm u nyambut gawe ngono ta Nok?” pitakone Mukhlis nanjihake.

“Enggih Mas, wau kula sampun matur Bu Murti, ngaten niku dipun keberengaken kok,” wangsulane Palupi.

“Alhamdulillah, Bu Murti iku bos sing pangerten nek ngono iku Nok,” pangalembanane Mukhlis marang juragan kang kagungan usaha jahitan Makmur. Palupi mesem karo manthuk-manthuk. Prantandha yen mbenerake ature bojone.

Esuk iki. Kaya padatan Palupi ngayahi gawean pawon. Mangsak lan resesik pawon. Dene sing nyapu jogan ngomah anak mbarep sing wis kelas lima. Sawise sarapan kabeh, Palupi lan anake loro mangkat kerja lan sekolah. Mukhlis dhewekan ana ngomah. Kaya padatan dheweke saguh njerengi kumbahan.

Sawise njerengi kumbahan Mukhlis dhedhe. Karo ngelus-elus sikile sing isih ana tipak jahitan, pikirane temlawung. Rumangsa dosa. Dadi wong lanang ora bisa nyatu bojo. Ati lanange pinangka kepala bale somah rada brontak. “Aku kudu ndang mari, aku kudu bisa nyukupi anak bojoku! Wiwit cilik wongtuwaku ngudang supaya aku bisa dadi imame keluarga, ah aku kok kaya ngene,” panggresulane Mukhlis meh saben dhedhe esuk. Pikirane diumbar saparan-paran. Ora krasa luhe dleweran.

“Ngapa Le kok kamisesegen...?” Suara lembut kang wis diapali wiwit cilik iku mbuyarake penglamunane. Mukhlis age noleh. Ora gantalan wektu ana tangan kang epek-epeke rada kasar ngelus-elus sirahe. Mukhlis apal lan paham. Iki suwara lan astane mamakne.

Tangane gurawalan nggoleki astane mamakne nuli di sun ping bola-bali. “Mak kok damel kaget ta, Mamak didugekke sinten?” Mamakne lungguh njejeri.

“Lha kae karo adhimu! Kok luhe dleweran ki ana apa? Yen ana perkara dirembug. Apa kowe lali karo kekudangane suwargi bapakmu pa Le. Bapakmu tansah ngelingake, bocah lanang ora kena gembeng. Lha kowe saiki wis dhewasa, wis omah-omah kok malah mewek kaya bocah cilik, yagene?” Mamakne nanjihke.

“Mak, kula mboten gembeng, ning kula keranta-ranta geneya bojo kula kedharang-dharang nggolekke boga kanggo kula lan anak kula,” tembungne Mukhlis semu ngrintih. Mamakne manthuk-manthuk. Piyambake wis pirsira merga wis dicritani Palupi ya mantune.

“Ora papa ta Le, jer awakmu lagi kena halangan. Gene yen sesuk wis mari raky bisa nyambut gawe meneh. Malah jare Palupi, saiki kowe ya wis ngentheng-

enthengi gaweyane, kanthi mbiyantu itik-itik benik lan nyetlika. Kuwi wis apik Le. Kowe wis kupiya sakmampumu,” ngendikane Mamak kanthi sareh.


Mukhlis ngajak Mamak lan adine mlebu omah. Mukhlis jumujug pawon, pamrihe arep nggawekake unjukan. mBasan gelas cacah telu diiseni wedang, dheweke bingung. Sadhar yen mlaku nganggo kreg ora bisa nggawa nampan isi gelas. Weruh kahanane Muklis, Mukhlisin adine age nulungi. Nampan diangkat digawa ana ing ruwang tamu. Adine mau mlebu pawon maneh njupuk piring. Pamrihe kanggo madhahi nyamikan sing digawa seka omahe.

“Le, iki daktukokake iwak kutuk, jare cepet kanggo mulihake lelara putung balunge ngono iku. Aku dikandhani Mbok Merto ngono iku. Dheweke uga tau putung tangane, banjur karo putrane sing dadi perawat dikerepi lawuh kutuk. Nah iki daktukokake nggonen lawuh ya, yen anak bojo kepingin diwenahi ya ora papa. Sing ana plastik iki wis wujud srundeng, bisa rada awet.” Mamakne mbukaki buntel oleh-olehe. Mukhlis mung kamitenggengen. Atine munjuk syukur dene biyungane isih gedhe banget kawigatene.

“Le, kowe iki beja temen duwe bojo Palupi. Bocahe lembah manah, dandane sakmadya, tansah nengenake kulawarga. Malah kowe ketaman kacilakan kaya ngene dheweke banjur cancut golek gawean. Senajan awakmu isih dijamin suwene 3 sasi. Pilihanmu ora kleru, pratitis lehmu milih. Mamak sarujuk banget nalika awakmu arep ngrabi prawan Jogja. Bul tenan Le. Wanita Ngayogyakarta lembah manah, unggah-ungguhe ganep, trapsila, ngajeni karo bojo, karo maratuwa gemati lan ngormati. Ora aleman, ora sewenang-wenang, gelem diajak nggetih kaya kahananmu saiki,” tembunge Mamak ngrontol wutah.

Let sesasi, sikile Mukhlis wis ora abuh. Nanging tetep isih nganggo kreg. Dhokter durung ngeparengake mlaku tanpa kreg. Mukhlis didhawuhi ajar napakake sikile ana lemah. Sepisanan nyoba, Mukhlis pringisan. Sikile kaya kena setrum listrik. Uga diajari nglemesake tungkake sing njerone disopak nganggo platina. “Theeng!!” sakuwat-kuwate Mukhlis pinangka wong lanang, tetep kudu pringisan ngampet larane. “*Memang harus berani sakit, agar bisa berjalan seperti sedia kala*” ngono pratelane dhokter.

Jam telu sore Palupi bali, mboncengake Fajar. Mukhlis gage methukake. Arep aweh kabar menawa mamakne rawuh. Gupruk Palupi anggone nemoni



maratuwa lan adhi ipe. Mukhlis nyritakake lamun Mamak saliyane silaturahmi uga nggawakake kutuk kanggo nyepetake pulihe sikile sing putung. Eba bungahe Palupi darbe maratuwa kang tuhu tresna. Najan wis adeg negara dhewe, isih digatekake sakabehane.

Ngatilah, pernah disebut **Duo Ratu Cerkak** bersama Eny MS. Pernah Juara I novel tingkat Nasional, Juara utama Cerpen Nasional. Mulai tahun 2010 karyanya sering dimuat Mekar Sari, Djaka Lodang, Memetri, Mentari, Harjo, Tribun lan Belik. Dia biasa dipanggil Bu Nga, atau Bu Ngatik. Karyanya juga selalu masuk dalam antologi cerkak dan gurit yang diterbitkan Disbud Provinsi DIY.

Mahar Kembar Telu

Dening Veronika Naning

Wayahe wis ngarepke surup, nalika Mahar mudhun saka sepur. Gawane pating grendhel. Lakune alon-alon ngener njaban stasiun banjur arep golek taksi. Ora let suwe, dheweke wis mlebu ana sawijining taksi ngener omahe ing dhusun Gayamsari.

“Saking kitha pundi, niki wau mas?” pitakone sopir taksi karo nyawang Mahar sing kekeselen.

“Saking Jakarta, Pak. Ajeng tuwi griya, dangu mboten wangsul,” wangsulane aras-arasen.

“Lha mas e niki napa empun emah-emah, ta?” pitakonane sopir taksi mau.

“Kula nembe badhe nglamar calon semah niki, Pak. Dereng ngertos kawontenane sakniki,” Mahar celathu.

“Wah, ndherek remen mas. Mugi-mugi mangke rayine nggih saged nanggapi kanthi sae.”

“Amin, Pak,” wangsulane cekak aos.

“Gesang niku ampun didamel awrat mas. Sadaya niku sampun wonten sing ngatur. Lair kawin pejah niku pun diatur Sing Kuwasa. Mboten sah nggembelo nek sadayane gangsar ning nggih ampun nggrantes yen impene cabar. Sadaya niku sakderma nglampahi kok,” wong kuwi ngandhani Mahar sing isih kuwur.

Mbareng wis lumaku sejam taksi kuwi ngener mlebu omahe. Mahar mejet bel. Ora suwe, byak, lawang dibukak, kekarone padha dene mbengok. Gapyuk wong loro banjur padha rangkulan kenceng, pancen bocah kembar dhampit, dadine rumaket banget pasedulurane. “Mas Mahar!”

“Dhik Rini!!” Rada sawetara padha nguculi kangene dhewe-dhewe, banjur padha mlebu omah. “Ibu bapak nang endi, Dhik?” pitakone Mahar karo ngeculke adhine.

“Bapak ro Ibu dha jagong Mas. Aku mau telat bar praktikum njuk keturon, jebule ditinggal.”

Mahar mlebu kamare, banjur adus terus arep ngaso. Mripate wis ora isa disanak meneh. Bubar adus adhine ngejak ngobrol, padha crita pengalamane dhewe-dhewe, karang wis telung taun ora ketemu. “Dhik, lehmku kuliah wis arep rampung pa durung? Rasah suwe-suwe selak tuwa mengko.” Rini mlengos krungu kandhane kakangne.

“Jarene ibu, iki jarene ibu lo mas... nek bisa kuliah nyambi nyambut gawe ki apik. Wong nyatane jaman saiki golek gaweyan rekasa. Aku wis skripsi Mas, ning karo nyambi megawe neng apotek. Bisa kuliah mentas dadi sarjana durung mesthi bisa nyambut gawe sing trep, apameneh jejere wong wadon. Ora gampang golek gaweyan nrng Yogyaa kuwi. Kutha cilik akeh pendhatang, abot saingane. Kamangka aku wegah nek mung neng omah nggenteni bojo kerja, aku ya kudu nyambut gawe suk nek omah-omah.”

Mahar mung bisa manthuk-manthuk krungu guneme adhine kuwi. Piye wae ana rasa ngeman ing atine yen adhine kuwi mengko malah ora ndang rampung kuliahe. Mahar banjur kelingan kancane adhine. “Oya, piye saiki kabare Ratri? Apa isih dadi kancamu cedhak?”

Maharini mrengut krungu pitakone kakange. Banjur nyedhaki kakange lan kandha karo wedi, “Mas, ngapa kok isih kelingan Ratri. Mbok wis rasah dipikir meneh. Ngerti po ra, Bapak Ibu saiki njagong mantene sapa? Ratri, Mas! Ratri dadi manten saiki!”

Mahar kaget saknalika. Atine gronjalan ora karuwan. Wong sing dioyak arep dibaleni jebule malah wis nilapke ninggal dheweke. Ana rasa perih ing atine, lara banget rasa kuwi. Mahar banjur njupuk wedang putih, ngombe alon-alon. “Banjur sapa bojone Ratri, dhik?”

Rini nyawang kakangne, “Aja kaget ya mas. Ratri dipek bojo karo Andri, kancane dhewe SMA biyen, kelingan ra?”

Mahar tambah semrepet pandulune. Kok lelakone dadi kaya ngene. Kabeh impen sing wis ditata thirik-thirik saknalika ambyar, ora ana wujud meneh. Mahar banjur tangi, nuju kamare, nutup lawang ninggal adhine sing mung isa nyawang melas marang kakange.

Rini uga banjur mlebu kamare, ceklek, lawang dikunci rapet. Dheweke kelingan ana barang sing kudu dituduhake kakange. Mula, age mancik kursi, njupuk kothak sing ana ndhuwur lemari klambine. Kothak kuwi ana gembok sing banjur dibukak alon-alon. Atine trataban nalika arep mbukak kothak kuwi amarga kuwatir kepiye mengko yen Mahar mangerteni. Ning kepriye wae, barang-barang kuwi kudu dislametake minangka bukti nyata. Rini mbukak gembok mau banjur ngetokake isine. Ana amplop coklat sing banjur dibukak alon-alon. Nyekel amplop kuwi marai tangane ndredheg sanalika.

Ing kamar sijine, Mahar isih dheleg-dheleg ngglethak ana paturon. Wewayangan endah ilang kabur kanginan, mung ninggal ati sing perih. Dheweke misuh-misuh dhewe, ora cetha misuhi sapa. Mahar nglenggana lupute, jalaran dheweke durung tau ngandharake rasa tresnane marang Ratri. Sakjane wis suwe anggone arep nelakake tresna, nanging pandhemi marai ora bisa bali nemoni pepujaning ati. Saiki bareng wus kelakon bali kaya ngene kahanane, atine durung bisa nampa, malah kepara tuwuh rasa serike marang kahanan.

Gregah, Mahar mbukak tas sing digawa saka Jakarta. Ana oleh-oleh warna-warna sing niyate arep diwenehke marang Ratri. Barang-barang kuwi mau kepetung barang pengaji, jalaran Mahar nyelengi mligi kanggo Ratri. Banjur barang-barang kuwi dipilih endi sing kanggo wong omah, endi sing kanggo Ratri. Kabeh barange Ratri diwadahi tas banjur dilebokake lemari ditaleni kenceng, kaya pinggete atine. Dene jatahe Rini lan wong tuwane banjur digawa metu diselehke ana ing meja ngarep tivi. Banjur age-age ndhodhog lawang kamare Rini.

“Rin, metua sik. Kae oleh-olehe wis tak selehke meja diopeni ya. Aku arep turu dhisik.” Rini mangsuli saka njero kamar. “Ya, Mas, mengko dhisik gek nanggung. Ora selak mambu apa bosok ta?” kandhane Rini semu geguyon nutupi kahanan amarga lagi sengkut ngurusi barang-barang winadi ing kamare.

“Ora, kabeh barang dudu panganan. Aman,” wangsulane Mahar. Watara jam sepuluh bengi, bapak ibune lagi padha tekan omah. Kekarone kaget jalaran weruh barang-barang sing ditata ing meja ngarep tivi.

“Barang-barange sapa kuwi, Pakne?” pitakone Bu Santo. Bojone mung gedheg ora nanggapi. Pak Santo ora mangsuli mung mlaku njujug kamare. Bu Santo tumuju kamare Rini, “Rin, kowe wis turu? Barang-barange sapa kuwi nang ngarep tivi, kok tumpuk-tumpuk ora temata?”, pitakone Bu Santo.

Rini mbukak lawang, banjur mangsuli karo ngganggu ibune, “Walah, Ibu niku lo, kok ndadak mundhut priksa barang. Ibu rak sampun dikabari yen mas Mahar wangsul, ta?” kandhane karo menyat metu tumuju meja ngarep tivi.

Ibune mesem bungah. Banjur tumuju kamare anake lanang, ndhodhog lawang. Rini nggeret ibune ngadoh saka kamare kakange. “Sstttt, bu. Ampun diganggu, nembe mawon mapan kadosé kesel sanget. Wau sampun weling badhe ngaso tilem gasik. Ibu sakniki ngaso mawon, mbenjang wungu gasik masak sing enak,” kandhane mbujuk ibune supaya ora nggugah kakange. Sejatine mono supaya ibune ora ngerti yen kakange lagi runtik atine.

Ibune meneng, banjur nuju kamare. Rini mesem, banjur niliki oleh-olehe. Atine bungah jalaran kakange nggawa oleh-oleh barang-barang sing dipengeni. Ana jam tangan digital, *hard disk eksternal*, *power bank*, *speaker*, *headset*, pokoke barang-barang sing migunani kanggo nyambut gawe. Rini njupuki barang-barang mau digawa mlebu kamare banjur disimpen ana lemari. Rini nutugake mijeni kertas-kertas mau nggoleki dokumen sing dikarepake.

Ing omahe Ratri, resepsi jagong manten wis rampung sawetara. Ratri dikancani Andri wis mlebu kamar niyate arep leren. Kekarone ketok nyandhang pantes, kebak kabungahan, runtut sarimbitan mlaku bebarengan nuju kamar manten. Wong-wong isih padha jagongan sawetara. Andri nggandheng bojone karo mesam-mesem marang wong-wong sing isih ana ing kono. Mlebu kamar kekarone sat set resesik lan siap ngaso.

“Kesel ya Dhik? Saiki lerena dhisik. Aku tak ngancani wong-wong sing nang ngarepan mau. Sedhela mengko aku nusul ya,” kandhane Andri karo Ratri, sinambi ganti penganggo.

“Iya mas, rapapa. Aku ya kesel banget. Sandhale dhuwur banget sirahku rada mumet iki mau.” Andri banjur metu ngancani wong-wong sing isih lungguhan.

Ratri ngglethak karo ngrasakke kahanan atine sing ora karuwan. Prastawa iki kanggone Ratri ora gampang dilakoni. Niyate biyen yen duwe bojo kuwi golek sing ditresnani lan nresnani dheweke. Nanging, sidane kahanan uripe beda. Wong tuwane Ratri kena kasus ing kantor, keseret pimpinan sing korup saengga kudu nyaur utang akeh marang kantor. Kamangka kahanane ora kaya biyen, perusahaan sing digawe bapakne saiki lagi mudhun. Tekane Andri bisa nulungi lan mbalekake kahanan kaya sakawit. Mulane wong tuwane Ratri meksa supaya Ratri gelem dipek bojo Andri, jalaran seka sepisanan Andri wis ngoyak Ratri supaya gelem dirabi.

Dhasare Ratri kuwi bocah kang manut wong tuwa, mula bab kuwi ora nganggo suwe banjur dirembug dadi lan sore mau ijab kabul lan resepsi wis kelakon. Mung wae, wong tuwane Andri isih rumangsa cuwa jalaran Ratri kuwi dudu sarjana sing dianggep cocok karo Andri. Senajan mengkono, wong tuwane Andri ora ngatonake cuwane amarga wis padha ngerti sipate Ratri sing ndalan lan bocah apik, bekti karo wong tuwa. Mung wae Ratri tetep krasa jalaran bapak ibune Ratri kuwi dhosen ampuh sing gelare pirang-pirang. Andri dhewe uga dhosen sing lagi wae lulus doktor. Mesthi wae duwe bojo lan mantu mung tamatan SMA ngono dadi rerasanan wong akeh. Senajan kanggone Andri ora dadi masalah, jalaran kebacut tresna marang Ratri.

Wengi kuwi swasana tintrim lan udan kaya disokake. Lagi wae arep mlebu omah, ana wong teka nggoleki Andri. “Kagungan kersa menapa, pak? Dalu-dalu kok tindak mriki, kula dereng tepang panjenengan.”

Wong mau meneng sedhela, “Inggih mas, ndherek nepangaken, kula Wignya saking kitha Malang. Sowan kula mriki badhe madosi anak kula estri. Kula nampi kabar yen dalu niki wau lare kula ijab kaliyan mas Andri.” Kandhane wong mau gawe kagete Andri.

“Bapak niku sinten? Kok saged ngaken semah kula putrane, kepanggih pinten prekawis?” Andri takon karo semu ora seneng. Kepiye wae Ratri kuwi sakngertine duwe wong tuwa sing dadi maratuwane, dudu wong wing lagi teka kuwi.

Wong mau banjur lungguh. Meneng sedhela banjur ngetokake amplop gedhe saka tase. Banjur alon-alon dheweke crita marang Andri. “Kula niki gadhah anak

tiga. Semah kula sampun tilar rikala Gunung Kelud njeblug. Anak kula keplajar kula mboten saged manggihi, jalaran rikala semanten kula taksih medamel wonten kitha sanes. Lajeng kula madosi ngantos dangu mboten wonten ingkang mangertosi. Dereng dangu niki, tiyang sing kula ken madosi sanjang, yen lare kula wonten mriki. Dipun angkat anak dening bapak mriki. Kula sampun manggihi panti asuhan ingkang rumiyin ngrumat Ratri lan sakniki kula kepengen pinanggih lare kula. Mboten badhe kula ganggu, namung kula kangen sanget. Niki sampun 20 taun kula pepisahan, Mas.”

Wong mau nuduhake isine layang-layang sing ana njero amplop. Andri nampa kabeh layang lan foto mau. Pancen nuduhake yen kuwi dokumen sah. Andri unjal ambegan, banjur kandha kanthi gumeter. “Pak, niki sampun dalu. Sakniki njenengan kondur rumiyin, mbenjang njenengan tindak mriki malih nggih. Kula nyuwun ngapunten mboten saged ngaturke papan ngaso amargi kawontenan mboten nyekapi,” kandhane nutup rembugan.

Wong mau ngerti kahanan, mula banjur pamitan. Atine Andri kebak pitakonan, ning durung wani nglairke marang sapa-sapa merga wis tengah wengi.

Esuk kuwi kabeh wis padha rampung sarapan. Andri banjur medhot anggone padha rembugan. Banjur njlentrehake kahanan mau bengi, nalika ana tamu sing nggawa layang-layang penting sing mratelakake kahanane Ratri. Andri meneng sedhela. Ora ana sing nyauri lan nanggapi.

“Kabeh kuwi bener, le. Aku karo ibumu ora tau duwe sedyala ing babagan iki. Jalaran nalika semana anggonku omah-omah wis sawetara lan durung diparingi momongan, mulane aku karo ibumu banjur mupu Ratri saka panti asuhan. Wektu kuwi ana cah telu ing panti asuhan. Kabeh kakang adhi, sing loro kembar dhampit jarene. Aku mung isa mupu siji marga kahanan. Dene sing lowo kuwi tekan saiki aku ya ora ngerti ana ing endi papan dununge.”

Kabeh padha trenyuh krungu crita kuwi, apameneh nalika ana wong uluk salam. Pak Wignya karo wong lanang siji meneh. Ratri ngewel awake weruh wong mau, atine sir-siran. Andri age-age ngekep lan nentremke. Pak Wignya dijak lungguh bareng kulawarga kuwi, banjur kabeh badha legawa nampa kahanan lan

banjur nyarujuki bakal dadi sedulur. Ratri ya bungah ketemu bapakne, nanging isih duwe pikiran banjur kakang mbakyune ana ngendi?

* * * *

Ing omahe Mahar esuk kuwi bubar sarapan, kabeh padha lungguhan ing ngarep tivi. Bapak ibune takon werna-werna bab uripe saksuwene iki. Mahar ya mung crita sakcukupe ora kaya biyasane.

“Bapak, ibu, sakjatose mas Mahar niku nembe mboten sekeca atine. Kadose nembe semplah kelangan pepujaning ati sing dienteni saksuwene niki,” kandhane sing kepdhot merga Mahar wis naboki pundhake. Rini mbengok kelaran.


“Apa bener, ta Le. Mbok aja dibangetke le ngrasakke. Saiki kuwi akeh wong wadon sing wis nunggu tekamu kowe kari milih paribasane.”

Mahar mung mesem kecut krungu tembunge ibune mau. Rini banjur kandha mench. “Mas, sakjane ki aku arep crita bab sing wigati mau bengi ning atiku ora tegel. Bapak Ibu ya durung priksa bab iki jalaran kabeh mung tak sidhem dhewe merga aku diweling karo sawijining wong sing aku ya ora ngerti. Ning aku diwenehi dhokumen, layang-layang winadi sing tak simpen tekan saiki.”

Kabeh padha meneng ngrungokake Rini celathu sing diteruske karo menehke layang-layang seka njero amplop coklat. “Telung taun kepungkur ana wong ngirimiku dokumen iki. Bareng tak bukak jebule isine dokumen sing nelakake bab awake dhewe mas. Sakjatane awake dhewe kuwi...” Rini meneng sedhela. Ibu bapakne padha wiwit goreh. “Saktemene awake dhewe ki dudu putrane bapak ibu...”

Rini nangis. Mahar kaget banjur ngrebut layang-layang kuwi lan maspadakake. Bapak Ibune uga padha kaget. Ibune banjur ngekep Rini karo melu nangis. Bapakne mung meneng wae. Banjur bapakne kandha, “Aku ora ngerti kuwi sapa. Ning pancen bener, gandheng saiki kowe wis padha diwasa, bab iki takbukak cetha. Pancen kowe dudu anakku merga aku mupu seka panti asuhan. Nanging, aku karo ibumu kuwi tresna banget karo kowe sakloron, kowe dhewe ya mangerteni bab iki. Rin, apa kowe wis tau ketemu wong sing menehi layang kuwi?”


Rini manthuk. “Sampun pak, setunggal taun kepengker wonten sing madosi kula. Malah tiyang niku ngaken yen paklik kula. Malah criyos yen kula kalih mas Mahar niku taksih gadhah adhi estri. Naminipun Ratri...”



Krungu kandhane Rini mau, Mahar trataban atine. Kabeh padha meneng, kabeh duwe pikiran sing padha. Gek-gek Ratri sing dadi manten mau bengi kuwi adhine Maharsono lan Maharini, amarga jenenge Maharatri. Nganti suwe padha meneng-menengan. Banjur keprungu swarane wong uluk salam. Kabeh padha menyat. Pranyata tamune kuwi kulawargane Ratri, komplet, isih ketambahan ana wong lanang loro. Rini kaget jalaran salah sawijining wong mau sing nemoni setaun kepungkur. Dheweke mung isa mlongo, karo nggenteni. Kabeh banjur padha lungguh barengan. Mahar ora bisa kumecap apa-apa. Andri kancane SMA wis ana ing cedhake ngruket pundhake. Mesam-mesem senjata Mahar anyel.

Pak Wignya banjur ngandharake sedyane teka ing omah kuwi. Semono uga wong lanang sijine sing nemoni Rini, jenenge Pak Seto. Kekarone gentenan crita bab larah-larahe teka ing papan kuwi, saka Malang amarga nggoleki anake telu, sing ilang nalika cilik biyen. Bapak ibune Mahar mung bisa dheleg-dheleg. Semono uga bapak ibune Ratri. Sing wis bisa nampa kahanan mung Rini, jalaran dheweke wis ngerti luwih dhisik bab kuwi setaun kepungkur, ning ora wani kandha marang sapa wae.

Gapyuk wong telu menyat jumangkah ngadeg banjur rangkulan padha nangis bareng gawe trenyuhe sing padha weruh. Mahar atine tambah ajur mumur, senjata seneng ketemu adhine ning impene wis ambyar.



Veronika Naning adalah seorang editor yang suka menulis sastra Jawa. Sebaran karyanya ada di beberapa media digital dan cetak, serta termuat dalam antologi sastra yang diterbitkan oleh Pasbujakawi Merapi, Kundha Kabudayan Sleman, dan Kundha Kabudayan DIY.



Langit Ing Bumi Papua

Dening Maria Widy Aryani

“**B**u, aku sida ditampa nyambut gawe ing Papua!” Aku mlayu mlebu omah karo ingak-inguk nggoleki Ibu.

“Kosik dhisik, Ndhuk. Ibu ora mireng, iki lagi neng jedhing!” Ibu banjur age-age metu saka jedhing nyedhaki aku.

“Piye, Ndhuk? Ana kabar apik apa. Kok bungahmen kowe?”

“Aku wis oleh balesan *email* yen aku ditampa mulang ana ing Papua, Bu.”


“Oh, lha njuk kowe manggon ing kutha ngendi, Na?”

“Ing kutha Amamapare. Ibu rasah kuwatir. Aku dadi guru ing kono melu Yayasan Jayawijaya. Kuwi yayasan kang diatur karo perusahaan tambang ing kono. Dadi guru kang diperbantuan ngajar ing sekolah sing khusus kanggo putera dhaerah. Gajine lumayan, Bu. Kajaba gaji pokok, ana tunjangan daerah terpencil, entuk omah dinas, uga transportasi. Yen wis wayahe cuti entuk tiket pesawat pp Timika – Yogyakarta. Aku bisa nyelengi marga gajiku mung kalong daknggo mangan saben dina lan ngirimi dhuwit kagem Ibu. Piye, Bu? Rak apik ta masa depanku mengko?” Ndakusaha nerangake marang Ibu supaya ora tansah nguwatirake aku.

“Dhuwitmu kok celengi wae. Ibu isih duwe pensiun karo pesenan panganan nganti saiki ora tau mandheg, Ndhuk. Lha terus olehmu cuti saben pirang taun kuwi? Gek-gek pirang-pirang taun kowe lagi oleh cuti. Ibu bisa kangen. Lha Papua ki adoh tenan je.”

“Setaun pisan, Bu. Aku entuk cuti sesasi bali rene kangen-kangenan karo Ibu. Setaun rak ya ra suwi ta, Bu. Yen ra dipikir...hehe...”

Saknalika Ibu ngekep aku suwe kaya ora kersa ngeculake kekepane. Ibu ora ngendika apa-apa. Nanging aku krasa ana tetesan luh kang nelesi pundakku sisih



kiwa, Asta tengene Ibu ngelus-elus sirahku. Tanda Ibu maringi donga lan pangestu marang aku. Rasane aku uga emoh ngeculake kekepanku marang Ibu sing arep dakinggal nyambut gawe ana ing paran.

Wiwit aku cilik Ibu sing nggedhekake aku minangka single parent. Bapakku wis seda nalika aku isih umur sewelas sasi. Yen ora diweruhi fotone, aku blas ora kelingan praupane Bapak. Ibu ora tau sambat. Gajine minangka guru SD karo usahane Ibu dodolan utawa nampa pesenan panganan, hasile kanggo nyekolahake aku nganti lulus sarjana. Wis wayahe giliranaku gawe bungah lan mongkoge atine Ibu.

Aku mung bisa matur nuwun marang Gusti Allah. Maringi kelancaran anggonku nggayuh mangsa ngarep. Sanajan ing dhasaring atine Ibu mesti wae ora tega menawa aku nganti lunga adoh. Apa maneh wiwit lair nganti lulus kuliah, aku ya mung manggon ing Yogyakarta. Durung tau lunga adoh. Lha iki malah arep tekan Papua. Provinsi sing paling wetan dhewe ing Indonesia. Aku ora duwe sanak kadang karo tepungan. Kabeh sarwa kahanan anyar kanggoku.

“Ibu Guru, sa pu buku pelajaran basah semua ini! Tra bisa sa pake sudah!”

Ongge salah sijining muridku sing paling adoh omahe. Ongge yen budhal sekolah kudu numpak prau cilik kang aran *kole-kole*. Kudu nyebrangi Kali Aykwa. *Kole-kole* yaiku prau kang digawe saka wit gedhe. Dhayunge digawe seka pang wit kayu wesi. *Kole-kole* ukuran gedhe bisa ditumpaki nganti rolas wong. Bisa uga luwih seka rolas wong yen *kole-kolene* dawa lan gedhe. Kepara malah ketambahan ingon-ingon kaya dene asu uga melu numpak. Biasane kanggo boyongan yen sak kuluwarga arep pindhah panggonan. Sebagean wong-wong Suku Kamoro isih *nomadhen*, pindah saka panggonan lawas neng panggonan anyar sing dianggep luwih kepenak. Mula murid-muridku kadhangkala ana sing nganti pirang-pirang minggu ora mlebu sekolah. Jalaran ya dijak pindhah karo wong tuwane.

“Ko taruh saja di bawah tiang bendera sana e. Dijemur satu-satu biar kering.” Ongge banjur nuruti panjalukku.

“Ibu Guru, itu langit di atas biru semua, pasti sa pu buku cepat kering e. Sebentar sa bisa pake untuk belajar di kelas!”

Praupane Ongge sumringah karo setengah ngguyu. Untune katon abang mak breng mambu godhong suruh. Murid-muridku akeh kang padha seneng ngemut suruh kinang kaya ngemut permen karet wae. Lucu kanggoku marga yen neng Jawa sing senengane nginang lan susuran mung simbah-simbah.

Aku ndangak namatake dhuwur. Langite sarwa biru kabeh. Resik. Srengenge moncer kanthi bungah tanpa ana mega sing ngalangi cahyane. Mbuh kok rumangsaku langit ing bumi Papua kaya cedhak banget karo bumi. Kaya-kayaa bisa ndakranggeh nganggo tangan. Mbok menawa marga ora ana polusi udhara neng kene. Dadi langit katon resik. Biru. Apik. Ya, pemandangan iku salah sijining kahanan sing marai aku krasan ngabdi dadi guru ing Amamapare. Uga aku wis kadung tresna marang murid-muridku sing duwe rambut kriting lan untu abang merga seneng nginang. Sanajan rambutku lurus saka tanah Jawa lan kulitku coklat sawo mateng, ananging murid-muridku ora tau bedhaake. Aku lan murid-muridku ora tau ngrasakake anane rambut lan kulit kang beda.

Ongge, bocah umur sepuluh taun lagi kelas telu SD. Isih lucu lan lugu. Yen omong karo murid-murid, aku dadi ketularan nganggo *logat* Papua. Aku mesem karo Ongge sinambi nyiapake sarapan kanggo bocah-bocah sing jare ngelih utawa ora kober sarapan.

Wis sepuluh sasi anggonku dadi guru ing Amampare, daerah pesisir Laut Arafura. Amamapare kang ana ing sakkidule kutha Timika kurang luwih pitulas kilometer. Saka Timika tekan Amamapare bisa daktempuh numpak bis kurang luwih karotengah jam. Banjur ganti numpak kapal rongpuluh menit tekan dermaga pelabuhan Amamapare.

“Bu Guru, sa lapar, sa pu Mama tra sempat kasi sa sarapan pagi, Bu Guru.”

Toni sambat ngelih durung sarapan. Ya, maklum wae. Bocah-bocah sing saka kampung sebrang kudu ndhayung dewe yen mangkat sekolah. Mbokmenawa ya uwis disiapake sarapan karo wong tuwane. Nanging jenenge bocah selak kesusu arep budhal sekolah. Tekan sekolah bisa wae banjur ngelih maneh. Tenagane entek kanggo ndhayung prau. Sekolah wis dianggep kabutuhan kanggo sebagian murid-murid sing sadhar kudu bisa maca lan nulis.

Ya ngono kuwi kegiatan *belajar mengajar* ing SD Amampare. Gurune ana lima. Kelas siji lan loro diampu guru siji. Kelas siji mlebu esuk lan kelas loro mlebu

awan. Banjur kelas telu tekan kelas enem saben kelas diampu guru siji. Saben esuk aku karo kanca-kanca guru wis mbagi kewajiban. Ana sing gawa sega, lawuh, lan janganan saka omah. Kanggo sarapan murid-murid sing isih padha ngelih utawa pancen durung kober sarapan. Logikane yen wis sarapan mesti isa nampa wulangan kanthi apik, sehat, lan lancar.

Bubar mepe buku-buku sing teles, banjur ngajari maem kang bener nganggo sendhok garpu. Yen maem nganggo tangan uga kudu ngajari wisuh nganggo sabun dhisik. Ben tangane resik saka bakteri. Bar kuwi ngajari adus nganggo sabun kanthi resik. Kadhangkala ngajari kramas nganggo *shampo* ben ora tumanen.

Sinau ing sekolah ora kudu manut plek kurikulum. Kurikulum ya mung bisa dienggo pedhoman wae. Yen situasine kaya neng pedalaman ngene iki kurikulum bisa gawe dhewe disesuaikan karo kahanan lokal. Sing penting bocah-bocah bisa maca, nulis, lan ngetung. Uga sing paling penting murid-murid bisa sinau kanthi seneng lan nyaman.

Wis seminggu iki atiku ora kepenak. Kangen karo Ibu. Mbak Partini sing biasa ngancani lan ngrewangi Ibu gawe pesenan panganan ngabari yen Ibu lagi gerah. Mbak Partini putrane Budhe saka trah Bapakku. Uripe radha melas, marga dheweke ditinggal rabi maneh karo bojone. Ibu nyaranake Mbak Par ngrewangi Ibu gawe pesenan panganan. Karepe ben Mbak Par bisa nglanjutake uripe.

Untunge ana Mbak Par sing setya mbiyantu Ibu, wiwit aku nyambut gawe ing bumi Papua. Yen Ibu ngersakake dikancani, Mbak Par mesti gelem nginep. Apa maneh Ibu lagi kena serangan asma sik nemen. Ibu pancen duwe gerah asma, nanging durung tau nganti nemen banjur kudu mondhok ing Rumah Sakit. Kabeh dakpasrahake Mbak Par sing ngrumati Ibuku.

Mung gari kurang sesasi maneh aku wis entuk cuti. Aku wis wiwit anclang-ancang gawe dhaftar apa wae sik kudu dakgarap karo daksiapake. Wiwit seka *booking* tiket pesawat lan oleh-oleh kagem Ibu. Ana batik Papua lan noken. Noken, tas tradhisional khas Papua saka serat kulit kayu gawean tangan Mama-mama Papua sing padha sregep ngrajut.

“Mbak Par, iki aku, Nana. Piye kabare Ibu. Aku pengen ngobrol. Apa Ibu wis bisa nampa telpon?” Daksempatake telpon mumpung ana wektu istirahat sekolah.

“Kabar sehat lan apik, Dik Nana. Ibu wis lumayan bisa ngendikan. Nanging durung bisa kondur omah. Merga isih durung bisa mudhun saka bed. Ngendikane mustakane Ibu krasa mubeng-mubeng yen lenggah. Mungkin vertigone isih ganggu, merga wis rong minggu iki sarean terus. Dokter isih nyaranake opname maneh kira-kira telung dina engkas, Dik.”

“Matur nuwun, Mbak. Aku pengen ngobrol ro Ibu.”

“Na...kowe apik-apik wae ta?” Ganti swarane Ibu ing telpon. Swarane rada gemeter ora patia cetha. Aku nganti krungu ambegane Ibu ketok sesek. Pertanda yen pancen Ibu isih gerah.

“Apik Bu. Aku krasan lan seneng mulang bocah-bocah Papua. Gekndang waras nggih, Bu. Sehat maneh ngenteni aku bali. Mung gari sesasi iki aku wis oleh cuti.”


“Ya Ndhuk. Kerja kanthi seneng lan tulus ya. Ibu bangga ro kowe. Ibu wis kangen iki. Obatku mari ya yen kowe mulih, Ndhuk.”

“Siap Bu. Iki aku wis mulai mlebu kelas maneh. Pun nggih, Bu. Ngko bengi daktelpon maneh. Daaa...” Dakpencet tombol off banjur aku nangis ngguguk. Ora wani ngobrol suwe-suwe marga wedi yen tangisku banjur pecah. Rasane kudukudua mabur bali. Aku ndangak namatake langit. Isih biru nanging ana megane pating dlemok.

Sore bar adus, hapeku muni. Seka Mbak Par. Wah, kok *tumben* dheweke sing telpon dhisik. Biasane aku sing dhisiki.

“Mbak Nana, sing sabar ya. Ibu kena serangan *gagal napas* awan mau. Banjur sore iki tabuh telu, Ibu ditimbali Gusti...”

Aku ora sumaur, swara tangis Mbak Par sesenggukan neng njero telpon. Atiku langsung kaya disabet-sabet. Lara, sedhih, ana rasa ora trima marang kabar dhuka iki. Perasaanku campur aduk ora karuan. Duh, Ibu kena apa kok ara kersa nunggu aku bali.



“Mbak Par...iki aku arep nyoba pesen tiket bali nggo sesuk bali Yoja. Nyuwun tulung dimrantasi lan dirumat jenazahe Ibu ya, Mbak.” Telpun langsung daktutup. Banjur aku ngabari Kepala Sekolah karo kanca-kancaku.

Bengi iku uga nganti esuk omah dhinasku kebak dilayati kanca-kanca guru, murid-murid, lan wong tuwane. Aku wis oleh kabar yen tiket pesawat wis entuk, nanging lagi bisa mabur rong dina engkas. Merga jadwal penerbangan Timika - Yogyakarta ora saben dina.

Aku wis pasrah. Wis bisa nampa resiko kang kudu dakpanggul. Wis dadi pilihanku dhewe yen kerja adoh ya salah siji resikone lelakon sik lagi dakalami iki. Aku lagi bisa tekan Yogya telung dinane Ibu. Wis ora bisa menangi jenazahe Ibu merga wis disarekake.

Bola-bali aku namatake langit. Tetep isih biru. Bayangan praupane Ibu kang ayu cemantel ing kono. Rasane cedhak, pengen dakranggeh.

Gg. Mijil, 7 Oktober 2022

Maria Widy Aryani, lahir di Yogyakarta 4 Juni 1964. Hampir 20 tahun menjalani profesi guru di Papua. Karya-karyanya berupa cerpen dan esai dimuat di berbagai media cetak dan antologi bersama. Sambil menikmati pensiun sekarang terus rajin menulis.



Kebacut

Dening SP Handayani

Minggu esok Anisa wis mruput adus banjur dandan. Wis kangsenan karo Sabrina arep menyang Hotel Sampurna. Bubar dandan Anisa banjur siap-siap nyawisake samu barang kang bakal digunakake kanggo pameran UMKM ana ing hotel. Ora kaya padatan, dina iki gawane rada okeh, mula Anisa nyewa grap kanggo nggawa dagangane. Ora let suwe grap pesenane wis teka.

Anisa enggal-enggal ngunggahake gawane, kang wis dicawisake. Dibantu Ibu lan sopire grap barang dagangane Anisa wis kasil ditata ing mobil. Anisa leren karo kipas-kipas sinambi ngenteni tekane Sabrina kanca rakete. Bocah wadon ayu kuwi katon saya sumringah bareng kancane teka.


“Lastri karo Rina endi?” Pitakone Sabrina marang Anisa.

“Wis mangkat dhisik numpak motor. Ngenteni neng kana, karo tata-tata sisan. Wis ayo ndang budhal, mudhak kawanan tekan hotel.” Kandhane Anisa marang Sabrina.

Bocah loro, banjur pamitan marang Ibune Anisa. Ana njero mobil, bocah loro padha gegojekan sinambi ngobrol.

“Nis, apa bener kowe pacaran karo Managere hotel kae?”

Pitakone Sabrina marang Anisa. Sing ditakoni kaget, ora ngira bakal ditakoni bab kuwi. Anisa mung meneng wae. Pipine semburat abang merga isin. Pancen wis sak wetara Anisa pacaran karo Pak Indra, Manager Hotel Sampurna. Anisa kenal Pak Indra udakara setahun kapungkur, nalika sepisanan Anisa entuk job dadi supliyer Jamu Jawa ing Hotel Sampurna. Tekan sakiki isih dadi mitra kerjane Hotel Sampurna, saben ana acara pameran UMKM mesti ngundang Anisa supaya nyetori Jamu utawa melu pameran.



Pancen Jamu Jawa produksi Anisa kanthi merek “Jamu Kesehatan Sejati”, wis kawentar wiwit mbiyen. Produksi jamu kang dirintis bapakne, mbiyen tau dadi pemenang lomba jamu Tradisional ing tlatah Ngayogyakarta. Mula ora mokal yen Produk Jamu Kesehatan Sejati wis kawentar ing sakindenging Ngayogyakarta.

Wiwit ditinggal seda bapakne, Anisa sing nerusake usahane. Anisa trima metu anggone kuliyah, merga ora nduwe biyaya kanggo nerusake kuliyah. Dhasar Anisa bocah pinter lan prigel, anggone dodolan jamu gendhong ora mung sarana ider ana kampung-kampung, nanging uga dipromosekake ing jagad sosial media.

Saka anggone ulet lan keprigelane dodolan iku, omset penjualane bisa meningkat pesat. Kepara nganti ora keconggaah anggone nggladeni pesenan. Kanggo nambah produksi pesenen jamu sing mbludak, Anisa banjur ngajak tangga teparone supaya dadi tenaga produksi. Merga kabukten menawa dodolan jamu bisa nambah penghasilan kuluwarga, mula akeh wanita sing dadi mitra produksi jamu gendhong. Durung suwe iki Anisa kasil nggawe paguyuban Jamu Gendong sing mumpuni.

Marga keberhasilane kuwi, Anisa bisa nyekolahake adhine lanang ing perguruan tinggi. Anisa uga kasil ngembangake usahane dadi pemasok jamu ing papan-papan kang mentereng kaya dene Hotel, Mall-Mall, Rumah Sakit uga rumah-rumah makan, minangka Minuman Kesehatan. Tangga teparone uga melu ngrasakake anane peningkatan kesejahteraan wiwit melu jejak langkahe Anisa.

“Heh..., ditakoni kok malah ndomblong. Piye ta?”

Tangane Sabrina nyiwel pipine Anisa. Sing diciwel kaget. Raine saya abang, konangan anggone ngalamun. Anisa mesem karo kandha.

“Aku sak jane ora arep ngomong ning piye meneh kadhung wis dho ngerti.” Anisa ambegan landhung banjur kandha. “Apa ya mungkin Pak Indra serius karo aku Na? Pak Indra kuwi Manager sukses, sugih pisan. Aku ragu Na.”

“Ragu piye ta?”

“Aja-aja aku mung kepok tangan siji.”

“Aja glokro dhisik Nis. Kowe ki wanita ayu, mandiri, bodimu seksi lan nduweni karisma narik kawigatene priya. Kabeh padha ngerti yen Pak Indra nduweni perhatian istimewa karo kowe.”

“Alaaah, perhatian istimewa apa?” Anisa saya mongkok atine krungu pangalembanane Sabrina. “Kuwi lak yen penemumu, mbuh yen penemune Pak Indra,” Anisa isih durung percaya karo penemune Sabrina.

“Pak Indra kuwi umure wis telung puluhanan, aku isih selikuran, apa ya cocok ta?”

“Umur ora dadi masalah sing penting padha senenge. Ya, sik penting kudu ngati-ati. Kudu bisa njaga dhiri Nis, jaman sakiki lho. Aja gampang dirayu wong lanang!”

“Haaah..., kowe ki medeni aku wae.”

Bocah wadon kuwi banjur padha meneng, kabeh nduwe pangangen-angen dhewe-dhewe. Ngerti-ngerti Avansa Ireng kuwi wis mlebu plataran parkir Hotel Sampurna. Neng ngarep hotel Rina karo Lastri wis nunggu. Kabeh banjur padha ngudhunke gawane, lan gage-gage ditata ing papan kang wis ditemtokake.

Ora krasa wis jam loro awan, pameran UMKM produk lokal isih rame. Anisa isih tlaten promosi dagangane sing digelar. Wanita kang nganggo kebaya ijo pupus iku, pancen prigel anggone tawa-tawa lan narik pengunjug. Esem sing manis, ora tau ilang saka pasuryane sing ayu alami.

Dagangane laris kepara meh entek. Kari dagangan sing ana kemasan sing isih dipajang. Dene jamu segar wis entek wiwit jam siji pas rame-ramene pengunjug. Rani lan Lastri wis tata-tata mberesi barang-barange sing wis kanggo. Dene sing isih ditata ing pajangan.

“Klarisan Nis?” Swarane Pak Indra gawe kaget Anisa. Kapan anggone teka ora padha nglegawa.

“Eeh..., Pak Indra. Mangga katuran pinarak Pak!” Anisa ramah karo nyawisake kursi plastik kang sumadya ing kono.

“Wis ora, aku mung sedhela wae kok. Emmm..., jare sliramu arep nerusake kuliyah, sida apa ora? Yen sida ki aku nduwe kanca sing bisa mbiyantu. Eman-eman lho yen ora diterusake anggone kuliyah. Wis semester telu to mbiyen?”

Nisa kaget ora ngira yen Pak Indra sida arep mbiyantu anggone nerusake kuliyah. Kamangka wektu kuwi mung guyon nalika Anisa rasan-rasan arep mbacutke anggone kuliyah sing wis setahun luwih ditinggalake.

“Piye Nis?” Pitakone Pak Indra mbuyerke pikirane Anisa.

“Sak jane kula nggih tasih kepengen kuliyah Pak, nanging sak menika kula bingung sinten mangkeh ingkang badhe nglajengaken usaha kula.”

“Lha kuwi lakya bisa disambi ta? Yen bisa, mengko neng kantorku sedhela. Jam telu aku wis kangsen karo kancaku sing arep mbiyantu ngurusi anggonmu kuliyah ana perguruan tinggimu mbiyen.”

“Nggih Pak, mangkeh kula sowan.”

“Ya tak tunggu ya! Serius lho.”

“Nggih Pak.” Anisa banjur nerusake anggone pameran.

“Cieeee...cieee sik dikangseni Pak Indra.” Sabrina nduwe kesempatan nggoda Anisa.

“Huss! Aja sero-sero isin aku!”

“Isin pa isin?”

“Plook!” Dumadakan Anisa ngaplok awake Sabrina.

“Aduuuh!” Sabrina mbengok sero, ndandekake ana wong sing padha noleh mrono.

Bocah-bocah wadon kuwi rumangsa padha isin merga sadhar kalakuane kaya dene bocah-bocah abege. Anisa ngguyu dhewe ing batine. Anisa rumangsa seneng atine. Kaya dene tumbu entuk tutup. Kepengen sapejagong karo Pak Indra. Wis seminggu ora ketemu, rasane wis setahun tumrape wong kang lagi kasmaran.

Jam setengah telu, Anisa lan kancane wis rampung anggone beres-beres. Banjur bocah wadon iku padha siap-siap budhal. Lastri lan Rani wis bali luwih dhisik. Anisa uga wis ora sabar ngenteni tekan jam telu. Bola-bali niliki jam tangane. Banjur ngilo karo moles pipine nganggo wedhak sing digawa. Ora lali lipstik dioleske tipis-tipis ana lambene.

“Wis ayu Nis. Bola-bali dandan wae.” Panggodhane Sabrina marang Anisa.

“Wis kowe balia dhisik Na, aku mengko tak ngojek wae.” Kandhane Anisa marang Sabrina sinambi mberesi alat kecantikane.

“Yakin tak tinggal ora papa? Ya wis aku bali dhisik. Mengko yen ana apa-apa telpon wae ya!”

“Iya, beres.”

Jam telu kurang limang menit Anisa wis tumuju kantore Pak Indra. Pegawai hotel sing ditemoni wis padha tepung karo Anisa, dadi Nisa wis ora canggung

meneh yen nggoleki Pak Indra. Kabeh ngerti yen Anisa mitrane Hotel Sampurna. Ngertine ya urusan bisnis, ora ngerti yen ana hubungan khusus antarane Anisa karo Pak Indra. Jam telu thit, Anisa wis tekan ngarep kantore Pak Indra.

“Thok...thok...thok,” Anisa nuthuk lawang.

“Mlebu wae ora ana sapa-sapa kok.”

Anisa banjur mlebu ruwangan. Banjur lungguh ana sofa empuk kang ana kantor iku. Pak Indra uga banjur lungguh ana sandhinge. Banjur omong-omongan babagan bisnis, sinambi ngenteni tekane kancane. Ora krasa setengah jam kancane durung teka. Dumadakan Hapene muni.

“Halo!”

“Sori Pak, aku ora bisa teka. Iki ana acara ndadak, ngeterke Nyonya.”

“Oh, yawis. Njur kapan bisane ketemuan meneh?”

“Sesok tak kabari wae.”

“Ya ok. Tak tunggu kabar selanjutnya.”

Pak Indra banjur nyelehke hpne neng meja.

“Iki, kancaku ora bisa mrengse je. Ana urusan ndadak, ngeterke Nyonyae.”

“Lanjeng priapun Pak?” swarane Anisa rada manja.

“Ya rapapa ta, isih ana aku. Malahane ta ora ana sing ngganggu. Aku kangen karo sliramu.” Pak Indra saya nyedhaki anggane lungguh.

“Acaramu wis rampung ta?”

“Sampun Pak.”

“Aja nyebut Pak ta, Mas wae ben luwih mesra ngono lho.”


“Iya, Mas!” Anis semaur karo mesem.

“Lha, rak ngono!”

Jantunge Anisa dheg-dhegan. Lungguh jejer karo wong sing ditresnani. Kaya ngerti isi atine Anisa, Pak Indra saya nyedhaki Anisa. Sing dicedhaki meneng wae.

“Kowe kok ayu tenan ta Nis? Kok ra nguwati.”

Pak Indra ngelus pipine alon-alon. Anisa mung dhungkluk ora wani nyawang mripate Pak Indra. Anisa mung pasrah, nalikane Pak Indra ngarasi pipine. Rumangsa entuk kesempatan, Pak Indra saya wani tumindak sik durung sak mesthine. Anita bocah ndesa sing isih lugu iku ora bisa nolak pepenginane Pak Indra kang wus karasukan hawa nepsu. Wong loro ora bisa mbendung rasa ing njero dhadha.



Nalikane sadhar, Anisa banjur nangis sesenggukan. Pak Indra rumangsa salah, banjur ngrengkuh Anisa ana dhadhane. Banjur kandha.

“Apurane aku Nis, aku khilaf.”

Krungu kandhane Pak Indra Anisa sang saya ngcengke anggone ngruket Pak Indra. Pak Indra ngarasi pipine Anisa sing dleweran luhe. Pikirane Anisa campur adhuk, antarane seneng lan kuwatir.


“Ora ana sing salah Mas. Sing penting kowe kudu tanggung jawab!”

“Apurane aku Nis, aku ora bisa. Aku wis duwe bojo Nis.”

Kaya disamber mbledheg rasane, Anisa krungu omongane Pak Indra. Jebul priya sing ditresnani kuwi wis duwe bojo. Anisa rumangsa kapusan. Anisa mung bisa nangis sora. Rasa getun pancen tuwuh yen wis ana kedadeyan ala. Anisa mung bisa nggetuni kahanane, nanging ora bisa suwala. Anita ora bisa ndandani kedadeyan kang wis kebacut.

Sleman, Awal Oktober 2022

S.P. Handayani, Kepala SD Muhammadiyah Gondanglegi, Tempel, Sleman. Aktif di komunitas Pasbuja Kawi Merapi, FGSM Sleman. Beberapa karyanya ikut dalam antologi cerkak dan feature. Sekarang ikut aktif jadi reporter Majalah Memetri.



Srikandhi Tanpa Luh

Dening Eny MS


Tekan Lesehan Ati Lejar, Windi milih papan ing gubug cilik sisih wetan sing dirasa paling nyaman. Wanita 48 taun iku wis kangsenan karo Herlina arep ketemu ing dina Setu awan kuwi. Herlina iku kanca kenthele kawit SMA sing saiki wis dadi dhosen kaya cita-citane. Dene Windi dadi penyuluh kesehatan masarakat kang kantore ing Puskesmas, uga jumbuh karo gegayuhane.

Kekarone ngelengake wektu kanggo mangan bareng ing kono sadurunge lunga nggoleki Tami kanca sakelase sing wiwit lulus ora ana kabare. Durung suwe iki entuk kabar menawa manggon ana ing pereng Gunung Sumbersari. Mula cah loro kuwi arep mara, karana kangene marang kanca sing mbiyen awor seneng susah dilakoni bareng.

Nalika sekolah mbiyen, Herlina, Windi, lan Utami kuwi klebu cah sing pinunjul, tansah juwara 3 besar oyak-oyakan ing kelase. Mula kerep didhawuhi gurune maju lomba cerdhas cermat makili sekolahe lan tansah juwara 1 nganti tekan tingkat provinsi. Guru-guru lan kepala sekolahe bombong banjur njenengi cah telu kuwi Trio Srikandhi sing pinter, lincah, lan mrantasi.

Amerga kerep awor, sinau bareng, latihan cerdhas cermat lan sapiturute, Lina, Windi, lan Tami dadi raket. Apamaneh ing suwalike prestasine kang agawe arume sekolahe, cah telu kuwi padha-padha uripe rekasa. Yen bar oleh dhuwit hadhiyah lomba, nuli padha crita.

“Alhamdulillah, hadhiyahe wingi kena daknggo mbantu mamak nempur, karo nggo sugu sekolah adhi-adhiku,” kandhane Windi wektu kuwi, sing wong tuwane randha. Bapake tilar nalika dheweke kelas 2 SD.



“Nggonku daknggo tuku tas. Lha tasku pedhot, rite menga rung dipundhurate simbah,” ujure Tami sing bapak ibuke pisahan njur padha krama dhewe-dhewe. Prawan ayu seger putih kuwi banjur dimomong simbahe.

“Nggonku entek daknggo tambah njupuk pit sing digadhekke bapak. Mula aku saiki bisa sekolah ngepit,” kandhane Herlina sing wong tuwane wutuh nanging bapake tukang main. Mengkonoa cah telu iku nduweni tekad sekolah sadhuwur-dhuwure.

“Jogja ki kota pelajar, akeh wong saka luwar Jawa padha kuliyah mrene. Mosok sesuk awake dhewe ora kuliyah merga wargad...?” ujure Herlina ing sawijining dina nalika wis arep ujian. Windi lan Tami sarujuk.

“Ya ditekadi. Awake dhewe tetep dadi srikandhi sing lincah lan tangguh ngadhepi kahanan apa wae,” celathune Tami. Cah loro liyane manthuk-manthuk.

“Iya. Kudu cerdhas, lincah ing gaweyan, ngerti unggah-ungguh suba sita, uga seneng ngalah. Iki karakter wanita Ngayogyakarta,” ujure Windi, kenya lencir kuning merak ati. Kanca liyane keplok.

“Siji meneh, awake dhewe kudu dadi wanita tama sing bisa njaga martabate wanita. Aja nganti kegodha priya sing ora tanggung jawab,” celathune Lina, kenya kang gedhe dhuwur lodrong-lodrong. Cah telu keplok meneh kebak tekad lan greget.

Mbasan wis lulus, Herlina nerusake kuliyah ing fakultas pendidikan. Lara lapa dilakoni tanpa nggresula. Wragad kuliyah direwangi golek gaweyan nyambi ngewangi dodol soto ing cedhak kampus, we sing duwe galake ora mekakat. Mengkonoa tetep dilakoni merga kareben ngirit nunut kost ora mbayar lan mangan gratis. Wusana kasil dadi sarjana kanthi predikat cumlaude. Wektu kuwi isih gampang, S1 bisa dadi dhosen. Pas ana lowongan, dheweke didhaptaptarake ngganti dhosen sing wis pensiun.

Windi nerusake ing Akademi Kesehatan Lingkungan. Wragade kuliyah direwangi dodol buah neng pasar. Kerep diunek-unekake mbok bakul liyane merga meri. Lha saploke Windi dodol ing kono, sing tuku padha milih nggone bakule sing enom, ayu, tur grapyak semanak. Dene Tami bar lulus ora ana kabare. Jaman semana durung ana hape, dadi ora gampang nggoleki kabare kanca sing wis lulus. Lulus ya bubar. Ketemu-ketemu wis tuwa, mbasan ana hape saiki, nuli padha gawe

grup sakelas, bisa reunian, sapiturue. Nanging Tami seprene ora ana kabare. Nate digoleki ing omahe ning jebul omah sapekarangane wis didol.

“Nuwun sewu, menika unjukan lan dhaharanipun, Bu...” swarane pramuladi njugarake panglamune. Karyawan iku ngladekake jus alpukat pesenane, es teh karemane Herlina lan grameh bakar diselehake ing meja.

“Nggih Mbak, matur nuwun,” wangsulane Windi, banjur niliki jam ing hapene. Wus meh seprapat jam nunggu durung teka-teka. Pikirane nglambrang meneh kelingan masalahe. Bojone kejiret utang rentenir, iki wayahe nyaur. Mengko angon wayah, arep utang Lina. Windi unjal ambegan banjur ngranggeh gelas.

Lagi wae nyerot jus, Herlina kusung-kusung teka. Wong loro salaman, gapruk rangkulan Nanging Windi kaget dene Herlina praupane peteng.

“Ana apa ta, Lin?” Pitakone Windi karo ngajak lungguh.

“Atiku ora kuwat nek dibandhing-bandhingkke, disaing-saingke ..!” Kandhane Lina mangar-mangar.

“Kok malah nyanyi...”

“Ora nyanyi, iki kasunyatan. Bapak Kevin jebul duwe wanita liya. Enom, ayu, semlohe!”

“Sabar, Lin. Wong omah-omah ki mesthi ana godha. Ana rembug dirembug sing apik-apik,” Windi ngandhani supaya atine Lina lerem. Wadhuh, arep disambati malah kedhisikan disambati Apa iya wong lagi susah kok ditembungi utang?

“Aku ora kuwat, Windi ..!” Lina mrebes mili.

“Heeh, kudu kuwat. Eling, wiwit mbiyen awake dhewe dadi Srikandhi sing tangguh ngadhepi masalah apa wae. Kelingan?” Pitakone Windi. Lina manthuk karo ngelapi iluhe. Akeh-akeh Windi anggone ngandhani. Mbasan wis bisa nata ati, wanita loro kuwi banjur mangan.

“Sida nggoleki Tami?” Pitakone Windi.

”Sida, mumpung aku duwe wektu,” wangsulane Lina sing katon sumringah. Rampung mangan, wanita loro kuwi bradhat tumuju pereng Gunung Sumbersari. Lakune meh sa jam lagi tekan. Anggone nggoleki nganggo google maps we ora ana sinyal, mula takon-takon. Wusana tekan dhusune. Terus takon-takon omahe Tami nganti wong papat. Tetela ora gampang, merga ing kono jeneng Sri Utami kuwi ana telu.

“Ingkang saking Godean, Pak,” sumaure Lina marang piyantun sing ditemoni.

“Oh, mrika nika,” pawongan kuwi nuduhahe arahe. Dalan kuwi ngalor 200 meter ana lurung cilik menggok ngetan, omahe wetan dhewe. Antuk katrangan kuwi Lina lan Windi gage tumuju papan sing dituduhake. Katon ana omah cilik prasaja ing kono, nanging resik lan tumata rapi. Ing ngarep omah ana wi-wit kembang padha mekrok. Dene ing kiwa tengene ana kebon kang ditanduri kacang lanjaran, terong, lan lombok. Nanging uluk salam bola-bali ora ana sing mangsuli. Gek ing kono omahe isih arang-arang, adoh tangga. Wong loro mlaku neng wetan omah mengalor. Ing kebon mburi katon ana wanita nganggo caping lagi ndhangir wit terong. Ing sandhinge ana krek gumlethak. Wanita kuwi jebul sikile sing siji tugel. Lina lan Windi pandeng-pandengan.

“Kula nuwun...” Meh bareng kekarone uluk salam. Wong wadon sing ana kebon tumoleh. Gandrik! Windi lan Lina kaget kepati, jebul Tami. Arepa wis beda, katon tuwa, kapan kuru, andheng-andheng ing janggute kena kanggo niteni yen iku wong sing digoleki.

“Tami ..?!” Lina lan Windi mbengok bareng. Sing dibengoki genti mbengok karo nyeluk kaya ora percaya. Wong loro mlayu tumuju kebon. Sing diparani mlaku kedhingklangan nanging praupane sumringah. Gapyuk, wong telu rerangkulan ngesok rasa kangene.

“Kena ngapa iki, Tam,” pitakone Lina.

“Ayo mlebu dhisik,” Tami ngajak mlebu kancane liwat lawang mburi tumuju kursi ngarepan. Wong telu gupruk kangen-kangenan karo wedangan camilane kacang lan mbili.

Tami crita anggone sikile tugel merga kacilakan wektu boncengan karo bojone seka adol pari. Lina lan Windi mrebes mili.

“Alhamdulillah, mung siji kok. Isih ana sikilku sing sijine, saengga isih bisa mlaku,” ujure Tami semeleh, trus crita marang kancane ngenani panguripane. Lulus sekolah ora kuliyah nanging kerja neng Kalimantan. Ing kana oleh kanca priya sing padha senenge nganti anggone pacaran kebablasen satemah dheweke ngandheg. Mbasan njaluk tanggung jawabe, jebul priya kuwi wis duwe bojo. Tami ditinggal lunga, kapusan. Atine ajur sawalang-walang. Bayi sing ana kandhungan

digawa bali. Merga isin dadi omongane tangga, uga mindher karo kanca-kanca mula milih sumingkir, ngilang saka jagad pasrawungan. Omahe sapekarangane didol banjur nggo tuku omah sing adoh saka kono. Ibune sing mung ijen diajak neng kono nanging ora let suwe banjur seda. Tami ijen momong anake sing tanpa bapak. Sauger ana priya sing ngajak omah-omah, mesthi ora oleh karo wong tuwane si calon bojone.

“Golek prawan liyane akeh kok arep ngepek wong ra nggenah!” Mengkono anggone padha kandha. Tami kelara-lara.


“Nanging sing paling lara, yen anakku takon sapa bapakne...” kandhane Tami nandhes. Mbasan anake wis SMP, ana sawijing dhudha pakaryane tani kang tulus ngajak bebrayan, gelem nampa apa anane. Tami urip mulya kaya wanita umume sing diwengku bojo. Anggone mbangun bale somah kaparingan anak loro. Lagi seneng-senenge ngrasakake urip, anake sing cilik tiwas merga corona lan ora let suwe bojone uga ndhisiki sowan Gusti merga kacilakan. Tami urip ijen maneh kanthi sikil putung siji marga diamputasi nanging kudu nragadi anak loro. Lina lan Windi nangis krungu kisah uripe.

“Kabeh iki daklakoni kanthi eklas, manut kersane Gusti. Gusti iku ra bakal nyengsarakake titahe. Mung awake dhewe sing ora gaduk,” pratelane. Kancane loro malah sangsara banjur luh.

“Rasah ditangisi, dadi wanita ki kudu tangguh ngadhepi apa wae. Aku wus nate salah, mula anakku aja nganti kaya aku,” Lina lan Windi katrem ing pangrasa.

“Tekadku, anakku kudu sekolah sadhuwur-dhuwure, kudu kuliyah. Arepa aku pincang, aku tetep lincah kaya Srikanthi kanggo mbangun masa depane anakku,” kandhane sabanjure kanthi makantar-kantar tanpa luh kaya kancane sing dicritani. Lina lan Windi ngelapi luhe. Ing ati padha mbatin, Tami iku pancene wong tabah apa merga wus kasatan luh merga wareg kahanan uripe sing lara lapa? Jawabane kabur kagawa angin kang nyempyok gegodhongan ing kebon.

Sanggar Ati Lejar, Oktober 2022.



Eny Ms (Eny Murtiningsih), tulisannya dimuat di Koran Merapi, Kedaulatan Rakyat, Majalah Sabana, Djaka Lodang, Memetri, Sempulur, Majalah Belik, dll. Pernah jadi penulis terbaik Lomba Menulis Uneg-uneg Koran Merapi 2006, Nomine Sayembara Nulis Novel Jawa Disbud DIY 2020, Juara 3 Sayembara Resensi Novel Kalipa 2021. Sekarang Wakil Pemimpin Redaksi Majalah Basa Jawa Digital Belik Yogyakarta. Surel enyms591@gmail.com



Nyi Kesi

Dening Budi Sardjono



Asma sindhen Nyi Kesi lagi dadi kembang lambe tumrah pandhemen wayang kulit. Angger dhalange Ki Santika, bintang tamune Nyi Kesi, penonton mesthi mbludag kaya banjir kang ora bisa dibendung. Ki Santika kalebu dhalang enom sing lagi moncer-moncere. Jadwale pentas prasasat ora leren. Sesasi kempuut ditanggap mrana-mrene. Ora mung ana ing laladan provinsi, nanging wus kaya bus penumpang. Antar Kota Antar Provinsi kang diringkes dadi AKAP.

Larise Ki Santika gawe bungahe para niyaga lan rombongan sindhen sing sakawit pancen melu dhalange kuwi. Prasasat saben bengi ora tau turu omah. Uripe kaya dene kalong apa codhot. Golek pangan ing wayah wengi. Nanging kabeh mau padha dilakoni kanthi gumbirane ati. Awit rejeki kaya banyu mili. Durung asat wus kejokan.

Ora mung para niyaga lan sindhen sing kecipratan rejeki saben-saben Ki Santika pentas wayang kulit sawengi nutug. Uga para bakul wedang, bakul sate, bakul panganan lan bakul dolanan kanggo bocah-bocah. Kabeh kelarisan. Piye le ora. Penonton mbludak. Kamangka wong-wong mau uga butuh anget-anget lan dedhaharan. Amrih weteng ora kosong kang anjalari gampang masuk angin.

Kena dibedhek, penonton seneng banget menawa titi wanci adegan limbukan. Adegan mau adat saben isih rada sore. Durung gara-gara. Ana sing ngarani menawa adegan limbukan kuwi akale para dhalang kanggo ngenteke wektu. Awit bisa rong jam dhewe. Ki Dhalang bisa mamerke para bintang tamu sing pancen banget dienteni penonton.

Ya ana adegan limbukan kuwi Nyi Kesi anggone pamer swara lan gojekan karo dhalange. Dhasar praupane pancen ayu, awake weweg, kenes, swarane pancen kung,



menawa gojek karo dhalange ora wigah-wigih anggone sesauran tembung. Kuwi kang njalari penonton dha kesengsem. Mula ora maido menawa saweran kanggo Nyi Kesi kalebu gedhe gunggung. Mligine saka penonton bapak-bapak. Ora owel ngrogoh dhompot kanggo nyawer Nyi Kesi. Mbuh piye anggone dhelikake dhuwit dingo nyawer kuwi kareben ora konangan bojone. Pamite mesthi wae mung nonton wayang. Ora bakal pamit marang bojone yen mengko arep nyawer Nyi Kesi. Tenah bojone bisa ngamuk.

* * * *

“Aku kok ora seneng yen nganti duwe mantu sindhen,” Bapak celathu sajak karo ngilirik aku.

“Lire kados pundi, Pak?” pitakonku. Aku karo bapak lagi lungguhan ana emper ngarep. Aku wis janji arep lunga karo Yadi. Mula aku nunggu ana emper.

“Jaman mbahmu dhisik ya ora ngidinke menawa anake arep rabi karo sindhen,” wangsulane Bapak.

“Menapa Bapak rumiyin gadhah pacar sindhen?” pitakonku karo mesem.

Bapak gedhek-gedhek. “Ora gampang duwe pacar sindhen, Sam. Kudu kandel bandhane. Yen dhompote mung tipis, aja pisan-pisan wani nyedhaki sindhen. Ora bakal direwes! Aluwung golek bakul apa guru SD wae, he..he..he..” Bapak ngguyu. Aku melu ngguyu.

“Menapa bakul lan guru SD niku kersa menawi dipek bojo tiyang mlarat, Pak?” aku mincing nganggo pitakonan.

“Ya ora mesthi. Nanging sakora-orane menawa bakul utawa guru SD kuwi ora mata dhuwitan!”

“Ohh, mekatan. Menawi sindhen menapa sedaya gadhah watak mata dhuwitan?”

“Biasane ngono.”

“Ateges mboten sedaya?”

“Akeh-akehe mata dhuwitan.”

“Nanging mboten sedaya ta, Pak?”

Bapak ora age-age wangsulan. Malah nyruput wedang kopi pahit karemane. Aku ndengangak ndelok dalan arep omah. Sapa ngerti Yadi wis nunggu. Nanging sing daktunggu durung teka.

“Pokoke kowe kudu eling welinge mbahmu. Aja golek bojo sindhen. Wong jejodhohan kuwi piya-piye kudu ngelingi bibit, bebet lan bobot. Isih kelingan ta artine tembung telu kuwi?” muni ngono Bapak banjur menyat saka kursi terus mlaku menyang kebon buri omah.

Ah, bibit, bebet lan bobot. Bibit, kudu didelok silsilah kuluwargane. Saka ngendi asale, kalebu kuluwarga pinunjul apa mung wong cilik biasa. Bebet, ditaker duwe bandha donya ora. Sepira sugihe calon jodhone. Bobot, duwe pangkat lan derajat ora? Sapira dhuwure anggone sinau. Duwe gelar kasarjanaan ora?

Ah, luweh! Aku ora tau mikir tekan semono. Jaman wus owah gingsir. Ana kalane pranatan lawas kudu diganti ngenut lakune jaman. Nanging uga kudu diugemi menawa pranatan lawas mau ora geseh adoh saka jaman saiki.

* * * *

Bokmenawa Bapak ngerti yen aku karo Yadi arep dolan neng omahe Nyi Kesi. Kanyata dheweke dhisik kakak kelas rikala padha sinau ana SMP. Jeneng asline dudu Kesi, nanging Kastini. Bocahe pancen ayu. Jaman semana wus dingo rebutan kakak-kakak kelas. Nanging sakngertiku Kastini ora ngrewes. Dheweke tetep sregep anggone sinau.

Bareng dheweke lulus aku banjur kaya kapedhotan kabar. Ora ngerti dheweke manggon ana ngendi. Setahun kapungkur aku lagi krungu menawa Kastini wis ganti jeneng dadi Nyi Kesi. Dadi sindhen kondhang. Uga kondhang menawa dheweke dadi randha kembang. Mula ora gumun menawa garangan banjur padha ngglibeti golek perhatian Nyi Kesi. Teka padha pamer mobil. Embuh mobil sewan apa mobil kredhitan sing durung lunas angsurane.

“Dhik Sam ta iki?” pitakone Nyi Kesi rikala aku karo Yadi wus ngadek ana ngarep lawing omahe.

“Kok ora pangling Mbak?” pitakonku.

“Ya ora. Jago smash voli SMP 19 je. Ayo mlebu!” Kanthi grapyak sumanak Mbak Kastini utawa Nyi Kesi ngajak aku karo Yadi mlebu omahe kang jembar.

Meja kursi kayu jati ditata kanthi asri. “Pirang tahun awake dhewe ora ketemu ya?”
Nyi Kesi banjur takon karo nyawang aku.

Aku mesem. Nyi Kesi kanyata ora kaya kang diomongke wong-wong kae. Ora umuk marga jenenge wus kondhang kawentar. Tetep sumanak.

“Aku dhisik kalebu fansmu lho Dhik Sam,” celathune Nyi Kesi bareng aku ro Yadi wus lungguh ana kursi. Ora let suwe ana pawongan kang ngga nampan isi gelas telu. Teh anget. Dene camilan wus sumadya ana toples kang dijejer ana meja. “Sapa sing ora kepencut karo jago smash voli jaman semana?” bacute Nyi Kesi karo ngajak ngombe wedang the kang wus cumawis.

“Mosok, Mbak?” pitakonku sajak ora percaya.

“Sumpih!” Nyi Kesi banjur nyaut. “Nanging ora wani arep nyedhaki. Saingane akeh, ha..ha..ha..”

“Menawa saiki aku sing wedi nyedhaki Mbak Kesi. Saingane akeh, ha..ha..ha..,” aku mbales kanthi gojekan.

“Lho Dhik Sam durung palakrama ta?”

Aku gedhek. “Ora payu!”

“Yowis mengko aku sing mborong, ha..ha..ha..” kandhane karo nyawang aku. Mripate katon cemplorot. Lambene sing tipis kaya rembulan tanggal enom gawe gemes. Kuwi kang njalari akeh wong lanang padha kesengsem lan kepingin nyedhaki Nyi Kesi.

Ora ngira menawa patemon dina kuwi kaya dene reuni, kangen-kangenan. Yadi sing dhasare ora sugih gunem mung klecam-klecem. Rikala aku ro Yadi pamit, Nyi Kesi njaluk ijol-ijolan nomer telepon seluler. Rindhik asu digitik, aku dhisik sing menehi nomer.

* * * *

Paribasan ora angon wayah, esuk, awan, bengi, aku ro Nyi Kesi tansah sambung rasa lan sambung tembung kanthi whatsapp-an. Ana ing selo-selane ngepasi nyindhen, dheweke isih kober kirim tetembungan kang surasane tansah kepingin cecedhakan karo aku. Kanthi idin palilah saka Ki Dhalang Santika, Nyi Kesi ora melu mobil rombongan menawa ngepasi ditanggap. Nanging malah milih dakboncengke motor rodha loro.

“Wis suwe aku kepingin kaya ngene iki,” kandhane Nyi Kesi rikala mbonceng motorku.

“Ora kepingin dipethuk nganggo mobil?” aku mancing-mancing isine ati.

“Ah, kabeh garangan Dhik! Methuk nganggo mobil, mengko mulihe ngajak nginep neng hotel. Padhakke apa aku? Wanita pelanyahan?” wangsulane sajak rada emosi.

“Ora wedi masuk angin marga menyang mulih mung mbonceng motor?”

“Lha kena apa Dhik Sam emoh nyopiri mobilku?”

“Ndhak dikira aku mung sopir pribadi, ha..ha..ha..” wangsulanku karo gojekan.

“Hmm. Ora papa ta. Saka sopir pribadi suwe-suwe dadi bojo pribadi?”

Aku ora bisa wangsulan maneh. Dhadhaku kaya jumlegur rasane. Duwe bojo sindhen kondhang? Ah, ngimpi wae ora wani.

Ora mung sepiisan aku methuk lan ngeterke bali Nye Kesi menawa lagi ditanggap. Saben irung prasasat wus padha ngerteni kaya ngapa cedhaku karo sindhen Nyi Kesi. Wong-wong lanang padha cemburu. Ana sing ngarani menawa aku nganggo ajian Semar Mesem. Genea Nyi Kesi gelem dakboncengke nganggo motor. Kamangka akeh sing padha nawani arep methuk lan ngeterke mulih numpak mobil anyar.

Mbok menawa wus suwe anggone ngampet, Bapak ngundang aku karo malang kerik. “Isih kelingan omonganku dhisik?” celathune sajak rada emosi.

Aku mlenggong mbodhoni, ethok-ethok ora ngerti apa karepe.

“Aku emoh duwe mantu sindhen!” Swarane bapak rada sora. “Wong-wong wus padha ngrasani aku. Wuah kae Pak Bardi, sedhela maneh bakal duwe mantu sindhen kondhang. Aku isin Sam. Ora kok ngremehke sindhen, nanging aku tansah ngugemi welinge simbahmu. Aja nganti duwe mantu sindhen.”

“Bapak ngertos saking pundi?” pitakonku.

“Saben irung wus padha ngerti. Neng facebook, grup WA warga kampung, instagram, gambarmu karo Nyi Kesi padha dipasang. Kowe isih arep selak?” Mak klepat Bapak banjur lunga menyang kebon.

Aku mung bisa mesem.

* * * *

Marga tugas aku kudu ninggalake Yogyakarta suwene rong minggu. Sakjane aku ora diidini ro Nyi Kesi. Nanging bareng dakjlentrehke tugasku, dheweke bisa nampa. Ora suwe maneh pangkatku bakal mundhak. Dadi kepala biro DIY lan Jawa Tengah. Nyi Kesi melu bombong atine.

Anane android utawa telepon pinter njalari jarak Yogya-Jakarta kaya mung dipisahke tembok wae. Aku isih bisa gojekan karo Nyi Kesi. Tembung-tembung asmara prasasat ngebaki isine whatsapp. Menawa lagi sela aku bisa *video call*. Kaya ngene rasane wong kang lagi nandhang asmara. Kebak pangarep-arep. Donya katon kaya swarga. Sruwa-sruwi anane mung sarwa seneng.

Nanging limangdina sakdurunge aku mulih Nyi Kesi wus ora tau mbales WA-ku. Dak telepon ora ana wangsulan merga nomere wus ora aktif. Aku takon Ki Santika lan kanca-kanca sindhen liyane padha ora diwangsuli.

Kuwi kang gawe atiku dheg-dhegan. Sesawangane Nyi Kesi marai aku ora doyan mangan lan ora gawe jenjeme atiku. Ana apa? Apa dheweke wus gelem nampa wong lanang kang tansah pamer mobil anyar lan sawahe pirang-pirang hektar? Ketoke ora. Dheweke ora kalebu wong wadon sing mata dhuwitan. Menawa duwe watak mangkono, wus suwe dheweke gelem dirabi karo juragan mbako saka Temanggung kang bandhane ora entek dipangan pitung turunan!

Banjur ana apa kok Nyi Kesi kok meneng wae?

Ora sranta, sanadyan tugas durung rampung aku pamit mulih. Tekan omah Bapak kaya wong bingung rikala ketemu aku. Bapak ora wangsulan nalika dak takoni bab Nyi Kesi. Praupane malah kaya wong bingung, susah, mbodhoni, kabeh campur dadi siji. Wus ora sabar, aku banjur marani omahe Nyi Kesi. Nanging lawang pager omahe digembok. Tangga teparo padha ora mangerteni menyangendi lungane sindhen ayu kuwi. Ora ana sing dipamiti.

Atiku dheg-dhegan. Kelingan nasibe Ratu Malang, sindhen kondhang jaman Sunan Amangkurat I. Marga ratu Mataram kuwi kepingin banget ngepek garwa, dheweke tegel merjaya Ki Dhalang Panjang Mas bojone Ratu Malang. Sabanjure Ratu Malang diajak mlebu kraton. Nanging ora suwe banjur nganyut tuwuh. Ratu Malang tilar donya awit dheweke emoh dipisahke karo bojone, ya Ki Dhalang Panjang Mas.

Nanging banjur ana ngendi anggonku arep nggoleki Nyi Kesi? Apa kudu lapor polisi?

Nyawang Giri, Oktober 2022

Budi Sardjono, pengarang tinggal di Dayu, Jalan Kaliurang, Sleman. Menulis sejak 1976 menggunakan bahasa Indonesia. Tahun-tahun terakhir lebih sering menulis sastra Jawa. Dua novelnya yang sudah terbit dalam bahasa Jawa, ***Prau Layar ing Kali Code*** dan ***Prau Layar ing Kali Opak***.



Memedi Manuk

Dening Akhiyadi

Wiwit Setu sore sawise bali saka ngarit suket, Pak Karto mung grenengan wae ora entek-entek. Malah Narto, anake lanang sing nomer loro ya digubreng lan digrenengi melu disalahke. Krungu grenenge bapake, Narto kang sore kuwi lagi resik-resik nyapu ing plataran mung meneng wae. Ethok-ethoke ora ngrungokake.

Rampung nyapu plataran, Narto terus nyirami maneka warna taneman kembang ing emperan lan ing pojok sisih kidul kang ditanem ing maneka warna pot. Sasuwene nyirami taneman, kanyata bapake isih tetep grenengan wae. Masalahe apa, Narto ora ngerti.

“Nar, calon mertuamu kae ki genah ora?” pitakone Pak Karto kanthi mentheleng marani Narto kang lagi nyirami kembang.

“Lha, ora genah kepiye to Pak maksude aku ora dhong?” jawabe Narto kanthi rasa gumun ing pikire ana pitakon sing kaya ngono kuwi.

“Dhek dina Senin kepungkur, dheweke takwenahi klambi lungsuran sragam hansip. Karepku ki supaya dienggo salin, lha kok malah ngerti-ngerti dienggo nglambeni memedi manuk ing sawahe mbulak kidul ndesa kae. Lha genahe terus kepriye kuwi?” sambunge Pak Karto karo nyedhot rokok tengwene.

“Lha Bapak dhewe ngerti pa? Nek klambine lungsurane sragam hansip kuwi dienggo nglambeni memedi manuk?” jawabe Narto kanthi kalem.

“Ha sing kandha ki Pakdhemu Darto. Lha kuwi rak jenenge wong ora nggenah, sanajan kuwi klambi lungsuran kudune ya diormati ta!” jlentrehe Pak Karto karo nerangake menawa lungsuran klambine kuwi isih wangun dienggo. Tinimbang dheweke ing saben dinane mung nganggo kaos luthuk kebak endhog kremak.

“Kejaba kuwi, klambi sragam hansip kudu diormati, minangka klambi sing duweni sejarah perjuangan ing bidhang sosial. Ora malah dienggo nglambeni memedi manuk ing sawahe?” tambahe Pak Karto karo lungguh meneh ing dhipan.

“Nar, nek ketemu calon maratuwamu kuwi tulung dikandhani. Diwenehi lungsuran klambi hansip kuwi kudu diormati. Ora mung saksenenge dhewe,” piweling Pak Karto marang Narto.

“Yoh, Pak kapan-kapan tak mara ing omahe Eny. Sisan karo ngeterke undangan rapat mudha-mudhi kanggo ngrembug kegiatan ngadhepi pitulisan Agustus taun iki.” Jawabe Narto karo ngenepake jendhela sisih lor ngarep. Ora suwe Pak Karto uga terus mlebu ngomah saperlu arep enggal menyang masjid Al Fatah kanggo nindakake sholat maghrib berjamaah.

Kahanane Setu sore ing mbulak sawah ndalan Kwagon katon nyenengake. Hawane sore kuwi katon adhem sumilir kagawa angin saka kidul mangalor. Manuk-manuk padha mabur mrono lan mreng. Terus ana sing mencok ing pang-pang wit turi lan randhu. Manuk-manuk kuwi padha ngoceh kanthi swara kang maneka warna jinise kanthi nyenengake. Kaya-kaya manuk-manuk kuwi pada seneng-seneng tetembangan ana ing swasana kang endah ing sore kuwi.

Akeh bocah-bocah lan para mudha lagi padha angon wedhus. Uga ana bapak-bapak kang ana ing papan kono kanthi maneka warna kegiyatane. Wedhus-wedhus kuwi padha mangani suket ing pinggir dalan. Ana sing dicancang karo wit turi lan randhu supaya ora mangani taneman pari kang ana ing kiwo tengene kono. Suket ijo royo-royo ing pinggir dalan kuwi katon nyenengake tumrap wedhus-wedhus sing wis padha luwe.

Anggone padha nunggu wedhus ana sing lungguhan ing buk, ana sing thenguk-thenguk ing ngisor wit turi lan randhu, ana sing ngarit suket ing pinggir dalan lan liya-liyane. Semono uga Pak Kamto, Lik Darto, Lik Kamdi, Kang Parto lan Pakdhe Suto uga padha asyik karo kegiyatane dhewe-dhewe. Ana sing ngarit suket, ana sing nunggu wedhuse karo lungguhan ing cedhak wit turi, ana sing ngguyang wedhus, ana sing mriksani taneman parine ing sawahe merga wis padha mrekatok arep padha kuning sarta ora suwe meneh arep padha panen.

“Wah tandhurane pari duweke Lik Kamto lemu-lemu. Sesuk panenane mesthi akeh lan mentes,” kandhane Pakdhe Suto marang Lik Darto kang padha lungguhan ana ing cedhak wit turi.

“Lha ya cetha ta, panenane mesthi apik lan mentes-mentes. Sebab saben wektu ditunggu kanthi giliran karo bojone, saben nunggu terus narik-narik memedi manuk sing digawe saka cagak pring kanthi digawe wong-wongan dhuwur ing tengah sawah.” Jlentrehe Pakdhe Suto.

“Apa meneh panenane Lik Kamto kae, mesthi mentese luwih apik. Sebab memedine digawe saka lungsuran klambi hansip, digawe wong-wongan dhuwur lan diwenahi caping lan medeni banget,” sambunge Kang Parto karo nyelehake capinge ing sandhinge anggone lungguhan.

“Lha kok duwe lungsuran klambi hansip ki saka sapa?” pitakone Pak Darto karo mrenahake anggone lungguhan ing ngisor wit turi.

“Saka lungsuran klambine hansip Pak Kardi,” wangsulane Pakdhe Suto kanthi cekak.

“Wooo, lha kok malah dienggo gawe memedi manuk. Klambi lungsuran kuwi isih apik to, kok ora dienggo salin wae?” pitakone Kang Parto.

“Aaa, embuh aku yo ora ngerti je?” jawabe Pak Darto karo nyedhot rokok tengwene.

Srengenene ing wektu sore kuwi wing ora katon, wis angslup katutupan mega ireng ing sisih kulon. Ora suwe meneh wayahe wis ngancik surup sarta sedhela meneh tumiba ing wektu maghrib. Kabeh terus padha bali tumuju ing omahe dhewe-dhewe.

Minggu sore watara jam limonan, Narto menyang omahe Eny Nuraini saperlu menehi undhangan rapat. Sore kuwi ngepasi Eny Nuraini lagi nyirami tanaman kembang ing emperan ngarep. Undhangan rapat terus diwenehake marang Eny. Ora suwe sakloron terus lungguhan kursi ing emperan ngarep.

“Dhik Eny, Bapak ana ora. Aku arep ketemu dhilit?” pitakone Narto sawise lungguhan karo njupuk majalah Basa Jawa *Belik* lan *Memetri* kang ana ing meja. Narto terus mbukak-mbukak majalah kasebut.

“Ana mas, lagi resik-resik ing kebon mburi,” jawabe Eny Nuraini karo menyang saka papan kono saperlu nggoleki bapake.

“Pak, digoleki Mas Narto. Arep ketemu Bapak!” kandhane Eny Nuraini sawise ketemu ing kebon mburi.

“Yoh, dienteni dhilit tak wisuh dhisik,” jawabe Pak Kamto karo mlaku tumuju sumur mburi kang ana ing pojok omahe.

Ora suwe Pak Kamto terus nemoni Narto ing emperan ngarep. Dene Eny Nuraini wis nyiapake wedhang anget karo godhogan tela anggane mbedhol ing kebon mburi. Kabeh wis cumawis ing meja emperan ngarep. Rampung nyawisake unjukan lan tela, Eny Nuraini terus mlebu meneh.

Sakloron terus padha jangongan kanthi regeng lan gayeng. Padha ngomong ngalor lan ngidul kanthi ngomongake kesibukane para warga ing kampunge. Ya ngomongake para warga sing padha duweni ternak bebek, wedhus, sapi lan liya-liyane. Uga ngomongake para warga kono kang sedhela maneh arep padha panen pari, lan ngomongake rencana kegiatan pitulisan sing arep teka.

“Nyuwun pangapunten Pak, badhe nyuwun pirsane. Lungsuran sragam hansip saking Bapak kok kangge damel memedi manuk wonten ing sabin. Niku priapun?” pitakone Narto kanthi lirih sebab duweni rasa wedi lan sumelang.

“Lha, dienggo gawe memedi manuk ing sawah yo ora papa ta,” jawabe Pak Kamto kanthi kalem karo njupuk godhogan tela.

“Ayo karo disambi, telane godhogan kuwi,” kandhane Pak Kamto marang Narto karo nyuput wedang teh anget.

“Inggih matur nuwun, Pak,” jawabe Narto karo njupuk godhogan tela.

“Lha Bapakmu ora trima pa, nek lungsuran klambine dienggo gawe memedi manuk ing sawahku?” sambunge Pak Kamto karo njupuk tela maneh kang rasane pancen enak banget.

“Nggih mboten Pak, namung kaget. Klambi sragam hansip kok boten diormati, malah kangge dhamel memedi manuk ing sabin,” unine Narto kanthi swara alon.

“Aku ki ateges ora ngormati klambi sragam hansip kuwi. Klambi sragam hansip tetep takormati kanthi apik. Gandheng wektu iki tanemane pari apik lan lemu-lemu lan wis arep mrekat, mula terus takwenahi memedi manuk saka

lungsusan sragam hansip. Memedine kuwi takgawe apik, ngadeg lan gagah dhuwur sarta diwenahi caping dicet biru lan diwenahi tangan saka debog. Menawa ditarik-tarik saka dalan bulak kae, memedi manuk kuwi bisa obah kanthi apik, manuke terus padha mabur lan wedi ora padha wani meneh nekani lan nyedhaki sawahku,” jlentrehe Pak Kamto kanthi gamblang.

“Wooo, ngaten to Pak. Amargi Bapak pinten-pinten dinten puniko namung grenengan mawon ing babagan sragam hansip ingkang kangge damel memedi manuk ing sabin,” jawabe Narto kanthi rasa seneng ing atine.

“Mengko rampung panen, sragam hansip kuwi terus takopeni, dikumbah kanthi resik, disetlika, dilempit kanthi apik, diwenahi parfum lan terus disimpen ing lemari. Mengko sawektu-wektu aku arep nganggo, aku tinggal nganggo,” sambunge Pak Kamto maneh.


“O... nggih, matur nuwun sanget. Panjenengan sampun nerangaken kanthi gamblang. Mangkih kulo jelasaken kaliyan Bapak ing babagan punika,” jawabe Narto kathi rasa ati kang ayem lan seneng ngerteni katranganane saka Pak Kamto kasebut.

“Kanthi diwenahi memedi manuk saka sragam klambi hansip kuwi kanyata manuke padha wedi kabeh. Taneman pari ora ditekani manuk-manuk lan dadi apik sarta isine pari dadi mentes-mentes,” sambunge Pak Kamto meneh.

Ora let suwe, Narto terus pamit. Budhal saka papan kono, atine Narto katon seneng banget sawise ngerteni alasanane calon maratuwane kuwi gawe memedi manuk saka lungsuran sragam hansip duweke Bapake. Kanyata memedi manuk kang digawe saka lungsuran sragam hansip bisa ngasilake panen pari kang luwih apik. Nyenengake kabandhing diwenahi memedi manuk saka plastik rapia utawa saka gombal-gombal liyane sing wis ora dienggo meneh.

Achyadi, pernah menulis di Majalah Nova Jakarta dan Mingguan Dharma Semarang. Selama menjadi guru SD, nyambi menulis di Kedaulatan Rakyat Grup, Majalah Candra dan Gembira Yogyakarta, Majalah Djaka Lodang, Memetri, Sempulur dan Belik. Piagam dibidang menulis ada 14 dan 12 diantaranya Tingkat Nasional untuk Non Fiksi dan Prosa Fiksi.





Eluh Ing Pipi Neny

Dening Ngatinah.

Dina awan iki Neny isih lungguhan ana ngarep laptop mbakayune. Ceritane film Korea ndadekake marahi kecandhuan utawa ketagihan. Apamaneh ana penyimpananne ing laptop bocah-bocah lagi ajar mangsak panganan. Wis makaping-kaping anggone ndelok acarane film mau, nanging isih seneng.

Neny bocah wadon isih kencur lagi nedheng-nedhenge seneng gegaweyan bagagan anyar (*eksplorasi*) utawa tarafe lagi nyoba-nyoba. Nyoba ngayahi kauripan kang dilakoni miturut karo umure.

Sing lagi diadhepi saiki tata carane ngawe panganan, omben, roti, es cream, pop corn lan sapiturute. Kuwi sing dadi jalari kepinginanane Neny marakake ngrusakake ati. Kepinginan sing ora bisa kabendhung wektu njaluk kepingin ngrusakake panganan. Pangangan sing langka ora mesthi ana ing ngomahe. Marga kuluwargane Neny ora tau ngulinakake jajanane.


“Mbake aku digaweke pop corn kaya sik nenggon film laptop iki. Aku durung tau mangan panganan kaya ngene iki. Kayake enak banget ya mbak,” panjaluke Neny ana ing telepon. Mbakyune lagi ana tamu karo kanca kerjane sing ngajak rembugan.

“Yoh sesuk ya! Iki lagi kerja,” jawabane mbakayune kanthi lirih marga ana papan panggonan umum.

“Mbake!” swarane Neny ngundang.

“Hest.. rasah iyiik, rasah hubungi aku,” mbake bedhedheg dhongkol diganggu wae.

Mbakayune medhotake sambungan hapene karo adhine, wedhi marang bose pandhuwure mundhak weruh ora kepenak athine.



“Wuu, mbak kuwi, terus dipateni hapene. Aku le ngomong durung rampung Mbak!” panyuwarane Neniy karo mbesengut. Ati sing lagi ora peneran tambah lara. Nganti eluhing netes pipine Neniy sing alus nganti kebes tumibo ana ing klambi. Disemayani karo mbakyune sing digemateni.

Neniy ngendegake leptope sing disawang karo dolanan kursore. Bola-bali ganti gambar sing ora karuan, mergane gambar masak pop corn ora keturutan. Pisan-pisan keyboote dipencet suwi, dadi metu gambar lan tulisan warna-warna. Suwe-suwe nganti jeleh terus nglekar ing sacedhake karo ngalamun.

Dumadakan ana swara motor lewat, age-age Neniy mlayu anguk-anguk metu niliki saka njero jendhela. Rasa gela ora ketemu mbakyune. Sing diantun-antun ora njedul. Tatu ing ati tambah jero. Kanyata dudu sing dikarepke.

“Kok bablas, berarti dudu mbakku,” kandhane terus mlebu maneh. Rasa sedhih marga durung keturutan kekarepanne. Ing kamare mbake uthak-uthik apa-apa dinggo dolanan karo teturon, deweke trus nyelathu.

“Bapak kapan pulang, aku kangen bapak!” rasa kangen Neniy nganti nyebut bapakne sing uwis suwi ora tau bali mulih. Ora dituruti sing njalari pikirane ngambar-ambar. Neniy nangis tansaya sero. Ing ngomah suwung ora ana uwong blas. Dhadia nangis sero ora ana gunane.

Kahanan ing dalan ramai akeh bocah padha oyak-oyakan. Kanca-kanca padha seneng nemokake dolanan sing njalari ger-geran. Ananging Neniy ora ngubris kahanan njaba.

Kepinginane olehe arep mangan panganan pop corn tansaya pingin banget. Njalari pangangen-angen mumbul tekan ngendi-endi.

“Pop corn sing tak gawe dhewe mesthi enak, arep di wenehi rasa maneka warna,” bathine Neniy.

Neniy isih lungguhan ana kamar marep ngidul. Ngarep omah cedhak mesjid.

“Pop corn arep tak gawe rasa sing paling enak buanget, kabeh arep tak jajal. Mbak arep takkon tuku sing rasa berbequ, keju, vanilla, moca, coklat. Saben sakrasa di bungkus dhewe- dhewe, ben kanca-kanca padha pesen karo aku..Hemm!” panglamune Neniy.

Ing njaba ana swara glothak, Neniy krungu mung ditoleh thok ora metu saka kamar. Dheweke mung mbacutake ngalamun menawa dituruti karo mbakyune.

“Bapak kok lungo terus ta! Aku iki pingin kaya kanca-kancane kae, bisa seneng-seneng plesir dolan tekan adoh-adoh. Hiii, hiii, hiii!” Swara tangise Neny maneh. Pancen rasa kangene suwe ora ketemu bapak. Sing njalari rasa kepingin ditresanani bapakne menawa nyandhing mesthi dituruti terus. Bapakne wus ora kelingan anake sing lagi nyenengake. Lagi mbutuhake kasih sayange.

Ora let suwe ibune mulih kerjo dodolan, buruh ngumbahi ana tangga desa. Ibune nggoleki Neny.

“Neny.. Neny, kowe neng ndi nduk?” ibune nggoleke tekan pawon. Ananging lawang kok ora dikunci berarti bocah isih neng ngomah.

Neny ing kamar mbake lungghuh ana pojokan karo ditutupi bantal rahine. Tangan nggoceki bantal kanthi kenceng banget.

Ibune nggoleki ana taman sing cedhak omah. Biasane dianggo dolanan Neny lan kanca-kancane. Lingak-linguk ora katon swara lan glibete bocah-bocah. Ibune mikir biyasanek nek lungo mesthi lawang dikunci, nanging mau mlebu lawang kok ora dikunci. Banjur age-age mulih maneh, mbok menawa bocahe neng ngomah.

Tangan tengen nyandhak gagang lawang terus mbukak lawang alon-alon. Mripate ngawasake mbok menawa ana wong mlebu ngomah terus lunga maneh gawa apa-apa. Basan wis nakyinake ora ana apa-apa banjur mbacutake mlebu ngomah lan mbukak lawang kamar siji-siji.

Mripate ngawasake tumuju entuk laptop urip ana kamar anake sing gedhe. Kok ora ana sing nunggu, gambare gedhe ora ana swarane, kepyur kabeh. Ibu mikir menawa iki gaweanne Neny.

“Iki sapa sing nguripake laptop kok ora dipateni. Bocah kuwi ana ngendi? Neny! Kowe neng ngendi mbak, kok nguripake laptop tinggal lunga?”

Atine isih durung tenang, banjur ditinggal nggoleki Neny. Kamar sing biasane dinggo dolanan dibuka, ananging durung ketemu. Tujokna mlebu kamar mbake banjur mripate dijembarake nggoleki ana pojok-pojok kamar.

Dumadakan krungu gludhuk. Ibune langsung nyandhak lawang ngarepe. Neny sing lagi ana pojokan nyekeli bantal glimpang. Ibune nyedhak terus nggrayang bathuke,

“Dhik kowe kenapa, lara pa?” pitakone.

“Hi hi hi, Ibu! Aku kangen bapak.” Rasa sing diculke ana lambe metu kamangka maune dudu kuwi.

“Iya ndhuk, rasah dipikir ya. Iki Ibu sayang ambek kowe,” ibune muni karo ngambungi Neney sing lagi nanggis.

“Ibu,” pangundange Neny.

“Iya kenapa ndhuk. Iki sing neng ngomah padha sayang karo kowe. Kowe arep nyaluk apa wae mesthi dituruti,” tangane mulung nggendong Neny sing isih lemes.

Neny mbuka bantal terus nubruk ibune. Swara tangise dadi pecah sero banget. Maune sing diampet kaya-kaya wis bisa udhal marga ana sing diajak guneman.

“Nduk Neny,” karo ngelus rambute sing teles banyu iluhe lan kringet. Neny isih nangis ana pangkon ibune. Rasa sing ngedandhul wis radha entheng.

“Kenapa nangis ana apa? Critoa, ibu ora bakal dhuka kok, matur apa kene?” pitakone ibune.

“Ibu aku pingin maem pop corn,” jawabe Neny.

“Gene mung kaya ngono. Coba nek ngerti sing dodol ngendi, ayo tuku karo aku,” wangsulane ibune.

“Ning laptop ana kabeh rasa warna-warna,” jawabane Neny

“Lah kok neng teptop, mau nonton leptop?” ibune plenggongan.

Neny manthuk karo nudingi leptop.

“Ibu aku pingin pop corn sing rasa barbeque karo rasa stroberry,” kandhane Neny.

“Lha kok ana rasa warna-warna iku neng kene sing dodol terus ngendi ya? Aku durung tahu nemoni kaya mangkono kuwi?”

“Ibu aku mau arep nyuwun mbake. Ning ora oleh, mau telepon mbake, terus di tutup,” kandhane Neny.

“Neny, mbake lagi nyambut gawe ora oleh di ganggu. Iki lagi traning olehe nyambut gawe,” pituture ibune.

Neny mlayu njupuk leptop, banjur dibuka arep miruhake ibune. Tanganne nyandak keybote trus dinunul. Leptop sing didumuk durung metu gambar malah semute padha mubal. Dheweke banjur ngundang ibune.

“Ibu kok ora ana gambare?”

“Mau sing nguripake sapa, Ibu bali laptop uwis kepyur. Iki mau Ibu mung ngerti nek iseh ana laptop mbukak, ora ana sing nunggu terus dak tutup.”

“Ibu ki mengko nek rusak aku sing diklerokake embak, iki piye jal!” unine Nen.

“Lha terus piye to dhik, aku ora ngerti, nek kuwi,” wangsulane ibune maneh.

“Ibu aku tak telpon mbak ya?” panjaluke Nen.

“Ora usah nduk. Mbak kuwi lagi nyambut gawe, ndak nganggu mengko didukani juragane,” ibune jelasake.

“Ibu kuwi,” Nen arep njelasake.

“Piye to dhik jelaske wae kene, ora usah nganggo laptop Ibu ngerti wis,” jawab ibune.

“Aku pingin maem pop corn kaya sing nggon film laptop,” Nen njelaske.

“Oalah pop corn iku saka apa to aku kok durung ngerti,” pitakone ibune bingung.

Nen metu golek gambar nggon buku pelajaran terus dibukakke. Lembaran buku di bukak mbaka siji mbasan ketemu banjur diweruhake ibune.

“Kaya iki Bu.”

“Oh saka jagung ta. Nek ngono Ibu bisa gawe.”


“Aku njaluk mbake sing nggawekke. Biyen mbake wis tahu cerita nek arep ngawe kok,” wangsulane Nen.

“Nek ngono gampang dhik. Dak gaweke ya. Saiki aku ya isih duwe jagung kok,” ibune terus mlebu ana pawon nggoleki mbok menawa ana jagung.

“Ibu bisa gawe. Dhek cilikane Ibu ya gawe panganan kuwi marga ora bisa tuku panganan liyane. Biyen iku digawe dicampuri rasa manis, terus bisa digawe manut wadhahe, dikepli bisa bunder-bunder barang,” jelas ibune.

“Sing gawe Ibu ora enak. Aku emoh maem, mbak wae mengko. Nek mbak sing gawe mesti digawe rasa warna-warna kaya ana barbeque, moca coklat barang,” jelase Nen.

“Oh ya wis saiki karo nunggu mbake aku duwe dolanan apik?” pangajake ibune banjur ngetokake bal sing digawe saka dluwang karo plastik lungsuran. Iku mau gaweanne juragane sing dadi guru TK nggaweke murid-muride.



Neny seneng banget entuk dolanan. Terus dinggo dolanan uncal-unacalan dhewe. Suwe-suwe metu ngomah golek kanca. Kancane padha seneng melu dolanan.

Tekan mangsane mbakayune mulih, terus nemoni adhine njaluk ngapura. Kanggo nebus kesalahane mula mbakayune nuruti terus diajak golek bahan sing arep dinggo gawe pop corn.

Ngatinah, Guru TK Garuda VI Medari / TK Kartika III-37 Medari Sleman DIY.
Jadilah diri sendiri agar hidup lebih tenang. surel: ngatinahaba@gmail.com WA 087733208258, Blog: Ngatinahaba. Ig: ngatinah0732.

Tanaya

Dening Alexandra Indriyanti Dewi

“**N**ah. Kecekel Kowe saiki! Wis Kowe ora isa selak meneh.”
Pambengoke Bagas. Reni karo Andre njondhil saking kagete.
“Selak apa, ta?” Andre wangsulan Karo bingung.

“Halaaah, wis ora sah mungkir. Kowe rak arep kangsenan kencan karo Reni, ta. Ra sah selak. Kowe dha arep cidra ta!” Eva melu mbengok sora.

“Kencan?” Reni wangsulan karo plenggongan.

“Lha wis cetha. Kowe karo Andre genah selingkuh. Aku wis suwe cubriya, geneya saksuwene iki kowe wong loro ming glenak-glenik. Pa ya kowe ki ora idhep isin tumindak culika. Lha Rendi, adhiku, ki kurang apa? Kowe ming cah kampung disandhangi, dibandhani malah tega laku serong, nganti meteng kaya ngono.”

Lastri, mbakyu ipene Reni melu gunek-unekke. Reni saknalika pet-petan. Donyane peteng. Awakke kaya dilolosi banjur ambruk. Sakumpama Andre ora ana neng sisihe, Reni mesthi wis nggledhak tiba neng njubin. Ning, kanthi alon awake Reni ditampani banjur dibopong menjero karo nguwaske wong-wong sing tambah yakin menawa antarane Reni lan Andre ana sesambungan tresna. Andre banjur diewangi Pak Man lan Agus, satpam pabrik sing nalika kuwi arep ngleremake wong sing dha bengak-bengok mau.

“Wah jebul tenan, ta. Mas Andre karo Reni ki ana sesambungan kang ora bener.” Eva mbacutake guneme. Nanging, durung nganti sing liyane dha nyambung kedelai Mr. Park, bos pabrik kuwi teka.

“Ana apa iki?” Pitakone nganggo basa Jawa sing durung patinya medhok.

“Reni kalih Andre selingkuh, Mister. Kedah diparingi sanksi disiplin.”
Kandhane Bagas menehi laporan. Sing dilapori ming meneng karo gedheg-gedheg.
“Wis bubar! Bali nyambut gawe. Urusan keluwarga, aja digawa neng kantor.”

Kandhane Mr. Park karo nggiring wong-wong kuwi supaya ora ngisruh neng pabrike. Sawetara kuwi, Diah lan Mr. Seo namatke bubare wong-wong saka ruangan personalia saka loteng. Diah ngunjal ambegan dhawa, "Lha, jane ki piye? Kok isa dadi rame kaya ngono." Pitakone Mr. Seo. Diah ming gedheg alon "Kula nggih mboten ngertos mula bukane Mister. Ning sakmireng kula, Reni nika sampun nikah wolung tahun mboten gadhah anak. Kamangka, marasepuhipun pengin selak momong putu. Lha marasepuhe Reni niku asring ngungel-ungelaken Reni menika mandhul. Malah lajeng mbujuki Rendi semahipun Reni supados pisahan lan pados semah sanesipun. Utawi menawi Reni purun njih pun wayuh." Kandane Diah.

"Wah jebul anak ki penting banget ya kanggone wong Jawa ya? Nek neng Korea, wong omah-omah kuwi ya apike duwe anak. Ananging menawa ora duwe ya ora papa. Nggumunku, nek Reni kuwi mandul lha kok isa meteng ki piye?" Pitakone Mr. Seo. Diah ming ngangkat pundhake.

Sawetara kuwi, Reni banjur diplayoke ana rumah sakit. Diterke Andre karo Agus Satpam amarga banyu ketubane pecah. Andre uga ngabari Rendi bojone Reni supaya nyusul ana rumah sakit. Rendi sing lagi nandangi gaweyan banjur nggeblas nututi neng rumah sakit diterke Refo kakange cer. Rupane Rendi wis pucet ra karuan amarga anak iki sing banget diarep-arep laire. Nanging, lagi wae rampung mitoni kok malah ana kedadeyan sing ora dikarepake. Rendi saya tambah ora kepenak atine gene Lastri mbakyune malah wis ndhisik ana rumah sakit. Sakwise ketemu Andre sing masrahke samubarange lan nyiritakake kabeh kedadeyane, Rendi katon nesu banget. Raine mangar-mangar, ambegane abot lan swarane groyok. Saumpama ora didem karo Refo, mbakyune mesthi wis ditaker wareg.

"Mbak Lastri, aku rak wis omong. Anak sing neng wetenge Reni kuwi tenan anakku. Dudu anakke Andre." Kandane Rendi semu mangkel.

"Kowe ki genah lucu. Kudune wong lanang kaya kowe ke sujana, cemburu. Lha wong bojone digebang uwong nganti meteng kok ora ana cubriyane sithik-sithika. Apameneh saiki sakperangan uwong wis ngerti kahananmu. Kuwi ya merga salahe bojomu, ndadak crita kahananmu karo Eva sing lambene kaya ember borot." Lastri wangsulan luwih nandes.

"Kabeh kuwi pancen salahe wong wedok. Apa kowe ora duwe welas jer jeng Reni kuwi padha-padha wedok kaya kowe lho, Mbak." Refo kakange Rendi cer mbelani.

"Kowe rasah melu-melu. Pa kowe ora rumangsa diwirangke merga polahe Reni? Apa kowe mentala yen Bagas adhimu diidak-idak, diwirang-wirangke? Rendi semono uga, nek wis bucin ora isa njaga ajining dhirine pribadi." Kandane Lastri mora-mora.

"Uwis cukup, Mbak. Kabeh ki aku sing salah. Aku wis bola-bali matur karo ibu lan sliramu, Yu Lastri. Aja sok ngarani wong liya menawa durung ana bukti nyatane. Apameneh ngarani yen Reni mandhul terus dijarwake neng endi-endi. Lha jenenge wong diarani, dituduh ya mesthi selak, mesthi bangga. Ra wurunga mbasan periksa dudu Reni sing mandul. Ning aku sing ora isa nganaki. Yen mboten kowe karo Ibu ora melu-melu bab urusanku omah-omah, ra bakal dadi kaya ngene!" Kandane Rendi ngempet eluhe.

"Ya merga kowe kuwi mandul. Dadi sing neng wetenge Reni kae anake sapa? Anake Andre?" Pambengoke Lastri.

"Ssssttt, Mbak! Iki neng rumah sakit." Refo ngelingake mbakyune. Lastri banjur makklakep. Apameneh nalika weruh meh kabeh wong sing dha tunggu pasien dha nginguk seka cendhela. Semana uga perawat sing neng cedhak kono. "Wis Saiki ora sah padudon. Murih becik wae piye." Refo nengahi.

Durung nganti padha rampung anggone regejegan, Dokter Marta metu saka ruang bersalin lan nyalami Rendi. "Wah ndherek bingah nggih pak Rendi. Sampun lair putri. Menik-menik kados mbak Reni. Senadyan wulanipun dereng cekap sangang Wulan, ning berkahing Gusti, putrane sehat, ibunipun ugi sehat. Mangga, Pak menawi badhe tuwi keng putra lan keng garwa." Kandhane Dokter Marta grapyak. Rendi sing wis ora sabar banjur ngetutke suster lan bidhan mlebu ruang bersalin.

"Wis kae, ditamatke rupane! Ponakanmu tenan apa anake Andre." Lastri njawil Refo karo bisik-bisik.

"Mbak! Tujune bocahe slamet. Nek ora, sida dirujuk tenan awakmu karo Rendi. Genah iki anak sing ditunggu-tunggu Rendi lho. Mbok ya aja sok ngarani sing ora-ora." Refo nyaut alon. Sing dijak omong melengos.

Kabar yen Reni wis babaran wis sumebar ana pabrik. Kanca-kancane Reni sakperangan uga wis ana sing tilik. Ananging maneka werna uga sing dikojahke. "Anakke putiih. Jan kaya susu ngana kae kulit-kulitane. Ayu blongor-blongor. Gek ora pada karo mbokne. Reni ki ya cen manis, Ning rak ireng. Rendi ya senadyan kulite resik ora putih memplak ngono kuwi. Gek njuk anak nemu ngendi?" Romlah miwiti ngrasani banjur disaut Eva, "Lha ya wis cetha anake Andre kuwi. Ngono kok ndadhak takon."

"We... beda, Va! Iki putihe kaya Korea-Korea ngono kae lho" Lasmi mangsuli.

"Aja-aja ora ming karo Pak Andre. Ning karo Mister Park barang. Lha wong wingi wae pas digropyok kae Mister Park mbelani lho. Rumah sakite ya sing mbayari Mister Park. Mobil sing nggo nggawa ya udu mobil kantor ning mobile Mister Park dhewe. Rak ya aneh ta?" Romlah nanduki. Ning sing ngagetke bocah-bocah pabrik nalika ngrasani Reni Karo Mister Park. Eva ketok nesu piye ngono. Bocah-bocah Kuwi dadi pada plenggongan.

Diah sing ngematke bocah-bocah kuwi mung ngguyu. "Wah ana sing cemburu jebule. Mugakna aja sak seneng ngarani wong liya nek atine dhewe nggembol kreneng. Mister Park kuwi ora mbayari Reni. Apa kowe dha lali nek karyawan kuwi duwe BPJS. Lha Reni ki rak ya ditanggung BPJS ta ragade. Nek wingi Mister Park nyangoni, kuwi nggo tuku bensin merga wedi yen mobile mengko kentekan bensin neng ndalan sakdurunge Reni tekan rumah sakit. Tumindak kuwi mbuktekake yen Mister Park karo Mister Seo kuwi nggatekake karyawan. Kok malah dirasani werna-werna. Awake dhewe kuwi wong wedok. Kudune malah mbiyantu kaume yen dicecamah, dilecehke wong. Ora malah melu ngingis-ingis kamangka jane ora ngerti tenane piye." Diah omong rada nylekit marang kanca-kancane sing pancen dha seneng rasan-rasan kuwi.

"Lha memange kowe ngerti sapa bapakne bocah sing dilairke Reni?" Lasmi takon. Diah mesem.

"Ya ngerti lah!" Diah wangsulan nandes. Romlah sing penasaran nguyak wangsulane Diah

"Njuk sapa bapakne? Pak Andre? Mister Park? Mister Seo?" Takone ndrindhil.

"Bapakne tabung." Wangsulane Diah kanthi mesem nylekit.


"Tabung? Maksude piye ki? Bayi tabung?" Lasmi uga ngoyak wangsulane

Diah. Diah ngguyu. "Pancen abot ya dadi wong wedok. Ora duwe anak, dijarwake mandul. Mbasan isa meteng diuneke selingkuh, cidra, laku culika. Njuk wong wedok kuwi nggone bener ngendi? Sing ngrasani, nggrenak, mitnah ya wong wedok. Ya ampun, kok tegel ya. Kamangka sing dialami Reni kuwi isa tumama neng kowe kabeh." Kandane Diah.

"Wis ya Mbak, aja gawe penasaran. Diwangsul wae ta." Romlah ngrampek-ngrampek. Diah mlerok.

"Menah ki tumindak wong wedok sing ra kena diconto. Senenge kepo, kepengin ngerti urusaning liyan. Hadeeuuh. Ning merga kowe kepengin ngerti takkandhakna ben ora padha seneng nggosip, rasan-rasan lan sak piturute." Diah wangsulane menah.

"Ho oh, Mbak. Nandang crita dadi nek nggosip *valid* ngono lho. Ora *hoax*." Lasmi tambah adreng, ora malah banjur sadhar krungu panyindire Diah. Diah menjeb. "Dadi ngene. Rendi kuwi nek jare Reni kena *Hipogonadotropik hipopituitarisme*. Dadi kuwi kurange produksi hormon perangsang *folikel (FSH)* lan *hormon luteinizing (LH)* neng kelenjar *pituitari*. Kekurangan hormon iki marahi wong lanang angel nganaki kanthi cara sing normal. Kabeh dibuktekake seka hasil tes. Dadi, ora kaya sing dikandhake mbak Lastri mbakyune Rendi lan uga ibune Rendi. Ananging, saksuwene iki Reni ming nyidhem omongane maratuwa lan mbakyu ipene kanggo njaga rasane Rendi lan njaga wutuhing keluarga. Ning kowe rak ngerti dhewe piye Lastri lan Eva yen mojok-mojokke Reni. Mugakna kanthi pitulungane Andre, Reni lan Rendi dikenalke karo Dokter Maria ahli kandungan. Dokter Maria kuwi mbakyune Andre. Sak wise dikenalke, Rendi lan Reni banjur terapi sawetara wektu ning durung isa kasil duwe anak kaya sing dikarepake. Mugakna Dokter Maria nyaranke bayi tabung wae. Dadi bocah kuwi bapakne ya Rendi kae. Nek bab putihing kulit lan sak piturute, lha wong sing jeneng bayi tabung kuwi dipilihke sel telur lan sperma sing sehat tenan, dadi ya ra mokal yen ana perbaikan DNA ngono. Dadi aja gampang ngarani. Rendi karo Reni le ora omong yen dha nglakoni program bayi tabung merga ragade ora sithik. Mengko mundhak ditladung menah karo mbakyu ipene karo nggo ngawekani wong-wong kaya kowe sing ra ngerti ngelmune ning waton muni. Mengko mbok rasani menah, kaya sapi kawin suntik. Hadeeuuh. Aku le ngerti merga Andre crita. Geneya yen



wong ora isa duwe anak kuwi ora mligi salahe wong wedok. Ananging ora penting nggolek sapa sing salah. Sing baku saiki wis ana teknologi kang bisa mbiyantu wong bebojoan supaya bisa enggal entuk momongan.” Diah mungkasi omongane.

Lasmi karo Romlah ndomblong.

Sawetara kuwi, ana rumah sakit, Lastri karo ibune pada tetangisan amarga rumangsa getun lan kleru wis mikir lan ngarani mantune tumindak sing ora-ora. Kamangka, sakjane Reni lan Rendi ngupiyake tenan supaya ibune Rendi bisa enggal momong putu. Rendi rila nyambut gawe rekasa supaya bisa melu program bayi tabung sakengga apa sing digadhang isa kelakon. Ibune Rendi katon bungah nalika bayi cilik sing putih, ayu, blongor-blongor kuwi didokok ana gendhongane. Saknalika ibune Rendi ngudang putune ”Tanaya sing ayu dhewe. Tanaya putune eyang. Tanaya sing kaya lintang.” Rendi lan Reni banjur rerangkulan kanthi kebak sih tresna. Anakke wedok banjur diwenehi jeneng Tanaya sing tegese anak. Anak sing ditunggu, anak sing digadhang, anak sing diarep-arep.

Maguwo 7 Oktober 2022

Alexandra Indriyanti Dewi, S.H.,M.Hum, sehari-hari sebagai dosen. Anggota Pasbuka Kawi Merapi, hobi membaca dan menulis. Beberapa karyanya terbit dalam antologi bersama.





Wanita Super

Dening Anggra Dini


Esuksu kuwi, langit kang biru lan srengenge kang ana ing sisih wetan nyumunari jagat. Maneka werna tetanduran katon ijo royo-royo sumringah kayata bungah isih bisa urip ing dina kuwi. Semana uga kulawargane Bu Siti. Esuksu kuwi Bu Siti katon sumringah nyepakake sarapan kanggo anake, Titi. Masiya dheweke uga kudu kerja, ananging kuwajibane anggone ngopeni anake ora tau dilalekake. Saliyane gati marang kulawarga, Bu Siti pancen ibu sing duwe tanggung jawab gedhe, amarga bojone, yaiku Pak Tian kerja ana ing jaba kutha, saengga mung ana Bu Siti lan Titi kang ana ing omah. Titi kang isih sekolah ing TK durung bisa ngopeni awake dhewe, saengga apa-apa ya kudu Bu Siti kang nyepakake.

Watara tabuh 06.00, Bu Siti gugah putrine kuwi. Ora amarga ana apa-apa, nanging Bu Siti ngulinakake putrine kanggo dhisplin lan sinau tangi esuksu supaya ora dadi bocah sing kesed. Pakulinan kuwi wiwit diajarke marang anake nalika anake wiwit mlebu sekolah TK. Bu Siti nyiauni Titi supaya dadi bocah sing duweni tanggung jawab marang awake dhewe.

Bu Siti: “Ndhuk, putrine Ibu sing ayu dhewe, ayo tangi ayo tangi, wis wayahe budhal sekolah lho, mengko telat yen ora enggal tangi.”

Titi: “Aaahh, inggih Ibu.” Masiya isih kriyip-kriyip, Titi tangi lan dituntun Bu Siti menyang jaba kamar.

Bu Siti pancen ibu kang duweni cara kang becik kanggo dhidhik anake. Saliyane dikulinakake tangi esuksu, anake uga dikulinakake kanggo kurmat marang wong tuwa. Wiwit bisa ngomong, Bu Siti wis ajar basa Jawa krama menyang anake, saengga anake dikulinakake kanggo ngrungokake basa Jawa krama saben dina. Mula kuwi, masiya durung patiya pas olehe basa, nanging Titi mesthi migunakake



basa Jawa kang alus yen lagi ngomong karo wong tuwane lan karo sapa wae sing luwih tuwa.

Bu Siti: “Ndhuk, ayo iyam dhisik, supaya seger lan ora aras-arasen. Kene dirucat dhisik klambine.”

Titi: “Yeay, iyam iyam iyam. Ibu, Titi iyam dhewe nggih.” Karo sumringah, Titi njaluk adus dhewe esuk kuwi.

Bu Siti: “Tenan arep iyam dhewe ta putrine Ibu iki?”

Titi: “Inggih Ibu, hihhihi.”

Bu Siti: “Ya uwis, Titi jajal iyam dhewe, mengko tetep dikancani karo Ibu.”

Titi: “Inggih Ibu.”

Masiya Titi jaluk adus dhewe, nanging Bu Siti ora bisa negakake anake kuwi adus dhewe, amarga arepa kepiye Titi pancen isih cilik lan isih mbabayani yen ditinggal dhewe. Masiya ngono, Bu Siti tetep ngolehi Titi belajar adus dhewe nanging isih tetep ditunggone ing jero jedhing marang Bu Siti.

Sawise adus, karo diblebed andhuk, Titi digandheng menyang kamar karo Bu Siti.

Bu Siti: “Ayo uwis olehe iyam, uwis entek banyune. Ayo enggal-enggal mentas kene.”

Titi: “Aaaa, Titi taksih pengin iyam Ibu.” Titi emoh mentas, amarga isih pengin dolanan banyu.

Bu Siti: “Lho, mengko telat lho olehe mlebu sekolah, Titi purun telat sekolahe?”

Titi: “Boten.”

Bu Siti: “Lha. Yen boten ayo saiki mentas dhisik, mengko sore maneh anggone dolanan banyu, ayo ayo ayo putrine Ibu sing ayu.” Kanthi sabar, Bu Siti ngomongi Titi sinambi mblebed awake Titi nganggo andhuk.

Sawise teka kamar, Titi diminyaki supaya anget, dikaosi lan diklambeni klambi sragam sekolah dina kuwi. Titi disisiri lan dipupuri saengga tambah resik lan ayu.

Bu Siti: “Wis, wis ayu anake Ibu, ayo sarapan dhisik sadurunge budhal sekolah.”

Titi: “Yeay, maem maem maem.”

Kanthi sumringah Titi metu kamar tumuju kursi ing ngarep kamar saperlu sarapan. Ora lali nonton *channel* senengane, yaiku spongebob sinambi didulang karo ibune.

Bu Siti: “Ayo aaa.” Bu Siti dulang Titi kanthi gati.

Bu Siti: “Ayo ayo kurang siji maneh. Duhh, pancen bocah pinter anake Ibu iki.”

Titi: “Aaaa, aem.” Titi ngemplok pulukan sing pungkasan.

Bu Siti: “Yeay, sampun telas. Iki mimik dhisik. Hebat tenan anake Ibu iki, yen maem mesthi entek.” Bu Siti ngundang anake sinambi menehake ngombe.

Titi: “Hore, Titi maeme telas, Titi pinter nggih Bu?”

Bu Siti: “Iya, pancen pinter tenan kok anake Ibu iki.”

Titi: “Hihihhi.”

Bu Siti: “Yawis, sampeyan ning kene dhisik ya Ndhuk, Ibu salin kalmbi dhisik.”

Titi mung manthuk-manthuk karo mesem marang ibune.

Esuk kuwi ora kaya biyasane, amarga ana adicara ing kraton lan ana ayahan kang kudu dilakoni Bu Siti. Mangka kuwi, Bu Siti kudu gawe klambi kang janenge janggan saka omah. Kerjane Bu Siti pancen dadi abdi dalem ing Kraton Ngayogyakarta, saengga saben dina dheweke kudu gawe klambi adat Jawa. Bu Siti kang sabar lan tlaten marakake akeh kancane sing ngarani Bu Siti kuwi wanita *super*. *Super* olehe kerja amarga dheweke wong sing prigel lan *super* olehe dhidhik anake amarga sabar lan tlaten.

Ora suwe olehe salin klambi, Bu Siti metu kamar lan nuju bale tengah, panggone Titi nonton TV.

Bu Siti: “Ayo Ndhuk, enggal budhal, setengah jam maneh sampeyan wis kudu mlebu kelas lho.” Bu Siti ngajak Titi enggal budhal.

Titi: “Aaa, Titi isih pengin nonton spongebob Bu, riya bidhale.”

Nalika kuwi Titi durung nyawang ibune. Dheweke semaur karo nonton spongebob ing TV. *Chanel* senengane kuwi ora tau kliwat ditonton saben dina.

Nanging, nalika Titi uwis mengo lan weruh ibune nganggo klambi ora kaya biyasane, dheweke takon warna-warna marang ibune.

Titi: “Lho, Ibu kok ngagem kalmi kuwi? Kuwi kalmi apa Bu? Titi ko kora duwe klambi kuwi?” pitakone Titi.

Titi pancen ora tau weruh ibune gawe klambi janggan sabendidane, amarga biyasane Bu Siti kulina ngeterake Titi budhal sekolah dhisik banjur bali mulih kanggo salin klambi. Nanging, amarga ana adicara lan ana ayahan kang kudu dilakoni Bu Siti dheweke kudu budhal isuk lan wis nganggo klambi janggan sing lengkap karo jarit kanggo melu adicara ing kraton.

Bu Siti: “Iki jeneng klambine janggan Ndhuk, lan iki rok sing dienggo Ibu jenenge jarit.” Bu Siti menehe miterang marang Titi.

Titi: “Kuwi klambi apa Ibu? Kok Titi ora duwe klambi kuwi?” Titi terus takon amarga dheweke ora tau weruh kalmi sing dienggo ibune.

Bu Siti: “Klambi iki dienggo kanggo wong wadon sing kerja ana ing kraton Ndhuk. Dadi yen kerja ing kraton, klambine kudu ngene iki. Mbesuk yen Titi wis gedhe lan wis kerja, mesthi Titi bakal ngerti iki klambi apa.” wangsulane Bu Siti.

Titi: “Iya wis, Titi pokoke tumbas kuwi mbesuk.”

Bu Siti: “Iya Ndhuk, mbesuk yen wis wayahe tumbas ya.”

Titi: “Nggih Ibu.”

Bu Siti: “Mula saiki ayo enggal budhal sekolah. Sinau sing sregep supaya dari bocah sing pinter. Yen wis pinter, mbesuk bisa tumbas lan nganggo klambi kaya Ibu ngene iki.” Bu Siti nuturi Titi lan menehi wejangan supaya Titi bisa dadi bocah sing pinter.

Titi: “Siap Ibu, Titi janji sinau terus supaya pinter kaya Ibu.”

Bu Siti: “Sip, anake Ibu pancen jos tenan. Wis ayo enggal budhal.”

Bu Siti budhal karo Titi, ngeterake Titi menyang TK sing ora adoh teka omahe, mung watara 2 km.

Ing sadawane dalan, Titi nyanyi kanthi bungah.

Titi: “Cublak-cublak suweng, suwenge ting gelenter...”

Bu Siti: “Bungah banget anake Ibu iki, Ibu melu bungah nyawang sampeyan bungah ngene iki.”

Titi: “Hihihi, ayo nyanyi bareng Bu, lagune cublak-cublak suweng.”

Bu Siti: “Ayo ayo, siji loro telu...”

Bu Siti lan Titi : “Cublak-cublak suweng, suwenge ting gelenter...”


Akhire, ing sadawane dalan tumuju ing sekolahan, Titi lan ibune kuwi nyanyi bareng kanthi srumingah. Titi lan ibune pancen anak lan wong tuwa sing bisa diarani kompak. Titi sing pinter, agawe kepenak yen disinauni samubarang lan enggal bisa yen diwarahi apa wae, kayata ajar basa, nyanyi, nulis, lan sapanunggalane. Bu Siti lan bojone uga wong tuwa kang kompak olehe ngupakara anake. Nanging sing tetep kudu diarani wanita *super* ya tetep Bu Siti. Dheweke duweni peran sing abot, nanging bisa dilakoni kanthi setiti. Ya dadi wong tuwa sing kudu ngrumat anake, dadi ibu rumah tangga sing kudu ngopeni omah, dadi bojo sing kudu ngopeni bojone, lan dadi wong wadon sing saben dina kudu kerja. Kabeh bisa dilakoni Bu Siti kanthi sukalila. Mangka ora molat lan pas banget nalika Bu Siti sinebut wanita *super* dening kanca-kancane.

-Cunthel-

Identitas penulis

Anggra Dini, mahasiswa semester 5 Program Studi S1 Sastra Jawa, Universitas Gadjah Mada. Lahir di Kediri, 10 September 2001 dan memiliki hobi menyanyi, yang saat ini juga sedang menekuni bidang kepenulisan sebagai *skill* baru yang menurutnya harus diasah dan dikembangkan, karena memiliki peran yang besar untuk mendukung jalannya belajar serta mendukung pekerjaan di masa depan. Untuk mengintip sebagian kecil cerita kehidupan Dini, dapat melihat aktivitasnya melalui *Instagram* @anggradiniiii.





Thuyul

Dening Ardi Susanti

Jago sing urung kluruk. Pedhut putih lelimengan. Juminten gage-gage tangi saka paturon, mbukak lawang mburi omah, nyandhak kayu rencak ning mburitan, lungguh ndhodhok ning ngarep pawonan. Nyugokne kayu karo resek gegodhongan njur disumet dipyuri brambut ben mawane mbranang. Juminten menyat ngisi kuali karo banyu saka genthong diengkrongne ning pawonan njur lungguh neng lincak ngarep pawonan nyepakne ubarampe kanggo nggawe jamu.

Juminten randha ayu anak siji. Dodolan jamu mubeng kampung. Sembarang kalir jamu didol. Wiwit jamu kunir asem, beras kencur, cabe puyang, jamu paitan, lan jamu gepyokan. Kala-kala, Juminten nggawe wedhak adhem saka beras sing diuleg alus dicampur kunir lan sapanunggale, dibunder-bunder njur dipepe garing.

Sakwise jamu cemepak, Juminten nggugah anake lanang dikongkon gage-gage tangi amrih ora kasep anggone budhal sekolah.

Watara tabuh wolu, Juminten wes jaritan thinthing. Nyandak rinjing isi gendul-gendul jamu digendhong ning geger. Ora lali nyangking ember cilik isi banyu lan gelas. Gage-gage Juminten menyat, nutup lawang omah, awit ider, mubeng dodolan jamu.

Tekan kampung tangga, Juminten mandheg ning cakruk ngarep kantor desa. Biasane akeh tukang becak sing nukoni jamune. Nunggu sawetara wektu, ora ana wong babar pisan seng nukoni jamune. Nanging akeh wong nggrumbul neng latar kantor desa.

Kang Hono, tukang becak langganane jamu Juminten, mlayu marani Juminten, ndheprok neng cakruk karo mengkos-mengkos.

“Jum, beras kencur sak gelas!”

Gage-gage Juminten ngracikne jamu panjaluke Kang Hono. Ora nganggo suwe, jamu sak gelas wes mlebu tenggorokane Kang Hono.

“Ning kantor desa ana apa ta, Kang? Kok sajakereja banget?” Juminten takon kang Hono karo nampani gelas kosong tipak jamu.

“Kuwi lo Jum, neng desane dhewe lagi geger, akeh wong kelangan dhuit. Pak Kromo bar kelangan sangangatus ewu, Kang Min kelangan pitungatus ewu, Mbok Njeprut kelangan telungatus ewu, Mak Warni kelangan patangatus ewu. Sing akeh ki ya Pak Sastro, kelangan karotengah yuta.”

“Biyuh, gek kui kabeh dhuit, Kang?” Saurane Juminten karo ngelapi gelas.

“Godhong, Jum. Hhhh ya dhuit lah. Gek jarene wong-wong, sing nyolong thuyul,” Kang Hono mbengok pas neng kupinge Juminten.

“Hahhhh, thuyulllllll?” Jenggirat Juminten sakkal mbengok.

“Halah Jum, Jum, awakmu ki ketinggalan berita, dhasar *kuiper*. Kae lho ning kantor desa wong-wong sing dha kelangan dhuit nglumpuk, trus kae yo enek Mbah Jaya, dhukun kondhang saka Desa Lali Jiwa. Ditekakne Pak Lurah kanggo nangkep thuyul,” ujure Kang Hono.

“Sek sek sek Kang, titip jamuku sedhilut,” ra ndadak kesuwen, Juminten njranthal mlayu neng kantor desa.

“Lo lo lo Jum Jum Jum, cah gemblung, malah ditinggal lunga. Jamumu tak ombe kabeh lo,” Kang Hono mbengok-mbengok mergo ditinggal Juminten mlayu neng kantor desa.

Neng kantor desa, neng pendhapa, ana wong wedok sepuh, lungguh sila karo tutuke umik-umik neng ngarep dupa lan sesajen arupa cok bakal lan kembang telon uga gedhang raja saktangkep.

Mbah Jaya meneng, merem, kabeh sing nonton melu meneng. Hawane mistis merga ambu dupa. Makjegajik, ujuk-ujuk Mbah Jaya ngadek lan ngunekne tembang mantra-mantra karo nyawur-nyawurne beras kuning neng penonton.

“Singgah-singgah kala singgah

Pansuminggah durga kala sumingkir

Sing a sirah sing a suku

Sing datan kasat mata

Sing a tenggak sing a wulu sing a bahu

Kabeh padha sumingkira

Bali a asale reki”

“Iki maling dudu sembarang maling. Iki maling mangane menyan lan kembang setaman, ngombene banyu sendang pitung sumber.”

Mbah Jaya lungguh sila, meneng, merem, njur ngunekne tembang mantra-mantra,

Singgah-singgah kala singgah

Singgah-singgah bebaya

Singgah-singgah kala singgah

Singgah-singgah bebaya”

”Iki malinge wis takcekel. Omongo ning kabeh warga desa. Ora usah was-was, ora usah padha nyudhing liyan, nyudhing liyan gur mung ndadekne fitnah, kuwi ora becik. Iki malinge.”

Mbah Jaya ngetokne botol sing ditutup kain ireng.

“Wis, bubar kabeh. Desa iki bakal mbalik ayem tentrem. Malinge wis takuncalne adoh ning segara kidul. Saiki kabeh bubar.”

Wong-wong dha bubar. Sajak lega merga thuyule wis kecekel. Ateges malinge wis minggat. Ateges wis ora enek wong sing kelangan dhuit maneh.

Juminten mbalik neng cakruk, njupuk rinjing, njur mlaku maneh mubengi kampung, nutukne anggone dodolan jamu.

Wayah surup, Juminten tekan omah. Gage-gage diselehne rinjing lan uba rampene dodolan jamu. Juminten njur menyat menyang kolah, adus byar byur. Bar adus atine mesem nyawang anak lanange sinau neng njero kamar. Masio gur nganggo pepadhangana saka lampu senthir, anak lanange tekun anggone sinau.

Juminten mlebu pawon. Ringkes-ringkes uba rampe dodolan. Gendul-gendul tilas jamu diisahi njur ditus neng amben. Bar kuwi, Juminten nggodhog banyu, ngecam kopi.

Sinambi nyesep kopine, Juminten kelingan swargi sisihane, Mas Harno sing tilar donya sepuluh taun kepungkur. Pas setaun sakwise Juminten babaran.

Ora krasa ana banyu mili neng pipine Juminten sing kaya kembang mawar kuwi. Mas Harno garwa kinasih ngasta ning salah sijine perusahaan batik paling gedhe ing Yogya. Seda amarga kecelakaan arep budhal ngantor.

Nek pas ana kesempatan lungguh bareng, sinambi gegojekan, Mas Harno kerep nuturi Juminten. Urip kui kudu urup. Aja gampang cubriya mring liyan, apamaneh penging nduweni barang sing dudu duweke.

Juminten eling Mbah Jaya, eling thuyul, eling Kang Hono. Juminten tumungkul. Atine kaya didhodhog nganggo palu. Rasane kebak rasa sing ora bisa digambarke. Juminten ngangen-ngangen, maling ki enek neng endi-endi. Kabeh wong nduwe kesempatan dadi maling. Nyalahne wong kuwi perkara sing paling gampang. Nanging sing angel piye carane awake dhewe mbenerke akeh perkara sing kadhung salah utawa piye carane ngrasakne saben kesalahan lan ngerteni yen kesalahan kuwi isa dadi hal sing bener.

Juminten nggremeng, “saya suwe saya tipis rasa isinne menungsa neng ndonya. Dhuit ilang kok sing disalahne thuyul. Ethok-ethok resik, nanging jebule luwih thuyul saka thuyul,” batine Juminten.

Juminten nyesep kopine. Alon alon, rengeng-rengeng karo nglempiti kumbahan sing wis garing awan mau.

*“Lir-ilir lir-ilir tandure wis sumilir
Tak ijo royo-royo taksengguh temanten anyar
Cah angon-cah angon penekna blimbing kui
Lunyu-lunyu penekna kanggo mbasuh dhodhot ira
Dhodhot ira-dhodhot ira kumitir bedhahing pinggir
Dondomana dlumatana kanggo seba mengko sore
Mumpung padhang rembulane
Mumpung jembar kalangane
Yo suraka surak hiyo”*

Tulungagung, oktober 2022

Ardi Susanti

Lahir di Ngawi, 15 April 1975, aktif berteater sejak 199, pendiri teater petjel SMAN Boyolangu, Tulungagung dan teater Daun SMAN 1 Tulungagung. Menulis puisi, cerpen, geguritan, dan naskah teater.

Alamat email : ardysusanti@yahoo.com

No. telepon : 0821411116303

Alamat: SMA NEGERI 1 TULUNGAGUNG, Jl. Fatahilah, Kel. Panggungrejo, Kec. Tulungagung, Kab. Tulungagung, Prop. Jawa Timur.

Fb : Ardi Susanti





KAYA SRENGENGE LAN REMBULAN

Dening Ardini Pangastuti Bn

Kenapa aku kudu nangis? Apa pantes aku nangis? Urip iki pilihan. Lan aku wis milih Mas Wisnu minangka kanca uripku. Aku kudu tetep setya karo pilihanku. Ora mung ing kahanan seneng thok, nanging ing kahanan susah lan ing kahanan rekasa kaya iki.

“Tresna iku berkah sing kudu kita syukuri. Kita bisa nyawiji kaya iki amarga sihe Gusti,” kandhane Mas Wisnu wektu kuwi lan nganti tekan saiki isih tetep takgondheli minangka cekelan ing kalane pikiranku moyak-mayik diontang-antingake kahanan.

Mbokmanawa Mas Wisnu uga ngrasakake. Ora gampang urip sarwa winates yen ora kena dikandhakake kecingkrangan. Yen mung sesasi rong sasi ora masalah. Nanging telung taun! Telung taun dudu wektu sing sedhela. Mesthine dheweke ngerti. Dakcoba tetep sabar, tetep tabah jroning ngadhepi lan nyikapi kahanan iki. Nanging, sepisan iki aku rumangsa nelangsa nalika dheweke ngomong sengol setengah protes.

“Geneya yen kanggo keperluanku kok kerep ora ana anggaran?”

Raiku rasane kaya ditampeg, atiku krasa kaya ditampeg. Luwih saka limang dhetik aku ora bisa kandha apa-apa. Lambeku blangkemen merga ngampet rasa lara. Tega-tegane dheweke kandha kaya iku. Sasuwene iki aku ora nate sambat senjata urip jroning kawinatesan. Kudune dheweke nyadhari, kanthi penghasilan sing mung padha karo UMR provinsi, aku kudu njereng dhuwit kuwi kanggo kebutuhan warna-warna. Wiwit kebutuhan padinan, arisan PKK ing kampung, kebutuhan sosial, tekan mbayar sekolahe bocah Kabeh ya mung nganggo dhuwit saka kuwi. Dheweke rak ora ngrasakake kepriye mumetku ngatur kabeh iku. Ngertine rak mung beres. Kamangka aku mumet tenan. Mula aku kelara-lara nalika

dheweke kandha kaya mangkono. Kesanku, miturute, aku iki wong sing egois. Kamangka sanyatane pancen ya ora ana anggaran tenan. Salahe gawe acara reunian kok ndadak, gek tanggal tuwa pisan, dadi aku wis ora bisa maneh ngingsat-ngingsut utawa ngiyak-ngiyuk dhuwit blanja sing ora sepiroa kuwi.

“Mbok yen ngendika ki sing kepenak dirungu,” wangsulanku ora tahan. Arep trima meneng rasane neng dhadha mbeseseg. Tinimbang diampet dadi penyakit luwih becik rak dibrolake. Dadi lega, ora ana sanggan.

Tujune Mas Wisnu ora wangsulan. Dadi regejegan iki bisa disigeg tekan semono. Ora nganti kedawa-dawa.

“Urip kuwi kaya dene cakramanggilingan, ana kalane rodha mapan ana ing ndhuwur, ana kalane mapan ana ing ngisor. Kowe wis tau mapan ana ndhuwur, ngrasakake kepriye rasane yen lagi ana ing ndhuwur, dadi ya ora apa-apa yen saiki kudu ngrasakake ana ngisor. Ben komplit olehmu nyurasa urip iki. Ora mung penak terus. Sebab hukume jagad ki keseimbangan, Ndhuk. Ana putih-ana ireng, ana seneng-ana susah, ana padhang-ana peteng, lan sateruse. Kowe kudu yakin yen ing titiwancine ubenge rodha panguripanmu uga bakal muter tekan nduwur maneh, ”dumeling swarane simbahku putri nalika aku wadul bab ekonomi rumah tanggaku sing momrot merga usahane Mas Wisnu gagal. Kamangka dheweke wis kadhung metu saka *zona nyaman*. Rekane pengin gawe usaha dhewe, bosen dadi karyawan. Dadi reh-rehane liyan.

Aku mesem sepa kelingan kabeh kuwi. Marang Mbah Putri aku wani crita apa wae, sebab piyambake takanggep wicaksana. Dadi yen ngendika utawa paring sembur marang anak putune luwih titis, obyektif, merga linandhesan kaweningan ati lan nalar. Beda adoh karo ibuku sing isih kadonyan, durung bisa sumeleh. Isih sulap marang gebyar. Wong angger-angger ketemu mesthi mbandhing-mbandhingake karo putrane liyane. Adhimu si A mobile anyar, si B mentas renovasi omah, si C mentas tuku lemah, lan liya-liyane. Apa aku ora nelangsa? Mulane aku arang-arang sowan ibuku, yen ora pernting banget. Yen ana bot repote keluarga aku luwih seneng *curhat* marang Simbah, sing senjata omahe adoh ing pojok kidul kulon kutha Yogya, aku tetep seneng mara mrana. Simbah dhewe uga seneng yen dakparani. Kabukti, saben bali, Lela, anakku mesthi disanguni ora sethithik.

Simbahku wanita kang mandhiri. Senajan wis sepuh, tetep bisa ngemonah sawah lan kebone sing lumayan jembar. Mesthi wae Simbah ora nindakake kabeh kuwi ijen, ana abdi setya kang ngrewangi.

Putrane Simbah ana telu. Kabeh durung ana sing nampa warisan. Nanging tetep dibiyantu nalika anak lagi kekurangan. Ana alasan tinamtu, geneya Simbah durung kersa bage waris senjata yuswane wis sepuh. Ah, kuwi urusane Simbah. *Toh* anak-anake kabeh uga ora ana kang kalah. Mbokmanawa merga kabeh padha mapan uriye. Kalebu ibuku, sing jan-jane ora kekurangan, mung wae isih kebandhan.

Saiki aku bali legeg. Mikir-mikir lan muter uteg priye carane bisa uwal saka kahanan iki, kahanan ora nyenengake sing yen kesuwen bisa ngganggu kaseimbangan jiwa lan raga. Aku ngrasakake anane owah-owahan saka pribadine Mas Wisnu. Dheweke rasane wis ora kaya biyen maneh. Priya sing dakkagumi merga lembut, sabar, lan kebak pangerten. Aku jatuh cinta lan lila mati demi cinta. Nanging kerik-kerik iki ya gene omongane kerep sengak lan ora kepenak dirungu. Apa sing salah? Apa aku sing terlalu sensitip?

Saya dakpikir sirahku rasane tambah saya mumet. Aku dadi kelingan marang kandhane Bu Jun, kanca ing paguyuban wali murid ing sekolahane anakku. Ing sawijining kesempatan, Bu Jun tau crita manawa wong lanang sing ngowah-owahi adat kuwi biasane nduwe Wil (*wanita idaman lain*) ing njaba kana.

“Ah, mosok iya?” batinku. Aku tetep ora percaya yen Mas Wisnu duwe WIL. “Aku percaya karo kasetyane bojoku. Nanging, apa sing njalari sikape dadi kaya iku?” batinku maneh karo bali mikir-mikir. Ning, nganti komet anggonku mikir aku tetep ora bisa nemokake jawaban.

Kudune aku pancen takon langsung marang Mas Wisnu, apa sing njalari kok bisa dadi srengat kaya iku. Ning yen aku takon paling Mas Wisnu ya ora bakal ngaku. Kosok baline malah bisa ndadekake padu. Aku dadi saya judheg.

Lagi mikir-mikir kaya iku, dumadakan keprungu swara mobil mandheg ing ngarep omah. Ora let suwe keprungu keprungu lawang didhodhog rada sero.

“Assalamuallaikum...” Swara wong uluk salam.

Dheg! Atiku rada nratap. Sebab kuwi cetha swarane ibuku.

Gagean aku metu saka kamar lan mlayu marani lawang ruwang tamu. Bener, sing teka pancen ibuku.

“Kok ora kabar-kabar Bu, yen arep tindak mrene?” alokku karo nggapjuk ibuku.

“Wong ndadak iki mau, ora njarag. Saka tilik Mbah Mar ing rumah sakit, njur aku naksi mrene. Kawit wingi aku kok katon-katonen kowe terus,” kandhane ibuku sawise uwal saka ruketanku. Mbah Mar sing dingendikakake iku ora liya wanita sing biyen momong aku lan adhi-adhiku. Omahe mung pepet pager karo omahe Ibu.

“Temene aku kangen marang Ibu, ning maaf, durung bisa tilik menyang Prambanan. Mas Wisnu durung bisa ngeterake, wis telung sasi iki yen dina Minggu tansah lembur. Golek tambahan rejeki,”semaurku sakecandhake. Aku bingung kudu alasan kepriye, kasunyatanane pancen wis cukup suwe aku ora tilik ibuku.

“Ra papa, sing penting kowe lan keluargamu tinemu seger waras, ora kurang sawiji apa.” Ibu jumangkah mlebu karo netrane nyawang mrana-mrene, embuh apa sing ana ing njero penggalihe.

Aku ngaturi Ibu kanggo lenggahan ing ruang tamu, nanging piyambake malah bablas menyang mburi.

“Neng kene wae luwih santai,” kandhane Ibu karo lenggah ing kursi ruwang makan.

Kepeksa aku melu-melu lungguh. Lungguh adhep-adhepan karo Ibu, keletan meja.

“Jam pira mengko Lela baline?” Ibu mbukak omongan. Lela sing disebutake ora liya anakku siji-sijine.

“Jam telu-an biasane, Bu. Rampung sekolah langsung les.”

“Njur yen ditinggal anakmu sekolah, bojomu nyambutgawe, kowe neng ngomah ngapa wae?”

“Ya nandangi gaweyan ngomah. Resik-resik, umbah-ubah lan sapiturute.”

“Apa kowe bahagia karo uripmu?”

“Ukuran bahagia kuwi relatif, Bu. Merga kanggoku bandha dudu sakabehe. Eh, maksudku bandha dudu tujuan sing pokok jroning bebrayan,” wangsulanku dawa. Aku ora ngerti, arah pitakone ibuku kuwi jan-jane menyang ngendi playune.

“Senajan bandha dudu tujuan pokok, nanging tetep dibutuhake kanggo jejege balewisma. Ra sah munafik, apa kowe bisa urip tanpa dhuwit?” pitakone Ibu maneh karo nyawang aku.

Aku ora wangsulan.

“Ibu ki mung takon, apa kowe bahagia urip jroning kawitanatesan yen emoh dikandhakake mlarat. Mung kari mangsuli iya apa ora. Ra sah alesan sing werna-werna.”

“Jane kersane Ibu ki apa? Geneya ndadak pitakon kaya kuwi?” Dakwanek-wanekake nyuwara lan nyawang pasuryane Ibu. Tenan, aku bingung karo pitakone Ibu sing ora sabaene kuwi? Apa Ibu pengin misahake aku karo Mas Wisnu merga priya pilihanku dianggep gagal, ora sukses kaya mantu-mantune liyane? Sawenehing pikiran ala kumlebat ing angenku, ngelingi ibuku sing pancen kemandhan. Matre! Samubarang tansah diukur saka kacamata materi. Saupama kaya ngono tenan, aku bakal nolak. Aku tetep kukuh ngrungkepi rumah tanggaku. Ora bakal aku ninggalake bojoku, senajan saiki kerep nesu. Kuwi dakmaklumi. Mbokmanawa merga stress. Sakawit urip mapan ujug-ujug mlorot sakayange..

“Ibu takon ngono kuwi jane mung pengin ngerti wae. Apa kowe bahagia karo uripmu sing kaya ngene? Merga seprana-seprene sajake kowe kok ora tanggap. Ibu kerep ngandhakake adhi-adhimu sing sukses, karepku supaya kowe kepancing. Supaya kowe bangkit, gumregah. Ora enak-enak neng ngomah, nyadhong kayane wong lanang.”

“Lha kersane Ibu, aku kudu kepriye?”

“Ya nyambut gawe. Ora mung ungkang-ungkang neng ngomah. Tirunen ibumu, tirunen adhi-adhimu. Kabeh padha sengkut nyambutgawe, ora ana sing nganggur kaya kowe. Saupama ibu biyen ora ubet, kowe lan adhi-adhimu ora bakal bisa sekolah dhuwur. Bayare bapakmu minangka pegawe negri golongan 3 mung bisa kanggo nyukupi kebutuhan ngomah, ora bisa kanggo wragat sekolah.”

Aku meneng. Isih kelinagn, ibuku biyen pancen patohan. *Pekerja keras*. Nampa jaitan, gawe panganan dititipake ing warung-warung, lan uga nampa pesenan masakan. Istilahe saiki katering. Ibu leren ora nyambutgawe sawise anak-anake wis padha mentas.

Jleb!

Atiku kaya diosikake bareng aku ngilo githokku dhewe. Sasuwene iki, aku pancen terlalu santai. Aku ora tumindak apa-apa nalika Mas Wisnu usahane bangkrut. Aku ngerti beres, nampa blanja saben sasi. Njur dakputer kanggo nyukupi kebutuhan. Aku ora tau mikirake perasaane Mas Wisnu sing kethayalan golek dhuwit kanggo nyukupi kebutuhan.

“Kowe wis ngerti sing ibu karepake ta, Ndhuk?” Pitakone Ibu ngerti aku meneng.

Aku manthuk.

“Wong sesomahan kuwi ibarate kaya srengenge lan rembulan. Ora selawase srengenge bisa tansah sumunar. Ana kalane uga nganggo mbleret barang. Nah, nalika srengenge lagi mbleret, rembulan sing kudu bisa sumunar. Murih bale wisma ora nganti horeg merga kapetengan.”

Aku legeg. Geneya sasuwene iki aku ora tau mikir tekan semono? Aku malah nganggep ibuku matre merga tansah mbandhing-mbandhingake karo adhi-adhiku sing uripe luwih sukses. Oh, jebulna Ibu mung nyenthil aku. Nanging sing disenthil ora rumangsa. Ah, ibuku sing takanggep matre, jebul uga kebak kawigaten marang anake, mung carane sing salah. Ora kersa ngendika thokleh nanging liwat sindiran-sindiran sing nglarakake. Nanging jroning ati aku janji, bakal minangkani kekudangane wanita kang nglairake aku iku. Dadi rembulan kang bisa aweh pepadhang rikala srengenge lagi mbleret. Aku yakin bisa. Aku bakal berjuang bebarengan karo Mas Wisnu.*

Yogyakarta, Oktober 2022.



BOMBONG

Dening Dwi Pratiwi


“**S**ing sabar yo, Ndhuk,” kuwi welinge Mbok Par saben Mundhi arep budhal makarya.

“Samubarang sing bisa mbok tandhangi saiki, aja mbok semayani”, pangandikane simbah Nur rikala Mundhi isih cilik, uga isih tansyah keprungu ana kupinge Mundhi.

“Wong wadon kuwi aja mung monat-manut wae, nanging kudu anduweni greget lan karep. Ananging ya kuwi, kudu tetep ngrumangsani yen awak dhewe iki wanita, sektegesi wani ditata,” obrolan Mundhi karo kanca-kanca mesthi tekan babagan kaya mangkana.

Pirang-pirang sing dipikir Mundhi. Paribasane ora tahu meneng pikir lan tindak-tanduke. Mundhi, wanita saka pinggir kutha sing anduweni gegayuhan dhuwur. Tanggung jawab tumrap kaluwarga pinangka lambaran kabeh sing diayahi Mundhi. Sanadyan ora tuntas olehe sekolah, Mundhi tetap anduweni pamikiran kaya dene liyane sing sekolah nganti S-1. Mundhi tamatan SMP sing ana tangga desane. Mundhi kang anduweni pakulitan sawo mateng, mripat blalak-blalak, pawakan sedheng, prigel olehe nyambut gawe, lan grapyak karo sapa wae iku tansah dadi kekudangane kaluwarga.

Saben esuk Mundhi mesti tangi dhisik katimbang kakangne. Nyambut gawe omah ora nate dikongkon, wiwit nyapu omah, latar, uga resik-resik kiwo tengen. Bubar kuwi, Mundhi terus mlebu pawon ngrewangi bapak simboke nyiapke uba rampe kanggo dagang kupat tahu. Pendhak dina, bapake Mundhi dodolan kupat tahu ana cedhak pasar ndesa.



Bapak lan simboke wis ana pawon mrenahke gawean kanggo Mundhi. Bahan kanggo gawe kupat tahu wis cumepak ana amben, kaya ta, tahu, brambang, bawang, lombok, kupat, kobis, timun, lan bahan juruh.

“Iki dionceki dhisik, ya,” simboke Mundhi ngulungake lading lan brambang bawang.

“Ya, Mbok,” wis ora nganggo nolah-noleh, Mundhi langsung tandang gawe. Tangane cekatan ngonceki bawang.

Nanging, pikirane tetep muter. Mikir kepiye carane supaya dheweke isa sekolah maneh.

“Braaaak.” Swara kayu sing diundhunake bapak Mundhi saka paga.

“Kayu kuwi tambahna nang luweng, Mun,” Pak Man, bapak Mundhi mbengok saka paga.

“Ya, Pak,” semature Mundhi cekak.

Mundhi nyugokke kayu neng luweng, diwolak-walik ben geni murub gedhe. Semono uga Mundhi molak-malik ati lan pikirane. Dhadhane panas, murub kaya geni sing neng luweng. Mundhi pengen ngomong karo bapak lan simboke, nanging mandheg mangu. Mripate Mudhi mrebes mili ora krasa.

“Mundhi...,” Mbok Par nyedhaki Mundhi.

“Ya, Mbok.”

“Kok mripatmu abang, kenapa, Mun?”

“Brambang iki sing marahi mripatku abang, Mbok,” Mundhi semaur lirih, tangane ngusap pipi.

Mbok Par nerusake anggone nggoreng tahu lan tempe. Mbok Par sajak ora nggatekke apa sing dipikirke Mundhi. Nanging, atine Mbok Par kaya ditampar. Dheweke ngrumangsani yen urung bisa nyukupi kebutuhane Mundhi. Mundhi pengen nerusake sekolah kaya kanca-kancane. Nanging, amarga wragad, Mundhi kudu leren dhisik, mung tekan SMP. Mbok Par mbolak mbalik tahu lan tempe. Semono uga mbolak mbalik atine, mikirke nasibe Mundhi. Mbok Par mbalik maneh nyedhaki Mundhi.

“Mun, yen awakmu arep sekolah, apa taktitipke Lik Dar neng kutha, ya,” Mbok Par neges karo ngelus pundhake Mundhi. Lik Dar kuwi adhine Mbok Par sing nomer loro kerja ana pabrik.

“Tenan, kuwi Mbok?” Mundhi kaget.

“Ya, yen awakmu mantep, mengko takneng omahe Lik Dar. Takngomong karo Lik Tun. Simbok wingi ketemu Lik Tun ana pasar, jarene arep nyusul Lik Dar,” candhake Mbok Par. Bapake Mundhi krungu obrolane Mundhi lan simboke. Atine mung nelangsa amarga durung bisa nyukupi kebutuhane Mundhi.

“Sing sabar, ya, Ndhuk,” pesene Mbok Par rikala Mundhi arep budhal menyang kutha. Mbok Par ngudhari bundhelan kendhit, njupuk rong lembar dhuwit seketan ewu banjur diulungake Mundhi. “Iki dienggo cekelan, ya.”

“Sing bisa njaga awakmu. Ngenger neng ngomahe uwong, senadyan isih sedulur, nanging, ya kudu bisa ngrumangsani,” sambunge Pak Man.

Esuk kuwi Mundhi numpak dhokar disambung oplet, budhal menyang kutha diuntabake bapak lan simboke. Semedhot ati Mbok Par dan Pak Man. Ora krasa luh temetes saka mripate Mbok Par. “Muga-muga klakon sing dadi gegayuhanmu, Ndhuk,” suwara Mbok Par ora kelahir, mung mandheg ana gulu.

Pikirane Mundhi wis tekan awang-awang. Kanthi ati tatag, nggegem alamate Lik Dar sing diwenahi Lik Tun, Mundhi niat ngudhari uripe wong tua. Lik Tun durung bisa nyusul Lik Dar bareng karo Mundhi amarga isih ana urusan ngrampungake adol tanah warisan.

Sore kuwi kahanan rada grimis, dalan sepi, lan adoh omah. Penumpang oplet kari Mundhi dhewe. Penumpang liyane wis padha mundhun.

“Mudhun kene wae, Mbak,” penjaluke supir oplet.

“Lho, napa niki pun dugi?” pitakone Mundhi rada wedi.

“Iki penumpang wis entek, aku arep bablas mulih. Mengko kowe melu oplet mburi. Mbayar separo wae, ya,” kandhane supir oplet sajak ora nggatekke atine penumpang. Kutha wiwit peteng. Mundhi dioper, kudu pindhah oplet. Atine Mundhi sing maune tatag, malih dadi ciut. Kepeksa Mundhi mudhun saka oplet. Ngadeg jejeg neng pinggir dalan, ora ngerti lor kidul. Alamate Lik Dar digegem kenceng. Weteng luwe lan gulu garing wis ora dirasa. Supaya entuk padhang, Mundhi nyedhaki cagak listrik. Grimis wiwit rada deres. Mundhi golek eyup-eyup ana ngisor wit asem. Tas isi klambi dienggo nutupi sirah. Sejam luwih Mundhi nggenteni oplet liwat.

“Sing sabar, ya, Ndhuk.” Saklebatan Mundhi krungu swara simboke. Atine mak tratab, kaget. Mundhi nggoleki swara mau, nanging ora ana apa-apa. Mundhi nentremke atine. “Oh, aku mung rungon-rungonen pesene Simbok,” Mundhi gemreneng. Atine Mundhi kang wiwit ciut gumregah ganti dadi tatag, teteg maneh.

“Mbak, pirsia alamat niki?” Mundhi nuduhke alamat Lik Dar neng salah sawijine penumpang oplet. Durung nganti dijawab, oplet mandheg greg, ngerem ndadak. Oplet sing kerik dhewe liwat iki pancen umure wis tuwa, semono uga sopire.

“Lik, Lik..., oplet tuwa kok ya isih dinggo golek dhuwit.”

“Kanggo nyukupi butuh, kok, Mbak. Njaluk tulung, ya, disurungke.”

“Nyurung? Apa kentekan bensin?”

“Ora..., iki bar tak isi limang liter.”

“Wah, jan..., entuk apes, iki.”

Krungu omelane penumpang sing ana sebelahe, pikirane Mundhi langsung tekan ngomah, kelingan bapakne. Pawakane supir padha karo pawakane bapakne. Ora sida takon alamat Lik Dar, Mundhi mudhun saka oplet sing lagi mlaku watara patang kilo.

Wektu saya wengi. Mundhi isih durung tekan omahe Lik Dar. Mundhi mlaku nurut dalan, wis niat ora arep numpak oplet maneh. Mundhi mung pengin ketemu pomahan kanggo nunut leren ngentekke wengi.

“Tumbas teh, Mbah,” Mundhi pengin ngilangi ngelake.

“Arep menyang endi, Ndhuk, wengi-wengi kok lunga dhewe?” pitakone Simbah sing dodolan wedang lan gorengan.

“Badhe dhateng mriki, Mbah,” semau Mundhi karo nuduhake alamat sing digenggem seret.

Pawongan sing ana cedhake simbah wedang ngilirik alamat sing ditudhuhke Mundhi. Dheweki ngerti yen simbah wedang ora bisa maca. Langsung dijaluk alamat mau saka tangane Mundhi, banjur diwaca.

“Oh, nek iki aku ngerti. Aku ndhisik kerja ana daerah iki.”

Atine Mundhi ora bisa digambarake. Seneng banget amarga wis ana kejelasan alamat Lik Dar. Mundhi banjur diterake pawongan mau tumuju omahe Lik Dar. Pikirane Mundhi wis langsung tekan omahe Lik Dar. Mundhi ora mikir sapa kuwi pawongan lanang sing ngeterke.

Tekan tengah dalan, kabeh dhuwit sing diwenahi simbok dijuluk karo wong lanang mau. Mundhi ora bisa nolak amarga diancam. Nek dhuwit ora diwenehke, Mundhi ora bakal diterake neng nggone Lik Dar.

Telung tahun ora krasa Mundhi urip ana kutha, melu Lik Dar. Mundhi sekolah karo nyambi ngrewangi Lik Tun, bojone Lik Dar. Kanggo nyukupi keluarga, Lik Tun dodolan panganan bocah-bocah, kayata cenil, gathot, legamara, lan lupis.

“Wong wedok kuwi ora entuk kesel lan lara, lho Mun.”

“Apa iya, Lik,” jawabe Mundhi cekak nanggapi omongane Lik Tun.

“Lha iya, buktine..., Likmu iki, kerja saka esuk tekan wengi, ibarat patlikur jam ora leren. Ana wae sing digarap. Nanging tilase ora ana. Malah kadhang isih dipaido,” Lik Tun kaya ngesokke isi atine. Mundhi mung meneng, kelingan simboke.

Bareng wis lulus SMA, Mundhi banjur nglamar kerja ana pabrik nggone Lik Dar kerja. Mundhi kirim layang kanggo simbok lan bapake neng kampung ngabarake yen dheweke wis kerja.

“Sing sabar, ya, Ndhuk,” Mbok Par rampung maca layang lan paham surasane layang. Sanadyan ora paham apa sing dikerjakke Mundhi, nanging atine bombong banget.

“Klakon panggayuhmu, Ndhuk,” Mbok Par ngambungi layang saka Mundhi.

Saben dina, rina klawan wengi Mbok Par tansah ngantu-antu tekane Mundhi. Pengin banget ngerti kahanane Mundhi sakwise kerja. Ananging, nganti saiki Mundhi ora ana kabar. Layang, ya mung sepisan kuwi ditampa. Lik Dar lan Lik Tun uga ora ana kabar. Saben sore Mbok Par lan Pak Man thenguk-thenguk neng ambèn njaba nunggu Mundhi teka. Embuh tekan kapan luhe Mbok Par metu saka mripate.

“Sing sabar, ya Mbok,” guneme Pak Man.



SLENDHANG NYIMAS RORO

Dening Erlina Yuliasuti

Suwarane gamelan sing dakkrunggu tansah nentremke atiku. Aku sing lagi lungguh ana kursi kantor ora krasa menawa awakku banjur obah kairing suwarane gamelan mau. Awan iki pancen rada beda. Rasane rada aras-arasen anggonku temandang gawe ana ing kantor. Jarene bocah enom butuh *healing*.

“Njenengan ki ngapa je Bu, kok rada ora semangat?” pitakone Pak Wahyu

“Embuh iki Pak, rasane aras-arasen. Arep temandang nulis penelitian kok durung *mood*,” wangsulanku.

“Mbok nembang apa ngapa ngono, Bu. Ben rada sumringah!” Celathune Pak Wahyu. Ngendikane Pak Wahyu ora dakreken. Aku tetep wae ngobah-obahke awakku miturut suwarane gamelan. Njoget lan nembang pancen dadi karemanku kawit cilik. Jaman isih cilik duwe pepenginan dadi artis sing kondhang. Ditonton wong sa-Indonesia apa malah sandonya. Mendah bungahing atiku. Aku mesam mesem mbayangke kabeh kuwi mau.

Bali sekolah aku age-age tumuju kamar sakperlu nyepakake uba rampe anggonku arep gladhen njoget. Sampur uga jarik wis ndaklebokake ana tas. Keprungu suwarane ibu kang celuk-celuk jenengku.

“Ndra....Sandra, gek maem dhisik kana,” ngendikane ibu.

“Nggih, Bu,” wangsulanku. Aku metu saka kamar tumuju ruang makan. Bubar wisuh tangan, aku lungguh. Ning ngarepku wis temata dhaharan komplit kagem bapak lan kanggo aku. Bapak menawa awan mesti ngelengke dhahar siang ning ngomah. Mangsakane ibuku pancen ora ana tandhinge. Enak tur mirasa. Mula bapak mesti kondur sedhela sakperlu dhahar siang dhisik.

“Dina iki ana jadwal les ora, Ndra?” Pitakone bapak marang aku.

“Mboten Pak,” wangsulanku.

“Ya wis, nek ngono mengko adhimu dikancani sinau. Jarene mau ana tugas seka gurune,” ngendikane bapak

“Paaak...,” aturku karo rada wedi-wedi.

“Ana apa Ndra,” pitakone bapak.

“Kula nyuwun idin. Kepareng mboten kula ndherek gladhen beksan?” Aturku marang bapak.

Bapak mung meneng, ora mangsuli pitakonku. Aku dheg-dhegan nunggu jawabane bapak. Segi sing ning sendhok durung sida taklebokke cangkem, dumadakan bapak menyat seka kursi trus tindak tanpa tolah toleh. Dhuuh... kringetku metu sakgrontol grontol gedhene. Sajake aturku mau ora dadi renaning penggalihe bapak. Ibu sing meruhi kahanan kuwi banjur nututi bapak.

“Paak.. kok ora diterusake le dhahar, apa masakanku ora enak?” Pitakone ibu.

“Masakanmu enak Bu, mung aku dadi ora pengin mangan krungu penjaluke Sandra kae mau,” wangsulane bapak.

“Apa salah ta, Pak, menawa Sandra pengin njoget?” Pitakone ibu.

“Salah... aku ora pengin anakku dadi seniman. Idham-idhamanku, anakku isa dadi pegawai sing sukses. Ora kok seniman,” wangsulane bapak.

“Kabeh anak sing dilairke neng ndoya ki nggawa talentane dhewe-dhewe, Pak. Jenengan ki ampun meksa bocah ngono kuwi,” celathune ibu.

“Saiki mbok mikir ta, Bu. Ngendi ana seniman uripe sukses. Kebak godha ing donyaning seni kuwi!” ngendikane bapak sajak rada dhuwur. Ibu mung bisa meneng. Aku sing krungu ngendikane bapak mung isa meneng karo ngampet luh sing arep njranthal metu seka pojokan mata.

Wiwit kedadean kuwi mau, kekarepanku mung impen kosong. Saben ngliwati papan gladhen njoget, aku mung bisa nyawang. Pepenginan bisa njoget tansah makantar-kantar. Dina Minggu, aku sowan simbah. Ing ndaleme simbah, atiku krasa tentrem.

“Kula nuwun, Mbah Uti!” aturku marang simbah.

Simbah sing nembe lenggahan kaget krungu suwaraku. Menyat seka dhipan, mlaku marani asale suwara.

“Mangga...” wangsulane simbah.

“Mbah..., kula Sandra,” aturku meneh. Aku mlebu daleme simbah. Simbah jumeneng trus tindak marani aku. Mbah Uti mesem trus ngrangkul aku. Aku diambungi kaya cah cilik kae. Rasa kangen sing ndakrasakake saknalika ilang. Anane mung bungah karo bungah.

“Sandra, olehmu mrene karo sapa?” Pitakone simbah.

“Kula namung piyambakan kok, Mbah!” Wangsulanku.

“Bapak ibumu ora ngeterke kowe ta, Ndhuk?” Pitakone simbah meneh.

“Mboten, kula badhe matur kalihan Simbah,” aturku meneh.

“Arep matur apa?” Pitakone simbah.

“Kula ki mangkel kalihan bapak. Mangkel banget.... Kula matur bapak menawi kula pengin ndherek gladhen beksan, nanging bapak mboten marengaken,” aturku marang simbah.

“Weelaah... apa bapakmu ki lali menawa dheweke kuwi uga klebu trah seni malah kepara iseh tedhak turune Nyimas Roro,” ngendikane simbah karo nyuwara sero.

Saknalika simbah jumeneng, tindak mlebet kamare sakperlu mbuka lemari. Rada sakwetara penjenengane ing njero kamar. Sajak ana penggalihan sing rada jeru. Simbah medal kamar marani aku sing mung kamitenggengen weruh sing diasta simbah seka kamar mau. Ing astane simbah ana jarik, slendhang utawa sampur.

“Niku kagungane sinten, Mbah?” Pitakonku.

Simbah mung unjal ambegan landhung nuli ngendika, “Sandra putuku, mangertia iki slendhang warisan seka mbah buyutmu mbiyen, yaiku Nyimas Roro,” ngendikane simbah mantep karo nyawang aku.

Aku penasaran, ndakcekel jarik slendhang kuwi. Slendhang abang sing wis luntur wernane. Jarike uga wis mbladhus.

“Kinten-kinten, empun pinten taun slendhang niki kok wernane mbladhus?” Pitakonku.

“Slendhang kuwi umure karo aku tuwa slendhange,” wangsulane simbah.

“Menawi ngaten, niku klebet slendhang ingkang ngemu sejarah njih, Mbah?” Pitakonku marang simbah karo sansaya nyedhak anggonku lungguh njejeri simbah. Slendhang diulungake marang aku banjur daktampani.

“Slendhang iki dakwenehke kowe. Nggonen sarana gladhen beksan,” ngendikane simbah.

“Njih Mbah, kula purun nampi slendhang menika kagem sarana kula ndherek gladhen beksan. Kula badhe ngestokaken dhawuhipun Simbah,” aturku marang simbah. Wiwit kuwi, tekadku kuat bakal melu gladhen beksan kanthi temenan.

Nganti sakwijining dina, aku diceluk bapak sing sajake wis pirs babagan aku meneng-meneng melu gladhen beksan.

“Sandra... kenapa kowe panggah ngeyel ora manut karo omongane Bapak?” Ngendikane bapak sajak duka. Aku sing wis paham karo apa sing arep diomongke bapak nuli matur.

“Nyuwun pangapunten Pak, menawi kula dipunanggep lepat,” aturku marang bapak.

“Aku rak wis tau ngomong ta, Ndra. Menawa Bapak ora seneng kowe dadi seniman amarga dadi seniman kuwi godhane gedhe,” ngendikane bapak.

“Bapak menika aneh. Panjenengan menika taksih trah keturunanipun Nyimas Roro ingkang jaman rumiyin dados penari kraton,” aturku marang bapak. Krungu aturku mau bapak mung mendel tanpa kumecap.

“Kula sampun sowan simbah lan kathah carios ingkang kula mireng saking simbah perkawis Nyimas Roro menika,” aturku meneh.

Wiwit omong-omongan wektu kuwi, bapakku ora akeh anggone ngendikan. Ora kaya biasane sing tansah guyon karo keluwarga, utamane anak bojo. Aku uga mikir. Wong tuwa ngendi sing ora kuwatir babagan *masa depan* anak. Anak pancen *asset* ndonya akhirat menggahing wong tuwa. Mula, ora mokal menawa wong tuwa pengin anake urip seneng lahir batin ing ndoya uga akhirate. Sansaya sengkut anggonku melu gladhen beksan. Nanging uga ora lali marang kewajiban utama, yaiku sekolah lan sinau sing temenan. Ana gegeyuan gedhe sing isih dawa prosese.

Nju sakwijining dina, aku entuk jadwal pentas tari ing Bangsal Kepatihan. Aku matur bapak sing supayane bapak kersa ngeterake aku neng papan kuwi amarga wayah pentas bengi.

“Pak, kula nyuwun tulung mangkih dalu kula dipundugekake wonten ing Bangsal Kepatihan njih?” Aturku marang bapak.

“Arep ngapa kowe bengi-bengi tekan kana?” Pitakone bapak.

“Kula pikantuk jadwal mbeksa wonten mrika,” wangsulanku.

“Yoh...” ngendikane bapak marang aku. Ora ngira, ora nyangka menawa bapak kersa ngeterake aku. Atiku bungah banget.

Aku lan bapak uwis tekan panggonan sing dimaksud. Age-age aku pamit bapak sakperlu nyepakake uba rampe pentas bengi iki. Kabeh kancaku sing entuk jadwal bengi iki lagi padha dandan. Semana uga aku. Bengi iki aku didhapuk dadi Rara Jonggrang. Dakgunakake slendhang paringane simbah. Kabeh wis samekta. Enggal-enggal aku sakkanca padha nari miturut karakter sing ditugasake. Aku bengi iki nari tanpa beban. Dakrasakake saben obahing tangan, sikil, awak miturut unine suwara gamelan sing ditabuh para niyaga kanthi ikhlas. Saktleraman aku kaya weruh ana wong wadon uga nari kaya aku uga nganggo slendhang sing kaya daknggo nari saiki. Wong wadon kuwi mau ayu, lencir kuning, rikmane dawa ireng njanges. Sandhangane uga persis kaya sing daknggo bengi iki. Aku ngrasakake menawa wong wadon kuwi duwe perbawa sing beda. Bareng pentas bengi iki rampung, aku takon karo kancaku sing uga melu nari bengi iki.

“Ris, kowe mau weruh ora ana wong wadon ayu melu njoget karo awake dhewe?” Pitakonku marang Riris.

“Ora ki, Ndra. Ya mung awake dhewe thok ta sing njoget?” Wangsulane Riris.

“Weh... piye je Ris. Wong wadon kuwi neng ngarepe dhewe kok olehe njoget,” wangsulanku. Aku uga takon marang kanca-kanca liyane sing bengi iki melu njoget. Nanging, ora ana sing weruh babar blas.

Sakbanjure aku metu seka bangsal sakperlu pesen taksi. Pikirku ora mungkin bapak nunggu aku nganti rampung.


Dumadakan ana suwara, “wis rampung, Ndra?” pitakone. Aku noleh jebul bapak sing takon.

“Sampun, Pak. Kula kinten Njenengan kala wau lajeng kondur,” wangsulanku.

“Ora, Bapak mau uga mirsani lehm u njoget,” ngendikane bapak.

Saknalika atiku bungah banget amarga bapak kersa mirsani anggonku njoget. Tegese, bapak wis mangestoni menawa aku melu njoget utawa beksan.

“Bapak mboten duka malih lan sampun maringi lilah menawi kula tetep ndherek beksan?” Pitakonku marang bapak.



“Ora... ora. Bapak ora duka kepara ndhukung kowe, Ndra!” Ngendhikane bapak.

“Matur nuwun njih, Pak!” Aturku karo nyaut astane bapak dakambungi tandha bungahku lan atur panuwunku.

“Ning, welinge Bapak, kowe uga kudu dadi pegawai kaya idham-idhamane Bapak,” ngendikane Bapak.

“Njih Pak..., kula badhe ngestokaken dhawuhipun Bapak,” aturku marang bapak.

Saya sengkut anggonku sinau nganti ora krasa lulus kuliah lan bisa nyambut gawe dadi pegawai abdine negara lan njoget uga tetep terus daklakoni. Nyatane, dadi wanita Ngayogyakarta kudu bisa dadi tuladha lan dibanggakake.

Sing nganti saiki isih dakpikir, njur sapa wong wadon sing mbiyen melu njoget bareng karo aku?

Dening

Erlina Yulastuti

Grha Prambanan, Oktober 2022

Mbah Bingah lan Wayang Kancil

Dening Ida Astuti W.

Swasana ana ing Puskesmas wis wiwit rame. Wong-wong padha arep mriksake lelarane. Anane program BPJS kuwi mbiyantu banget kanggone masyarakat sing arep padha mertamba ngupaya sehatng badan. Apa meneh saiki pelayanan ana Puskesmas iya wis apik lan uga murakabi. Ya mung kudu sabar amarga sing padha mriksakake iya akeh. Kaya dene ing dina iki, aku wis mruput karo anakku wedok ragil, Vina. Dheweke kudu takgawa menyang Puskesmas ngontrolake penyakit paru-paru lemah supaya awake saras ora lelaranen lan gelem maem.

Jam pitu Vina wis takjak mruput ana Puskesmas. Ning, senadyan mruput kok tetep oleh nomer urut 11. Karepe mono supaya bisa entuk nomer cilik ben anggone rampung isih esuk banjur Vina bisa melu sekolah ana Kelompok Bermain Ngudi Luhur. Sekolah kang ngupayakake kanggo cah umur 4 tahunan sinau kabudayan lan budi pekerti. Dene aku dhewe ya njur bisa temandang gawe mberesi ngomah.

“Bu, kok suwi durung dipriksa, ta?” Pitakone Vina karo mbesengut.

“Ya sabar, Ndhuk. Bu dhokter durung rawuh lan nomer urute awake dhewe ki nomer 11.” Semaurku.

“Waah..., Bu. Aku ora isa ndherek nonton pagelaran wayang kancil,” omongane Vina karo prembik-prembik.

Jam sanga aku karo Vina lagi oleh panggilan ngadhep Bu Dhokter Wulan saperlu dipriksa kesehatane.

“Piye Mbak Vina, rak wis ora sok panas meneh ta awake?” Dhokter Wulan mriksa karo ndangu anakku.

“Pangestunipun mboten, Dhokter. Sewulan menika sae, sehat mboten sakit-sakiten,” semaurku.

“Obatipun sampun ngantos kesupen njih, Bu. Amrih enggal ical flek ingkang wonten paru-paru menika. Mangke rak menawi sampun mantun flekipun, badanipun Vina saged dados lema.”

“Injih, Bu Dhokter.”

“Mbak Vina maeme rak ya wis gelem akeh ta? Sayur, buah, susu,” pendangune Bu Dhokter Wulan marang Vina. Vina mung manthuk, dene aku sing semaur, “lumayan Bu Dhokter, sampun purun maem mawi sayuran, buah njih radi gampil, lan samenika remen susu murni.”

“Wah, ayu tenan. Nek Mbak Vina seneng susu sapi sing murni, mengko enggal mari. Sakite mbak Vina iki yen akeh dimimiki susu sapi murni flek-flek sing ana paru-paru enggal resik njur enggal sehat kaya cah-cah kae. Bisa dolanan apa wae sing disenengi karo kanca-kancane. Iki diparingi resep obat dienggo sesasi. Sasi ngerep Bu Dhokter kepengin ngerti perkembangane.”

“Injih, Bu Dhokter. Matur nuwun.” Panyautku.

Dhokter nulis resep kanggo Vina. Bareng wis rampung banjur diparingake aku lan ngendika, “Mbak Vina, iki susu karo biskuit kanggo Mbak Vina ben tambah sehat nggih,” Bu Dhokter maringi susu sakothak karo rong wungkus biskuit. Vina banjur ngaturake panuwun.

Sadalan-dalan Vina mung mrengut wae. Ditakoni ya mung meneng wae merga gela yen nganti ora sida nonton pagelaran wayang kancil sing arep diadani ana Kelompok Bermain Ngudi Luhur.

“Wis, ta. Aja gela Vin. Iki isih jam sepuluh kurang. Iki Ibu olehe numpak motor wis takcepetke,” pengarih-arihku marang Vina.

Tekan prapatan Dhusun Jamblangan, motor takrindhikake. Ananging, seka dalan sisih wetan ana bocah lima lanang-lanang padha mlayu nubruk motor sing taklakokake alon-alon.

“Gabrus!”

Bocah papat padha tiba. Dene untunge olehku nglakokake motor alon lan pengkuh dadi aku karo Vina ora tiba.

“Oh, bocah. Ora padha ngingetke dalan! Yen dolanan aja nang ndalan, mbebayani yen ana kendharaan, isa ketabrak.”

Bocah-bocah mau enggal-enggal ngadeg banjur mlayu karo cengingisan nyabrang ngulon mlebu kampung. Dene ora let suwe ana piyayi putri udakara yuswa 65 tahun karo nyincingake agemanane karo sajak nggoleki. Piyayi putri kuwi banjur mundhut priksa, “Nak, menapa priksa wonten lare-lare jaler kinten-kinten kelas 5 SD sami mlajar saking arah mriki? Menika lare ingkang murang tata, sampun ngacak-acak betan kula.”

“Oh njih Bu, menika sami mlajar ngilen malah kala wau nabrak motor kula. Lha menapa ingkang dipun acak-acak?” Aku ganti takon.

Aku karo Vina nuntun motor banjur ngetutake piyayi putri mau mengkok ngetan. Oh alaaah, lha nakal tenan cah-cah mau. Tibake, motore piyayi putri kuwi tiba. Dene kothak sing diasta isine morak-marik malah kaya diacak-acak ora karuwan. Aku karo Vina banjur nulungi piyayi putri kuwi. Ngedegake motore lan wiwit ngewangi nglumpukake barang-barange. Vina takdhawuhi ngewangi uga, banjur njawil aku: “Bu, kuwi rak wayang kancil, gajah, macan, ta?”

“Oh iya.” Semaunku cekak aos. Aku banjur nyuwun priksa piyayi putri mau, “Ibu, menapa Mbah Bingah, njih, ingkang badhe mbeber wayang kancil wonten Kelompok Bermain Ngudi Luhur?”

“Oh injih, kok Nak priksa?”

“Menika lare kula Vina rak njih salah setunggaling anggota kelompok bermain. Dene kula nama Sundari,” wangsulanku.

“Oh njih. Mbak Vina ya arep ningali wayang kancil, ya?”

“Injih, Mbah. Nanging menika kontrol rumiyin wonten Puskesmas. Mila lare kula sampun prengat-prengut yen mboten saged ningali.”

Isih karo nglumpukake isi kothak lan barang-barang, Mbah Bingah nyritakake.

“Menika wau lare-lare jaler rak sami nyegat kula kapurih gelaraken wayang modern wonten Batman, Kapten Amerika. Sejatosipun sampun kula sagahi sewulan malih mergi nembe kula damelaken cucalipun. Dene samenika kula rak nembe kliling mbeberaken wayang kancil supados lare wiwit alit nresnani lingkungan hidup. Ning kok lajeng sami nesu malah ngungalaken kula Simbah Bingah elek, kuna, lajeng nggereti motor saengga dhawah lajeng kothak kula sami semebar isinipun, lajeng pun acak-acak.”

“Njih mangga, Mbah. Sampun sedaya. Rak mboten wonten ingkang ical ta njih?”

Sidane Mbah Bingah banjur nerusake tindake tumuju ana Kelompok Bermain Ngudi Luhur Sumberejo lan mbeberake wayang kancil. Bocah-bocah padha seneng diwayangake crita kancil. Ana kono digambarake menawa kancil kuwi arepa nakal ning pinter, gelem tetulung, lan ngurmati marang piyayi sepuh karo njaga lingkungan hidup. Vina senenge ora jamak malah banjur nyuwun karo bapake yen mengko menawa pas ulang tahun nyuwun ditanggapake wayang kancile Mbah Bingah ana ngomah. Bapake ya njur taren aku apa bisa le ngaturi. Aku nyaguhi mengko takmatur lewat WA apa telpun. Wong ngendikane ya biasa diaturi kanggo nyeneng-nyenengke bocah lan ngendika menawa Mbah Bingah ora nampa bayaran. Ancase ngajari bocah nresnani kabudayane dhewe amrih ora ilang.

Liding dongeng, sidane ulang tahune Vina. Aku sabrayat ngaturi Mbah Bingah nggelar wayang kancil ana ngomah karo ora lali ngundang bocah-bocah cilik tangga teparo karo uga Kelompok Bermain Ngudi Luhur udakara ana cah 20-an. Wiwit sore jam telu Vina wis dandan ndhithing lan atrap ana ngarepan manggakake kanca-kancane sing padha kepengin nonton pagelaran wayang kancil. Bareng udakara jam papatan, bocah-bocah wis padha ngantu-ngantu rawuhe Mbah Bingah. Ning, ditunggu nganti jam setengah lima durung rawuh. Kamangka janjine jam papat sore pagelaran diwiwiti.

“Bu Ndari, niki temtu mboten nggih wayang kancile?” Andri takon marang aku.

“Nggih lho, Budhe Ndari. Niki pun jam pinten? Selak sonten,” panyaute Santi.

“Ya wis, karo nunggu Mbah Bingah, kuwi jajanan sing ana meja ayo padha dimaem dhisik wae,” kandhaku.

Ora let suwe, Rendi mlayu-mlayu karo bengok-bengok, “Vin, Vin, ana tamu arep methuk.”

Krungu suwarane Rendi aku banjur metu. Ing plataran ana mobil mini bis putih mlebu. Aku plenggongan. Aku ora rumangsa semayanan karo sapa-sapa kok ana mobil teka. Bareng lawang mobil dibukak, sing nyopiri medhun. Aku kaget karo

manggake, “Oh..., Dhokter Wulan. Mangga, mangga Dhokter. Badhe pinanggih sinten?” pitakonku.

“Badhe methuk Vina lan kancanipun. Dinten menika rak Vina ulang tahun, badhe kula jak ningali pagelaran wayang kancil.”

“Lhoh rak kedahipun wayang kancil pun gelar wonten griya kula,” aku plenggongan.

“Njih, margi kula pun utus Mbah Bingah. Pramila samenika Vina sakanca-kancanipun badhe kula boyong wonten panggenan tanggapanipun Mbah Bingah. Mangga, mindhak selak sonten.”

Aku banjur ngandhani bocah-bocah supaya ndherek ana mobile Dhokter Wulan. Menawa ora cukup ben liyane diangkut karo bapaké Vina. Sidane bocah 20, aku, lan bapaké Vina ngetutake mobile Dhokter Wulan ngestreni pagelaran wayang kancil embuh ana ngendi aku dhewe ya durung pati pana.

Lakune mobil udakara setengah jam. Tekan Kampung Jatisari banjur mlebu ana plataran amba lan ing tengah plataran ana omah joglo gedhe. Bareng mobil wis padha mandheg, Bu dokter Wulan manggakake supaya kabeh padha mlebu ana pendhapa kang wis ditata thirik-thirik. Ana gamelan, geber kanggo mayang sauba rampene. Dene ing cagak-cagak direngga nganggo balon, kembang, lan kaya dene hiasan lampu cilik-cilik. Ing pojok uga wis sumadya pasugatan werna-werna. Vina lan bocah-bocah dadi bungah atine.

Bareng kabeh wis sumadya, Bu Dhokter Wulan ngacarani sarta ngandharake yen Mbah Bingah rada ora sehat mula banjur ulang tahune Vina dipindhah ing daleme Mbah Bingah. Ora let suwe Mbah Bingah medal ngagem kursi rodha lan pangandikan sedhela sing isine nyuwun ngapura ora bisa tekan ngomahe Vina merga seminggu kepungkur Mbah Bingah dhawah seka nitih motor, ning rahayune ora apa-apa mung rada kesleo sithik. Amerga wis janji arep gelarake wayang kancil pas dina ulang tahune Vina, mula banjur utusan wayahe ya Dhokter Wulan, dhokter Puskesmas sing sok mriksa Vina, methuk Vina sakanca-kancane diulangtahuni ana ndaleme Mbah Bingah. Bocah-bocah banjur padha sorak karo ngaturake panuwun dene keluarga Mbah Bingah kersa nampa Vina sakanca-kancane. Pagelaran wayang diwiwiti. Mesthi wae ketok ngengreng merga iringane ya gamelan tenan lan ana warangganane barang. Dene Mbah Bingah anggone ndhalang ya manteb lan

bocah-bocah ketok seneng. Apa meneh diselingi dhagelan sing akrab kanggone bocah-bocah cilik.

Aku lan bapake Vina trenyuh banget dene isih ana piyayi sing kersa mentarake kabudayan Jawa marang bocah-bocah kanthi tulusing ati. Kersa ngundhuh ulang tahune Vina mangka kanthi gratis. Saupama ana tokoh-tokoh sing mumpuni kersa mentarake kapinterane sing maneka warna kaya Mbah Bingah marang generasi calon penerus iki, takkira kabudayan luhur bangsa kita ora bakal ilang.

Bareng bengi karo leyeh-leyeh, aku mbukak hp. Iseng-iseng nonton YouTube. Ndilalah aku ketarik karo judul: “Mentarake kabudayan Nuswantara.” Tibake, Mbah Bingah ki biyene ngasta guru lan wasis ing babagan kabudayan. Bareng pensiun banjur nerusake anggone mentarake kabudayan kanthi cara nyinaoni bocah-bocah kanthi ndongeng, dolanan bocah, nembang, uga ndhalang crita-crita sing prasaja kaya budi pekerti, lingkungan hidup, subasita lan sapanunggalé. Mlebu metu ing dhusun-dhusun lan ora ngarepake bayaran. Dene putra-putrane wis padha mencar lan wayah-wayahé ya wis padha bisa nerusake apa sing dadi gegayuhane Mbah Bingah. Salah sijine yakuwi Dhokter Wulan sing saiki sinandhing dening penjenengane. Pemanggihe Mbah Bingah: wong kuwi kudu tansah gelem sinau terus lan uga gelem mentarake marang sapa wae lan kudu bisa mandhireng. Apa meneh kanggo para wanita, supaya urip iki bisa aji kanggo sapa padha-padha lan ana ing ngarsaning Gusti.

Grogol, 5 Oktober 2022

Ida Astuti W., Pensiunan Wakil Panitera Pengadilan Tinggi Provinsi DIY. Hobi membaca dan menulis. Ceraknya ikut dalam antologi “Drangsa” diterbitkan oleh Pasbuja Kawi Merapi.

LAMIS MILANGONI

Dening Rika Maulida WS

Kabeh iki kawiwitan nalika aku isih kalebu mahasiswi anyar ana ing salah sawijining kampus ing tlatah Ngayogyakarta. Niyatku kanggo ngudi kawruh ana ing Kutha Pelajar iki supaya bisa ngabdi dadi tenaga kesehatan kang bisa mbiyantu wong-wong kang padha mbutuhake. Kampusku kalebu dhominan mahasiswi katimbang mahasiswane. Bisa dibayangke kaya ngapa ramene. Nanging uga kang diarani *persaingan* ing antarane mahasiswi siji lan liyane kuwi bisa dikandha pancen nyata.

“Eh, kene-kene, dadi siji wae supaya luwih kepenak,” ana sawijining mahasiswi kang ngajak sakiwa tengene supaya ngumpul dadi siji. Kenya kuwi katon sumeh, kayane ya isih mahasiswi anyar nanging wis bisa akrab marang mahasiswa utawa mahasiswi liyane.

“Jenengmu sapa?” Kenya kang diceluk Astuti kuwi ngulungake tangan, ngajak aku salaman.

“Ratih,” jawabku cekak.

“Muga bisa kekancan raket ya, Ratih!” Sumahure Astuti sambli mesem banjur ganti guneman marang mahasiswi liyane. Aku ora wangsulan. Ana sajeroning atiku rasane rada ora kepenak, mbuh ngapa. Paling ya amarga aku ora kalebu uwong sing bisa gampang akrab. Aku duwe rasa waspadha apamaneh karo pawongan anyar sing lagi wae tak kenal.

Kaya-kaya pancen kabeneran tenan. Nalika pembagian kamar ana ing asrama, aku kalebu ana ing kamar kang padha karo Astuti. Ana loro kanca liyane kang uga sekamar, ananging dheweke saka SMA kang padha. Dadi wis katon raket, banjur manggon ing kasur tingkat kang padha.

“Ratih, aku manggon kasur sing ndhuwur ya!” Kandhane Astuti nalika mlebu ana ing kamar A12 bareng karo aku lan mahasiswi liya.

“Awakmu takon, apa genahi aku?” Aku wangsulan kanthi rada sengak. Sajak mangkel amarga dheweke langsung mutusi kekarepane. Astuti raine rada kecut, nanging ora suwe banjur memelas njaluk ngapura kaya-kaya wis nglakoni tumindak kang salah banget.

“Lhooo ealah Tih, sepurane aku Tih, aku mung ora kulina turu ing kasur sing mepet jubin amarga aku duwe asma, yen awakmu ora kersa, ya ora papa kok, Tih.”

Dheweke ngrungkel-ngrungkel lengenku katon nggendholi karo njaluk ngapura terus-terusan. Tumindake Astuti marang aku mau dadi tontonan marang kanca kamarku liyane. Aku sangsaya ngrasa risih lan ora jenak.

“Ya, wis, wis. Aku sing manggon ngisor,” aku wangsulan saperlune.

“Tenan, Tih? Matur nuwun ya, Tih!”

Astuti banjur nguculi gondhelane nyang tanganku lan miwiti nata barang-barange kang digawa. Sepisan maneh, dheweke ora awèh pitakonan dhisik sadurunge ngisi kabeh barange ana ing lemari kang kudune gawe bareng-bareng. Aku mung bisa unjal ambegan.

Ayake pancen wis dadi watek yen bocahe kaya mangkono, seneng mutusi kekarepane dhewe. Batinku.

**

Dina ganti minggu, minggu ganti sasi. Ora krasa wis ngancik telung sasi anggonku dadi mahasiswi. Sasuwene telung sasi kuwi uga jenenge Astuti saya moncer nganti keprungu kakak tingkat, amarga bocahe alus, sumeh, grapyak, lan gampang akrab karo sapa wae. Ya memper yen sakangkatan padha ngerti marang Astuti. Beda karo aku. Aku wis kulina rana rene dhewe. Nglakoni samubarang apa wae yen aku bisa ya tak tandangi dhewe. Yen ora dirasa perlu banget, aku ora nate lelungan dolan. Bisa dikandha yen aku arang sesrawungan. Kabeh kuwi amarga wektuku luwih daknggo sinau lan melu tim panaliten ing kampus kanggo nyambi kuliahku.

Kalebu ana ing kamar asrama kang padha karo Astuti. Aku banjur ngerti kaya ngapa sejatine watek uga pakulinane. Dheweke kerep banget ngajak sinahu bareng,

nanging akhire kabeh tugas aku sing garap. Ana wae alesane nalika dakkongkon bagi tugas. Dheweke uga kerep nyilih barang-barangku. Yen ora daktagih kayane ora bakal dibalekake. Sejatine aku rada gething, ananging aku mung bisa sabar. Nganti sawijining wektu, aku wani nolak apa sing dadi kekeparepane dheweke.

“Tih, mengko garap tugase Bu Juwita bareng-bareng ya! Daktukokake martabak manis wis,” mangkono pangajake Astuti marang aku.

“Sepurane ya As, wengi iki kayane aku ana rapat nganti bengi, sisan dakgarap ana kampus wae,” mangkono wangsulanku kanyata asline aku ora ana rapat mung kepengin garap tugas ana kampus wae.

“Wah ngono ya, aku rada ora mudheng kuwi tugase. Njaluk tulung difotokna nek wis rampung ya, Tih!”

Aku mung mesem kecut banjur tata-tata. Kabeneran wengi kuwi bulan katon padhang jingglang. Aku banjur mangkat menyang kampus kanggo garap tugas. Aku pancen niat ora gawa HP, mung gawa laptop kanggo garap tugas. Ya merga apa maneh, supaya Astuti ora geger marang aku. Bener wae, nalika aku bali menyang asrama, Astuti langsung gage-gage nyeraki aku sajak nesu.

“Sampeyan kepriye ta, Tih? Daktelpon ora bisa. Aku rak wis njaluk tulung supaya difotoke garapan tugase ta!”

“Sampeyan kuwi ya kepriya ta, As? Mosok saben garap tugas lha kok ngandelake aku terus. Yen kulina kaya mangkono kepriye sampeyan bisa mandhiri garap tugas dhewe? Kudune kabeh tugase sampeyan kuwi bijine kanggo aku wae wong aku sing garap!” Mangkono wangsulanku marang Astuti. Aku kudu teges, mangkono pikirku. Yen aku ora teges, aku bakal dimanfaatkan terus.

Astuti ora bisa wangsulan. Pasuryane abang mbranang sajak ngampet nesu tenan. Dheweke banjur lunga mlengos. Metu saka kamar asrama, embuh menyang ngendi. Aku mung bisa unjal ambegan. Kancaku loro liyane kang padha sakkamar mung bisa nyawang apa sing lagi wae kedadeyan. Ora wani kemucap apa-apa.

Liya dina, nalika ana ing kampus, aku keprungu kanca-kanca padha saur manuk guneman barang kang ora kepenak dirungu. Kepara kuwi ana gegayutane karo aku. Sejatine ora arep dakrungokake, ananging saya suwe kok saya nyuwek ati.

“Ee lha iki ta bocahe, mung kaya ngene kok ya isa-isane duwe niat arep saingan. Aduh aduhhh...” kenya cacahé ana telu kang ngadeg ana sisihku kuwi

guneman sajak kaya *sindiran* nyang aku. Aku dhangak. Daksawang kenya kuwi mau siji mbaka siji, dheweke mung lirak-lirik salah tingkah.

“Sampeyan apa lagi ngomongke aku ta, Mbak?” Aku menahi pitakonan marang dheweke.

“Ekhehmmm... Wis njo lek lunga,” sawijining kenya mau age-age ngajak kanca liyane supaya pindhah papan panggonan, nanging ora gelem menahi wangsulan marang pitakonku. Malah kaya bingung dhewe. Lha mangkana aku ya dadi melu bingung, apa sejatine maksude kuwi.

Nalika kuwi aku lagi mlebu ana ing kelas. Kabeh sing ana ing kelas kuwi sajak kaya nyawang aku kecut. Kancaku sakkelas jenenge Ridya banjur nyeraki aku.

“Tih, kabar kuwi ora bener ta? Gek ya ngapa awakmu kaya mangkono. Kurang gawean men.” Kandhane Ridya kuwi sangsaya marai kebak pitakonan klambrangan ing batinku.

“Kabar apa ta, Rid? Apa mung aku sing ora ngerti apa-apa?”

“Astuti. Wingi nalika melu kegiatan karo kakak tingkat dheweke masang rai sedhih tur melas. Banjur ana kakak tingkat sing takon. Dheweke crita werna-werna ana gayayutane karo awakmu. Jan! Aku wis mbatin mesthi dheweke duwe maksud ora apik.”

Ridya banjur crita yen Astuti kandha menawa aku wis *bully* dheweke. Aku ora gelem diajak garap tugas amarga aku wegah kesaing. Dheweke uga nyebar pitenah yen aku kasar marang Astuti. Kepara nganti nyebar pitenah yen asline aku niru-niru gayane Astuti. Astuti goroh. Dheweke mbalikake kabeneran supaya aku ketok jahat. Gek ya ngapa dheweke kaya mangkono? Apa dheweke serik amarga pangucapku dina kepungkur? Apa merga asline dheweke ora seneng lan mung pengen ngrusak jenengku? Astuti ketoke ora kaya mangkono. Aku ora bisa nemu wangsulan kang pesthi.

“Owalah, ya wis ora usah dirungokake. Awakmu ngerti ta yen kuwi ora bener? Jarke wae mengko lak lerem dhewe.” Aku mung bisa wangsulan kaya mangkono. Senajan ana ing jero ati rasane kudu muntab, nanging aku kudu bisa nahan. Iki masalahku karo Astuti. Aku kudu bisa ngontrol emosi ana sangarepe kanca-kancaku liyane. Aja ngasi tumindak gegabah.

Cekake, aku banjur bali menyang asrama kanggo menehi pitakonan marang Astuti lan apa niat sabenera saka pawarta kang nyebar kuwi. Durung ngasi aku buka lawang kamar, dheweke wis buka dhisik saka njero. Dheweke kaget weruh aku, nanging banjur mlengos. Aku age-age nyegat sadurunge Astuti lumangkah.

“Sampeyan janjane ngapa ta, As? Aku krungu jare sampeyan ngala-ala aku nalika melu kegiatan karo kakak tingkat.” Astuti kaget keprungu pitakonku.

“Hiya pancen bener ta! Awakmu kasar karo aku! Ora gelem garap tugas bareng merga wegah kesaing karo aku ya ta? Kayane penak ya, Tih. Kabeh katon gampang kanggo awakmu. Oleh biji kang apik, ora perlu abot mikirake tugas, kabeh sandhanganmu ya ketok praja. Bisa oleh kanca tanpa ngrekasa, bisa melu tim panaliten uga! Kurang apa, Tih!” ganti aku sing kaget amarga wangsulane Astuti kuwi. Nanging aku mudeng kepriye satemene maksude Astuti.


“Sampeyan nyebar pitenah kaya ngono ora marai sampeyan untung, As. Aku bisa oleh kabeh kuwi merga aku niat tur usaha. Ora nyalahi wong liya.”

Astuti ndredheg. Nanging ora let suwe dheweke ngamuk dhewe amarga ora trima. Kabeh barang-barangku ana njero kamar dibuwang metu. Dheweke katon beda banget karo Astuti kang biasane. Astuti kang sumeh lan grapyak. Lelakonan kuwi dadi tontonan mahasiswi saka kamar liya uga kang lagi bali saka kampus. Padha bisik-bisik lan ora percaya meruhi lakone Astuti kaya mangkono.

“Sampeyan yen ora seneng karo aku omong wae As, ora perlu nyebar pitenah kaya mangkono. Apa yen nyebar pitenah ngono banjur bisa dibela? Ora. Apamaneh yen kabeh kanca padha ngerti kang sabenera! Yen kabenerane kuwi malah suwalike!” Aku wis muntab. Apamaneh meruhi kabeh barang-barangku dibuwang ana sangarepe kamar.

“Aku bakal lunga saka kene!”

Lawang dakbanting. Aku wis ora gagas pawongan kang lagi madeg jejeg ora obah ana sangarepe lawang kuwi. Krungu jeneng apamaneh weruh pasuryane kayane aku wis ora sudi. Yen dibandingake karo kayangapa tumindak alane wong kuwi ngurek-urek jeneng uga raiku ana ngarepe kanca-kanca, dakkira iki ora sepirakna. Bener, aja mung mbiji samubarang saka apa sing katon yen kasunyatanane malah luwih gegirisi kaya mangkene.



Astuti mung bisa meneng disawang karo kabeh kanca-kanca kang nyekseni kedadeyan kuwi. Kedadeyan kang paling ora gelem dakeling-eling maneh.

**

Sawise kuwi, aku babar blas wis ora nate gegayutan karo Astuti maneh. Aku ya wis pindhah asrama. Kabegjan, kepala asrama kang meruhi kedadeyan antarane aku lan Astuti banjur menehi idin kanggo awakku pindah saka asrama. Aku ya babar blas ora nate omongan masio dadi siji ana ing kelas kang padha. Nanging liya dina, ana sawijining *parcel box* dikirim menyang kamar asramaku. Isine boneka karo jajanan lan uga tulisan.

Aku njaluk pangapura ya, Tih.

Hmmm kayane aku ngerti saka sapa.

BEDA PAMANGGIH

Dening Nursiyah, P.M.

Kedadean nglairake banjur putrane ora ana, wus kaping lima. Disanepakke lara, wis tekan bun-bunan. Rasa kuwi wus bola-bali dirasake Cahyo lan Rini. Lara lair lara batin. Kaya dina iki, Cahyo lan Rini kudu kelangan putrane. Akeh kupiya kang wus dilakoni. Kabeh mung ngupiya bisa dadi wanita sempurna kang bisa ngandhut, bisa nglairake, bisa nesepi, lan bisa ndhidhik putra minangka amanah saka Kang Mahakuwasa. Wulan April taun iki, tanggal papat, apa kang dadi printahake dokter dilakoni. Ngikat utawi nalení kandhungane kang udakara nem wulan. Wus den pilih rumah sakit kang kaanggep apik lan manja, sanadyan biayane ora sithik. Andhalane wragad, nyilih koperasi. Biasa, dipotong kaping sepuluh. Wragad kuwi kanggo golek cara supaya bayi kang dikandhut bisa aman nganti umur sangang wulan sepuluh dina.

Esuk kuwi dina Ahad. Cahyo lan Rini bantu wong tuwane mepe gabah. Cahyo kang ngusungi, Rini nunggu yen ana pitik ngruyuk. Udakara jam sanga, Cahyo lagi wae ngarik-arik gabah, Rini pamit menyang pakiwan. Dadakan flek abang nempel ana clana. Rasa was-was nggrogoti atine. Ananging diampet banjur nemoni sisihane.

“Mas, kok ngeflek. Pripun niki,” suarane Rini prembèh-prembèh arep nangis.

“Wis, aku tak matur simbok. Mengko langsung rumah sakit. Wis sing tenang.”

Rini manut sisihane. Rasa was-was lan kuwatir ora bisa dibendung. Ngranti sisihane, Rini nata klambi loro kanggo jaga-jaga menawa kudu opname. Karo donga muga-muga kabeh lumaku slamet. Akeh wus dilakoni. Obat rutin, istirahat, ora nyambut gawe abot, nentremke pikir, uga wis dijaga. Nrima. Kabeh ngendikane dokter kandungan dilakoni. Ibarat ragat entek ngalas entek ngomah dilakoni. Ananging, Gusti durung maringi.

“Wis, Dhik. Ayo mangkat. Tenangke pikire. Pasrahke Gusti Allah.”

“Pun siap, mangga kula manut Panjenengan badhe dhateng pundi,” kandhane Rini.

Reruntungan menyang RS Panti Rapih. Kanthi dibonceng sepeda motor Yamaha V 75. Tekan Rumah Sakit mlebu IGD. Ketemu perawat. Piyayine manis, lincah. Nepungake. Asmane Santi, kanca rikala sinau ana SMA Santo Agustinus Sleman.

“Mas Panjenengan nengga njawi, kersane garwane ditangani dokter. Mangkih menawi wonten wigati kula kabari,” ngendikane alus.

Cahyo mundur kanthi praupan sedhih. Rini yakin, panjenengane golek papan kanggo dedonga. Sawetara diobservasi, ana keputusan kudu ana tindakan. Krungu swara ngono, luh tumetes ana pipine Rini. Atine rontok lan remuk. Kedadeyan makaping-kaping dirasaake. Lan, iki kanggone Cahyo lan Rini, wus ngetogake kekuatane lair lan batin. Kanthi tindakan, biyasane bayi bakal dilairake sakdurunge wancine. Muga Allah paring mukjizat. Dhewean, rasa sumelang tansah ngreridu. Mung rintih kang lirih marang Gusti, mugé paring pitulungan. Rampung tindakan, diwenehi ngerti yen anakku lair wadon. Amarga isih lembut lan lemah kudu dilebetake *incubator*. Jam papat sore wancine besuk. Cahyo mlebu ruangan Elisabeth kang kanggo ngrawat Rini sisiane.

“Piye, Dhik. Anake ana ruang perawatan. Muga-muga sehat,” suarane lirih.

“Aamiin. Muga-muga Allah paring ijabah dongane dhewe. Perawat ngendik yen kowe bengi iki kudu pasa sebab sesuk arep dikuret. Sejatine aku pingin ngancani kowe, ananging aturan, pasien ora oleh ditunggu. Ra papa ta tak tinggal?” Swarane Cahyo lirih semu gerok. Jam besuk wis entek, Cahyo pamit. Wiwit kuwi, sewengi Rini tansah nyawang korining ruangan. Sing diajab ana perawat bayi mbopong putrane supaya disesepi. Nanging, nganti parak esuk ora ana.

“Mbak Rini, nggih?” Swarane perawat kang arep nggawa Rini menyang ruang tindakan.

“Leres. Niki sinten, nggih? Kok ketingale tepang, ” tembungé karo ngeling-eling.

“Murni, Mbak. Adike Bu Indarti. Klangon tan Progo.”

“O, ngaten. Pripun kabare, Mbak. Kakak kelas SMA Argomulya Sedayu, nggih? Kula, kedah mlebet ruang oprasi, pripun, boten wonten ingkang nenggani?”

“Kalih kula, tak kancani ra papa. Pun siap?” Rini manthuk.

Mlebu ruang tunggu oprasi, atine nelangsa. Dhewean tanpa sedulur. Pikiran aneh ngeridu ati.

“Apa anakku ora gelem diemong?” Graitane Rini. Nganti tandha jam besuk, ora ana keluarga sing teka. Atine trataban. Apa sengaja disingidake kabar iki.

“Dhik, siap ya. Gilirane wis tekan,” Rini manthuk tanpa kumecap.

Ing ruang tindakan, kabeh wus sumadiya. Disawang mendhuwur, lampu kristal, meja oprasi, dokter uga perawat lengkap. Jumeneng cedhak *bed*, dokter Sudiana, dokter spesialis kandhungan. Nepuk-nepuk pundhakku sajak maringi kekuwatan.

“Yuk, suntikan!”

Suntikan wus dilebokake. Rini pasrah pati urip. Ing tutuke mung teles Alfatikhah lan Ayat Kursi. Perawat kang ngampingi pak dokter matur, “*Pak, sudah sesuai dosis, tapi masih sadar.*”

Rini ditakoni apa asring minum kopi. Dokter paring isyarat supaya ditambah dosis. Perawat ngasta sapu tangan banjur ditutupake irunge. Sanalika, rasa lerleran. Rini wus ora eling apa-apa. Ngerti-ngerti ngrasakake sirahe abot, pengen mutah. Lamat-lamat sadhar yen wus ana ruang perawatan. Mripat ora cetha. Mumet ora baen-baen. Rasane ora kuwat. Efek bius. Suwe-suwe bisa namatake. Cahyo, ana sandhinge mijeti pilingan. Tangane tengen nyekel bengkok sebab Rini pengen mutah. Idu mulur warna putih ngganda ora enak metu saka tutuke. Weteng kaya diudhak-udhak. Rini bingung kudu piye. Sirah mubeng-mubeng. Cahyo, kanthi sabar, ngelus rambute.

“Aku butuh kanca,” Rini kandha.

Lonceng tandha akhir kunjungan kemlonthang. Pengunjung kudu ninggalake papan kuwi. Kahanane Rini durung wutuh sadhar. Cahyo uga kabotan arep ninggal Rini, mula banjur matur perawat.

“Bu, pripun niki bojo kula dereng sadhar banget. Kula angsal nengga mboten? Niki sedinten dereng maem, mangkih kepripun?”

“Pak, Panjenengan kondur istirahat. Ibu ugi kersane istirahat. Menawi betah napa-napa kula ingkang ngladosi. Panjenengan pun mbayar kula. Ibu boten badhe kapiran,” ngendikane tegas.

Sepisan maneh, Cahyo ngelus rambute,”Dhik, daktinggal dhisik.”

Rasane ati rinujit-rujit. Cahyo mung dhingkluk rikala Rini takon anake. Kaya ana kang disingidake. Ana rasa aneh ing pikirane. Ora bisa nafsirake. Ing pangangen kaya bakal ana kedadean ngenani awake. Bingung, temlawung. Sunar lampu padhang peteng kaya atine. Tansah kelingan ngomah uga ruang nyalawadi. Mripate tanpa ngliyep. Kasur empuk, slimut anget, lampu padhang, ora bisa nggawa tentreme atine. Jam sadhuwuring kori rumah sakit lakune luwih rindhik katimbang semut. Tasbih kang digawa wus bola-bali tekan pok etungan. Wacan werna-werna. Nyuwun. Mripate bisa merem lan atine lerem sawetara, nanging muspra. Atine tansah cubriya marang Cahyo. Anake tekan saiki durung ana kabare. Perawat kang saben daksuwuni pirsu buang warta. Rini saya yakin ana kang disingidake. Rasa jengkel, embuh karo sapa. Pengin ngerti sejatine apa kang dumadi. Rini janji dina iki kudu bisa nemu jawaban. Rini pengin diterake ana ruang bayi. Sarapan esuk blas ora dakdumuk. Pengin ngerti anak kang wus dikandhut kanthi rekasa kudu dilairake durung wancine. Sawernane obat ditebus lan diombe. Pantangan kabeh diturut. Mung siji pengin duwe momongan. Mung donga kang bisa nguwatake atine. Supaya tetep bisa nampa kahanan. Lamunane ketungka anane swara bel awan kuwi.

“Klontheng, klontheng,” tandha para pasien bisa ketemu sanak kadang. Atine ditata supaya sadhar lan sareh. Diampeta kaya ngapa, bendhungan kuwi dhadhal. Rini dleweran luh tanpa rinasa ketemu Cahyo. Ngerti kembang-kembang luh banjur takon, ”Piye Dhik, krasa durung kepenak apa piye? Aku takmatur perawat, supaya diparingi obat.”

Rini mung gedheg alon. Tenggorokane kebak, swarane kesumpet. Kamisesegen. Rasane wus ora bisa diampah maneh. Bendhungane jebol.

“Mas, kula nyuwun pirsu, priapun kahanane anake? Ngantos sepriki kula dereng diparengake ningali. Napa pun dimimiki? Kula dereng disuwuni supados nesepi.”

Krungu pitakonku mau, Cahyo mung dingkluk karo ngekep Rini bojone.

“Jujur mawon Mas, tenane pripun? Boten usah muwun. Luh kula pun mrebes wiwit kala wingi sakondure Panjenengan. Tulung Mas, jujur. Kula mung pengen ketemu anak kula.”

Alon, Cahyo swarane gerok, panone katon kucem ngendika, “Dhik, aku tak kandha ning panjenengan kudu sabar. Bisa nampa kahanan. Sejatine, anake dhewe wus kapundhut Ngarsaning Gusti Allah, mau bengi kira-kira jam sewelas.”

“*Innalillahi wainna ilaihi roji’un*. Ya Allah, sedaya kagungan Paduka, kula namung titah Panjenengan ingkang ina. Nyuwun pangapunten sedaya lepat kawula”, swarane Rini.

Bubar ngono, tangise kaya kasok. Wektu jam besuk. Akeh piyayi kang ngungak papan kuwi. Bab kuwi dadi kawigatene para perawat. Akeh kang ngarih-arih supaya sabar. Ananging atine ora trima. Brontak. Tembung-tembung panglipur ora tumama. Ana rasa nolak, “Lha iya, karang kabeh ora ngrasaake, isa ngendika ngono. Coba yen ngalami.”

Tembung kang kaucap, “Mas, aku kudu bali saiki. Kena apa ora diwenehi ngerti. Aku kang ngandhut, nglairake toh nyawa. Aku kudu bali.”

“Iya, Dhik, aku jaluk ngapura. Bengi kuwi aku bingung. Tulung Panjenengan sing sareh. Istighfar. Wektu iku, petugas ngenei pilihan loro. Yen arep bareng saiki melu mobil kudu cepet utawa arep golek mobil dhewe. Mula aku mung jaluk tulung mbakyu mburi supaya methuk bayek lan aku.

Krungu riwayat ngono mau, atine Rini rada mendha. Cahyo lan Rini reruketan nangis. Adhine teka karo sisihane. Ngepasi kuwi, Cahyo dipanggil perawat. Adhine crita kahanane ngomah lan nembe wae rampung pemakaman, dadi bisa bablas rene.

Rini diajak mlebu ruang psikiater. Akeh pitakon kang dijawab. “*Apakah ada kekhawatiran jika nanti ibu diceraikan sang suami dengan alasan tidak bisa memberi keturunan?*”

“*Astaghfirullohaladzim!*” Rini kaget. Apa Cahyo pingin megat?

Rini sawetara mung meneng. Sawuse bisa ngedhem emosi lan pikiran, balik nyuwun pirsu, bab cerai.

“Enggak Ibu, hanya jika hal itu terjadi. Ini sekadar seandainya.”

“Maaf, hidup bukan berandai-andai. Bagi kami, menikah adalah ibadah. Cerai adalah perbuatan yang halal tetapi dibenci Allah. Seperti agama Ibu juga kan? Orang yang telah dipersatukan tidak bisa dipisahkan kecuali maut,” Ibu kuwi mendel lan nyawang aku.

“Bu, maafkan kami. Menikah adalah ibadah. Suka dan duka dijalani bersama. Jika terjadi hal yang paling pahit pun, kami siap dengan ambil anak atau adopsi. Bagi kami, anak amanah titipan dari Allah. Mungkin saat ini kami belum dipercaya untuk mengemban amanah itu. Namun, kami yakin nanti ada kesempatan. Jika aku terpaksa dicerai, insyaallah akan berusaha hidup mandiri. Dengan kemampuan yang ada bisa berdiri di kaki sendiri, bekerja untuk mencukupi diri sendiri. Saya tidak ada terbersit sedikit pun kata cerai. Suamiku adalah orang yang taat dan kuat setia mendampingi dalam suka duka. Semoga selamanya sampai maut menjemput.”

“Maaf, jika pertanyaan itu menyinggung perasaan ibu. Tujuan kami hanya ingin membantu.”


“Tidak ada yang perlu dimaafkan.”

Rampung konsultasi, bali ana Ruang Elisabeth. Tekan kana adhiku kandha yen wis pareng bali. Mas Cahyo lagi ngurus administrasi. Atine plong wis diparengke bali. Arep bali ngalor apa ngidul. Pancen Rini lan Cahyo isih ngalor ngidul durung ana pencokan gumathok. Kanggo ngupiya turun utawa anak wis ngentekake wragad ora sethithik. Lamunane buyar nalika Cahyo mlebu ruangan.

“Pripun Mas, pun pareng wangsul?”

“Alhamdulillah, kowe bali dhisik ben bisa ngaso, bali ngalor. Mesakna aku ya. Pikiranku bakal cawing ro yen kowe bali ngidul. Dina iki ngaji kang kaping telu”.

Rini isih meneng nimbang-nimbang. Pikire, aku minangka bojo kudu manut, ora sewala. Sanajan ana ngomahe simbok luwih ayem. Kurmat bojo dadi kuwajiban. Ala apike wanita, susah senenge keluwarga bisa ditingali saka guyup rukun lan antenge keluwarga. Rini kudu bisa nuhoni jejere wanita utama. Apa maneh, mapan ing wilayah Ngayogyakarta kang pancen terkenal lembah manah, ngajeni sapidha-padha. Apa meneh karo bojo utawa garwa. Jare sigarane nyawa. Kudu bisa dadi



sandhangane ing pasrawungan. Ora ménange dhewe. Mula banjur kandha, “Nggih, Mas. Kula ndherek Panjenengan,” praupane Cahyo katon padhang.

Kabeh samubarange wus sumadya, nunggu idin saka pihak rumah sakit. Watara jam rolas, Cahyo bali konsultasi, jawabane kudu nunggu dokter *visit-e*.

Tekan ngomah akeh kadang kang sabiyantu karepotane. Rini mudhun aweh salam marang kabeh kang padha rewang. Banjur leren ana kamar ngrasaake petpetan. Pikirane bali marang Cahyo. Jam lima durung teka. Sawuse bali, Cahyo banjur crita werna-werna. Ngenani struk pembayaran pasien, beda pamanggih antarane kasir, kepala bangsal, lan dokter. Cahyo, bisa bali sawuse dokter Sudiana rawuh minangka dokter kang ngrawat aku. Matur nuwun, Pak Dokter, mugi dados

Cunthel. Minggir, 7 Oktober 2022.





Marang Wit-Witan lan Uyah Segara

Dening Sabatina RW

Pasar Krewengan dadi kenangan nalika sengkut bebarengan ngupiya rajakaya. Wiwit manten anyar tekan duweni anak. Nanging, saiki tambak uyah wis ilang rubah dadi sawah lan omah kang nglembrah. Krewengan ilang tanpa tilas. Bablas dadi lar-laran kali Opak sapinggiring segara kidul, Depok Parangtritis.

Angin segara nyasap wit-witan ing Dhusun Sampiran, nabuh gegodhongan kanthi alon mirit lakon. Langit jingga semburat warna ngrengga kebak rasa. Dimas lagi wae tekan omah katon sayah saka sawah. Nanging, tetep sumringah marani pitik-pitike. Pit disendhekake wit gedhang ngarep omahe. Sakdurunge mlebu omah, Dimas tumuju kandhang pitik nglebokake kurungan lan pranten kuthuk kang isih ana ing tritisan omah.

Wiwit cilik Dimas seneng ewang-ewang bapake ngupakara pitik. Malah kepara pitik jago dadi kelangenan kulawarga wiwit simbah-simbah lan leluwure. Jago dadi kanca wiwit jaman tani uyah tekan jaman saiki. Dimas uga mbiyantu wong tuwane nandur, ngupakara, lan panen brambang. Sawah kang gari sakcuplik, ora bisa nyukupi kebutuhan sedina-dinane apa maneh kanggo ragat sekolah tekan kuliyah Dimas.

Pak Kusman lan Bu Tami wiwit omah-omah duweni pepinginan yen anake lanang bakal disekolahake nganti dhuwur. Pangangkahe bisa urip mulya luwar saka papa cintraka. Tambak uyah wis tutup amarga akeh kang milih tani brambang. Pancen luwih ngasilake brambang tinimbang uyah. Tani uyah mbutuhake wektu luwih kepara dawa. Ditambah maneh segara kidul lan kali Opak tansaya suwe

ngelar jajah ngelemake tambak-tambak lan sawah kang ana sakcedhake anjlog an kali ing segara.

Nglaras riris sumilir angin wengi kekes tansah miwiti puji selaning ati. Tambak uyah lan bakul uyah wis ora dilakoni. Jaman gumanti tansaya ngasak lan ngrangsek nyesek kebutuhaning urip. Ing wengi iku rembugan wis oleh dalan dadi karti. Kangga nyukupi kebutuhan saliyane tani lan dodolan brambang Pak Kasman lan Bu Tami bakal dadi panebas woh-wohan utawa buruh tebasan woh-wohan. Amarga kekarone duweni kaluwihan pinter lan prigel menek uwit.

“Piye, Pak? Yen awake dhewe ora mung ngundhuhi mlinjo lan woh-wohan ing dhusune dhewe. Nanging, nebas ana ngendi wae supaya bisa tansaya akeh dodolane mlinjo, emping, lan woh-wohan,” pitakonan lan panjurunge Bu Tami marang bojone.

“Iya, aku ya duwe pikiran mangkana, Bune. Nanging, apa kowe ara kekeselen yen saben dina menek uwit sakliyané garap sawah?” Pak Kasman nyetujoni rembug. Nanging uga nguwatirake ragane sisihane, jejere wong wadon.

“Wis, rasah kuwatir Pak, aku wis yakin!” Ujare Bu Tami mantep. Ndadekake Pak Kasman ora tidha-tidha maneh.

Mula saben wayah-wayah selaning nandur, ngrabuk, bebesik suket, nyemprot, nyirami, manen, lan njerengi brambang, wong tuwane Dimas jajah desa kiwa tengen kepara nganti tekan desa-desa kang adoh. Kabeh woh-wohan ora ana kang disirik. Kabeh digelemi saperlu kasil oleh dhuwit kanggo tambah-tambah beya kuliyah anak tunggal kang kagadhang-gadhang.

Bebasan mubeng ngganjret kaya kitiran, nanging katone yen disawang babar pisan ora duweni rasa kesel. Pak Kasman lan Bu Tami tansah sengkut guyup gumregut ceghak-ceghek menek wit ing sadengah papan ora tau nolak. Wit-witan dadi dalan kanggo makarya kang renes amarga ora saben uwong bisa nglakoni panggautan penekan. Apa maneh kanggone wong wadon, kaprigelan menek uga mbutuhake kekendelan. Amarga duweni marabaya kang gedhe, toh nyawa yen nganti tiba saka dhuwur wit.

Garis pepesthen pancen ora bisa diinjati. Pak Kasman kang duweni lelara dhadha sesek tansaya tuwa ora bisa kuwawa tumandang gawe maneh. Ragane tansaya ringkih, nganti tumeka titi wanci ajal mapak. Nanging Bu Tami kudhu

tetep tatag ngadhepi kahanan urip. Sanajan saiki kijenan tanpa sisihan sajroning nyambut gawe tetanen lan tebasan woh-wohan utawa penekan.

“Bu, piye yen aku mandheg sekolah? Tak ning omah wae ngingu pitik, lan ewang-ewang Ibu neng sawah.” Pitakone Dimas nyedhaki ibuke kang lagi nuthuki mlinjo, gawe emping ing wayah wengi.

“Aja! Kowe kudu tetep sekolah nganti lulus lan nerusake kuliyah. Pokoke mung kuwi panjulukku.” jawabe Bu Tami ngendheg anggane nuthuki mlinjo karo nyawang mripate Dimas kang lungguh ing jejere. Dimas manthuk, banjur ngruket ibuke.

Bu Tami tetep duweni krenteg nyekolahake Dimas kudu nganti tekan lulus kuliyah. Cukup Bu Tami dewe kang ora sekolah dhuwur amarga kahanan. Suwargi Pak Kasman uga duweni pepinginan kaya mangkana, wiwit Dimas isih cilik. Mula Bu Tami duweni tekad piye carane sengkut nyambut gawe kanggo nyukupi beaya kuliyah anak lanang kang digadhang-gadhang.

Bu Tami, wanodya kang ayu, teji lencir kuning, mula akeh para priya kang kepengen dadi bojo sambung sakingkure Pak Kasman suwargi. Naning, Bu Tami ora gelem lan tansah nolak kabeh priya kang pengen nglamar. Bu Tami yakin dheweke bisa nyukupi kebutuhane dhewe lan anak lanange saka ngetus kringete dhewe lan keprigelane menek wit-witan.

Mula ora maido yen Bu Tami kawentar tekan desa-desa watesing kutha. Saka Depok tumeka Sewon lan Banguntapan, kepara bablas tekan Piyungan utawa nyebal nganti Godean. Jaman tani uyah dodolan uyah, jaman tani brambang adol brambang, wayah tebasan mlinjo adol mlinjo lan emping, wayah tebasan woh-wohan ider dagangan woh-wohan. Kabeh wektune digunakake kanggo tani, tebasan, lan dagang apa wae.

Dimas manut lan bekti marang pepinginan lan pandongane wong tuwane. Dheweke sengkut tekun sinau lan sekolah supaya bisa ketampa ing sekolah negeri lan universitas negeri. Kanthi panjangka, beaya sekolah utawa kuliyah kang luwih murah tinimbang ing sekolah lan universitas swasta. Kawit mbiyen jaman sekolah ing selane wayah sekolah lan sinau, Dimas nyambi ngupakara lan dodolan pitik, nerusake kelangenane bapake. Akeh blantik-blantik pitik kang dadi langganan jupuki dagangan pitike Dimas.

“Wis, diloloh kencur kabeh pitike?” Pitakone Bu Tami.

“Uwis kabeh Bu, iki aku lagi mbobok jahe sikile si wido sing cuplaken,”
jawabe Dimas isih mangku si wido kang manut diboboki pipisan jahe sikile.

“Yoh, yen ngono aku sing adus dhisik!”

“Nggih!”

Dimas lan ibuke kanthi telaten ngopeni pitik-pitik. Sakwarnaning jago ana kabeh, jragem, wido, wiring kuning, wiring kuning mubal, blorok madu, lurik sekul, lurik kingkin, klawu kethek, lan sapanunggalane. Sakwarnane babon uga ana, ing antarane babon blorok, ireng, klawu, lan putih. Semana uga Bu Tami tansah ngopeni jago lan babone kanthi njaga pakan lan jejamu pitike.

Bu Tami nandur pari ing sawah pojok desa sakliyane brambang. Pari kanggo sediyon pangan saben dinane, uga ngarah beras lan dhedhake kanggo pakan pitik. Ing kebonan sakcuwil pinggir dalan ditanduri kencur lan jahe kanggo jejamu dhewe lan pitike. Bu Tami mipis wedhak lan jamu kang diramu dewe. Gawe jamu beras kencur lan gawe wedhak anget kanggo njaga kasarasan awak.

Dimas anake mbok randha Sampiran kawentar ing tlatah Bantul iring kidul. Bagus alus mbangun turut marang wong tuwa lan seneng tetulung. Bocah-bocah sakiwa tengen padha diajari lan sinau bareng babagan sekolah lan tetanen brambang sarta cara nggulawentah pitik. Kabeh mau dilakone adhedhasar adrenging gegayuhan laku ngupadi ngilmu. Kanggo napaki urip lan mulyakake wong tuwane, utamane ibuke kang isih sugeng.

Sekolah tekane kuliyah Dimas panggah ngepit. Wektu kuliyah mangkat mruput ngepit saka pinggir Parangtritis tekan saklore Samirono. Kuliyah tekan Gejayan paran tumuju ngluru ngilmu. Supaya bisa antuk sangu kanggo mulang lan dadi guru. Dimas uga nyambi mulang olahraga ing sekolahan sakcedhake omahe. Raga kang wis kagembleng saka cilik kanthi tata cara urip narima ing pandum tanpa nggresula. Wong tuwane Dimas pancen pinilih dadi kaca benggala lan pralambang olah rasa kanggo nggayuh urip mulya.

Sakiki Dimas wis dadi guru, bisa mbangun bebrayan lan duweni anak lanang cacah telu. Kelingan jaman cilik ngewaki ibuke ngusungi uyah ing tambak.

Ngewangi dodol uyah ing pasar Krewengan ketemu para sudhagar pasar gedhe sakantero Ngayogyakarta. Sakwise tambak uyah tutup, pasar Krewengan dadi suwung lan singup. Malah kepara dadi papan pandhelikan lan katon wingit nalika wengi. Papane kang mepet kali, suwe ning suwe, sithik mbaka sithik tilas pasar Krewengan kagerus iline banyu Kali Opak, banjur ilang tanpa tilas.

Mbok randha Sampiran kang trengginas tangkas nanging anteng meneng. Luwih nengenake kridha tinimbang wicara. Apa wae kebutuhan anak lanange dicukupi sakrupa-rupa kanthi cancut taliwanda tanpa tidha-tidha. Salah sijine wanita Dhusun Sampiran saka wanita-wanita ing pinggiring segara kidul kang rosa pideksa. Duwe kaluwihan babagan dagang lan tani uyah sarta menek uwit.

Nyawang pasuryan ibuke kang isih nuduhake indahing wanita pinilih. Netrane wis ora bisa weruh kanthi permana amarga wiwit jaman enome asring kena tlutuh wit-witan. Rikala ngundhuhi mlinjo lan sakwernane woh-wohan, wektu jaman dadi panebas lan tukang menek uwit. Yuswane kang wis sepuh. Ragane kang kaprok-prok tanpa rasa kesel tandang gawe apa wae wiwit enome. Sakiki wiwit katon sayah pasrah. Nanging, sunar netra lan eseme cetha nggambarake ati kang wis lega legawa nglakoni urip ing dunya.

Isih anget banyu uyah kang bakal kanggo ngekum sikil ibuke. Nyatane, iku banyu uyah pungkasan kang bisa dicepakake Dimas kanggo ibuke ing dina iku. Setu esuk, pepesthen wis methuk. “Ibu, suwarga langgeng nganti-anti wanita utami.” Pandongane Dimas sakjeroning ati. Eluh mili ing pipi. Banjur ngaras pipi ibuke sakdurunge dirukti.

Sabatina RW lair ing Sleman mapan ing Bantul. Sarjana Pertanian (S1) UGM taun 2000, makarya ing SPNF SKB Kota Yogyakarta, minangka praktisi PAUD&PNF wiwit tahun 2008, reporter buletin *Hamemayu BPPAUD DIY* (2017--2021), nulis lan pegiat literasi tekan saiki. Email : sabatinarukmi@gmail.com.



Sadawane Dalan Aspal

Dening Yayuk Wahyudi

Aku bingung banget nalika dalan sing saben dina dakliwati didandani. Biasane dandan dalan kuwi separo-separo. Ora saambane dalan dibruki pasir lan watu. Sing padha liwat yen ora ati-ati ngglangsar. Atiku kemetab deg-degan ora karuwan. Mula daktutke tandha panah tumuju dalan alternatif. Kanyata dalane uga rusak, pating growal ora ana pilihane. Marga wis kebacut, Varioku tetep daktumpaki. Nadyan trauma yen weruh dalan akeh pasir lan ana watu krikile. Saka Gumilir tekan Wangon kanggoku ora adoh. Biyen saben mangkat kerja dakliwati. Klambiku klebus kena kringet sing mili sajagung-jagung.

Nalika ana warung pinggir dalan, aku mandheg. Wong wadon kang penganggone modhel tahun pitung puluhan gage metu saka warung. Methukke tekaku merga krungu makkrosak lehku nyetandarke Vario meh ambruk. Awakku lemes. Wong wadon mau, kanyata Yu Sanis. Biyen prawane dadi *caddy*.

Caddy kuwi pawongan kang mbantu menawa ana wong main golf. Nggawakke alat-alate nanging ora winates kuwi. Kejaba nggawakke ubarampe, uga apal kahanan lapangane, lan paham aturan main golf kang trep. Yu Sanis nadyan wong desa nanging paham kabeh mau. Ora sithik sing kesengsem marang Yu Sanis. Kejaba pinter ing babagan golf, uga manis rupane. Mbuh entuk ngelmu saka ngendi, aku ra ngerti. Mula ora mokal yen ana bos sing kepingin mengku. Nanging, Yu Sanis milih Kang Dawin.

“Woalah... Den Hana, ta?” Yu Sanis gage mbagekke tekaku kanthi semanak. Sapa-sapa disebut Den. Swarane isih tetep renyah kaya biyen. Aku mung manthuk ora wangsulan karo ngetutke Yu Sanis mlebu warunge. Dheweke sajak kuwatir weruh kahananku sing pucet kemringet. Tanpa tak tembung, dheweke gawe wedang jeruk panas kesenenganku. Awakku dakbrukke ana kursi karo lenger-

lenger. Yu Sanis tanggap. Sasuwene dalan ngarep warunge didandani, dheweke kerep mrangguli wong tiba saka kendharaan.

Dalan tumuju Wangon isih adoh yen saka Jeruklegi. Karo nentremke ati, aku ngobrol ngalor ngidul. Tenagaku kaya wis entek. Wedang jeruk panas daksruput. Kemepyar mulihke tenagaku.

“Yu, putumu wis pira?”

“Sekawan, Den. Manggen ten Karangtalun,” wangsulane Yu Sanis kanthi logat Banyumasan sing medhok.

“Anakmu ana sing manggon neng Kreweng?”

“Mboten, Den. Ming kula kalih bapakne”.

“Griya pojok lapangan nika pun kula sade, kening pelebaran lapangan.”

“Terus manggonmu?”

“Celak peken Jeruklegi, Den.” Wangsulane Yu Sanis karo ibut madhahi sega rames wungkusan pesenane sing padha ndandani dalan.

“Kok mboten didherekke Pak Ikin, Den? Lajeng kok piyambakan malah nitih sepedha motor, mboten kaliyan Pak Dedi.” Pitakone Yu Sanis ngagetke aku. Merga aku ora bakal wangsulan jujur. Kabeh kudu daktutup rapet. Aku wis ora saomah karo Mas Dedi. Aku ya ora ngira babar pisan yen bakal ngalami lelakon iki. Telung puluh lima taun omah-omah kanthi tentrem lan tresna-tinresnan, rusak merga godha. Mas Dedi kepelut sekretaris sing wangun yen dadi anakku. Kelingan kabeh mau, atiku perih rasane.

“Ora Yu, Pak Dedi lagi ngayahi tugas neng Kalimantan wis rong taun, kondur pendhak setengah sasi pisan.” Wangsulanku dakati-ati supaya ora ketrucut ngomong.

“Den Hana kaliyan sinten wonten ndalem?”

“Aku saiki manggon ana Yogya ngancani ibu, bapak wis seda”. Aku goroh merga ora kepingin wong liya ngerti kahanan lehku omah-omah bubrah.

“Kala wau saking Yogya?”

“Iya, Yu. Dikabari yen kancaku sing omahe Wangon kae lara, mula aku teka kene.

“Omahmu Kreweng kae sing ngenggoni sapa, Yu?

“Sampun dados lapangan. Kening pelebaran.” Kreweng biyen papan

dolanku. Saiki wis owah kabeh. Lapangan Terbang Tunggul Wulung swasanane wis ora kaya biyen. Biyen mung pesawat Merpati sing *landing*. Saiki aku wus ora tau mrana maneh. Biyen mlebu metu kana bisa sekarepku amarga Om-ku kang kajibah dadi pimpinan ana Tunggul Wulung. Wektu kuwi aku ya bisa dolanan bal golf. Jaman semana, ming sedulur wae ibarate kaya melu duwe kantor. Yu Sanis nalika dadi *caddy* ana lapangan golf kana kerep ketemu, mula apal banget marang aku. Yu Sanis nadyan ireng pakulitane lan wis tuwa isih ketara yen jaman nom-e wonge kuwi manis rupane. Akeh sig padha ngesir. Dene umur-umrane sebarakan karo mbakyuku.

“Den, kok kadose gerah?” pitakone Yu Sanis nganggo logat Banyumase mbuyarke lamunanku.

“Walah, Yu, aku ki stres ngrasakke dalan, ndandani kok yo ora separo-separo”. Wangsulanku karo nyaut mendoaan anget saka piring. Aku banjur ngobrol ngalor ngidul.

“Sering kondur Yogya mboten, Den?” Pitakone Yu Sanis.

“Arang, Yu,” wangsulanku.

“Bapak kok mboten nate ketingal golf malih?” Pitakone Yu Sanis. “Kok nitih piyambak?” Pitakone Sanis dridhil.

“Bapak saiki ngastane pindah Jakarta, lenggah omah Rawamangun, saiki wus ora dikontrakke maneh.” Wangsulanku goroh.

Aku ora bakal crita sabenere yen Mas Dedi suwe ora kondur merga kepilut sekretarise. Atiku perih rasane, kelingan jaman semana. Mas Dedi sing gantheng lan becik bebudine, bos salah sawijine perusahaan ana Cilacap, nglamar aku. Wektu kuwi tekan Arjuna lan Aditya omah-omah, rumangsaku aku wong sing paling bahagia. Bojo gantheng, sayang, bandha cukup, arep dolan-dolan neng luar negri ya klakon. Nanging kabeh ora ngerti Mas Dedi kegodha Marina sekretarise. Omah sing dalan Perwira banjur dakkontrakke. Aku ora kuwat kesiksa awan bengi ing ngomah kuwi. Kang kebak kabagyan lan kenangan manis. Aku banjur ngenggoni omah ing Gumilir sing biyen mung dakkontrakke. Nanging uga ora betah. Aku balik Yogya.

“Bu, kok mboten nitih mobil?” Yu Sanis ngagetke aku.

“Ora Yu, Pak Ikin lagi nunggoni mbokne ana rumah sakit.” Wangsulanku. Ikin sopir keluargaku wiwit taun 1982, dakanggep kaya sedulur. Malah anake sing ragil uga dakkuliyahke ana Unsud wus semester lima. Bojone ngrewangi aku saben dinane. Wiwit biyen, Pak Ikin pancen melu keluargaku kejaba gaji sasene uga dagawekke omah ukuran sanga nem ana kebon mburi. Saiki sing ngurusi omah kontrakan Gumilir uga Pak Ikin.

Aku ora ngira babar pisan yen Mas Dedi tega natoni atiku. Wektu semana aku nyapu kamar lan nemu dluwang putih. Bareng dakjupuk, ndaheba kagetku. Kaya ketiban watu sakebo gedhene. Sirahku pating klepyur. Mrimatku blawur. Dluwang mau kanyata potone Mas Dedi karo Marina. Atiku umeb nanging ora bisa mbengok. Mung luh tumetes tanpa lere. Dhadhaku seseg. Aku kepingin ngobrak abrik isi kamar. Nanging kelingan pitutur Ibu.

“Ndhuk, wong wadon ki kudu bisa njaga martabate kulawarga”

“Kula mboten mudheng, Bu.” Jawabku wektu semana.

“Ndhuk, yen wis omah-omah suk mben, kudu bisa njaga ati, njaga awak”.

“Kok njaga ati njaga awak priapun ta, Bu?”

“Nduk... Ndhuuuk. Ngene lho, yen wong omah-omah kuwi kadhangkala ana silih genjene. Ananging kudu bisa njaga aja nganti kahanan metu saka omah”.

“Dipunrahasiakan ngaten, Bu?”

“Iya, Ndhuk, aja dicritak-critakke, merga kuwi aibe jero omah”.

“Yen ana masalah dirembug apik-apik. Karo sisihan kudu tinarbuka”.

Awakku lemes. Daksawang foto mau. Marina sing pantes dadi anakku kok ya dadi maruku. Jam sewelas bengi Mas Dedi durung kondur. Dakenteni nganti jam 01.00, keprungu swara bel muni. Lawang dakbuka. Dakdhelikke kanepsonku. Daksabar-sabarake. Praupane Mas Dedi katon sumringah. Kanthi sareh daktakoni nadyan tanganku gemeter dakampet.

“Mas, rapate nganti wengi, mesthi kesel ya, Mas?” Pitakonku karo nyelehke gelas isi kopi.

“Iya Dhik...” Wangsulane Mas Dedi. Tanganku grayah-grayah njupuk foto sing sengaja dakseleh ana ngisor taplak meja,

“Mas, daktakon. Apa rapatmu ngene iki?” Mas Dedi njola kaget. Nanging banjur mesem kaya tanpa dosa. Tanganku saawak gemeter, ngampet rasa sing ora

karuwan. Ya gene kok isih bisa mesem, kamangka natoni atiku sing seprana seprene ngampingi nalika susah lan seneng. Kok mbubrah angen-angenku kang endah. Kabeh dadi ambyar.

Biyen, nalika aku nyambut gawe, dikon metu, aku manut. Bareng neng omah kok ditinggal kaya ngono.

“Dhik, apuranen aku. Wis suwe aku arep blaka. Nanging durung ana wektu kang pas.” Mas Dedi njelaske kanthi terang lan lanjar tanpa rasa welas.

“Aku tresna marang Marina, mula aku njaluk idin arep tak ijab.” Kaya kiamat aku krungu pangucap Mas Dedi. Nanging, aku kudu kuwat. Tinimbang atiku lara lan uripku ngenes nadyan bandha kecukupan, aku njaluk pisah. Kanthi persetujuan anakku sakloron, aku sida resmi pisah. Nadyan aku nalika ana Cilacap dijuluki putri Yogya kang alus solah bawane. Aku kudu kuwat jiwa ragane. Aku pilih pisah kanthi tetep nyimpen tresna kang growak ing pungkasaning kabagyanku. Nadyan tatu, aku eling weling lan pituture ibu. Aku ora nyuwara kasar lan ora ilang nalarku.

Nalika Mas Dedi menehi kabar yen Marina kanyata ora umur dawa, atiku melu sedhik nanging aku emoh balen. Aku milih mlaku dhewe ing sadawane urip kaya sadawane dalan aspal sing kebak watu pating growal. Urip iku kaya diyan. Ana kalane padhang gumebyar, nanging ing wektu liya mobat-mabit sidhem tanpa sunar.

Yayuk Wahyudi, anggota Pasbuja Kawi Merapi, lahir di Purworejo 27 Desember 1963. Sehari-hari sebagai arsiparis di Dinas Perpustakaan Dan Kearsipan Kabupaten Kulon Progo.





Dodol Ratengan

Dening Yustina Sri Warsiki

Esuk umun-umun wayahe isih Subuh. Jago kluruk padha muni sesautan nandhakake yen wis bangun esuk. Wayah esuk iki enak-enak narik kemul lan nerusake impene sing cabar. Apa maneh hawane pancen adhem banget.

Bu Yani, tanggaku sing dodol ratengan wis tangi sadurunge Subuh mau nuli wiwit atrap makarti ana pawon kaya adat sabene. Masak bubur sinambi adang sega, goreng baceman, gawe perkedel direwangi karo bebahune. Ya mung tanggane dhewe kang cedhak karo omahe. Yen jangan krecek tempe lan gudhege wis mateng wingi sore. Dicicil supaya esuke ora kesusu, mung tinggal diangeti.


Pancen sing jenenge dodol ratengan kuwi rekasa. Anggone nandangi kudu tlaten lan sregep tangi esuk. Yen laris rasane seneng lan marem. Ning, yen pinuju ora payu dodolane terus bedho, ora bathi mung entuk melu mangan. Kabeh mau anane mung kudu disukuri paring Dalem Gusti kanthi legawa.

Karep-karepe dodolane Bu Yani laris. Mangkat menyang pasar jam enem esuk, bali sadurunge jam sewelas awan wis entek. Kepara wis bali kanthi blanjaan brengkut kanggo sesuke.

Dene anggone dodol ratengan kuwi mung mbiyantu ibu angkate kang asmane Bu Suji. Suwe-suwe bisa mandhiri dodol dhewe. Sapungkure Ibu Suji seda, dheweke uga nampa pesenan-pesanan. Nadyan mung jumlahe sithik kayata dhaharan kanggo rapat neng sekolahan, rapat RT, lan keperluan liyane. Wektu iku nate takpeseni kanggo keperluan macapatan mung 20 kerdhus. Nyatane kancakancaku padha seneng.

“Iki pesenan nengdi, Bu? Kok neng rasa enak.” Salah sijine kancaku takon

“Kuwi, masakane tanggaku. Omahe cedhak prapatan kuwi.”



“Kapan-kapan takmelu pesen ya, Bu.” Kandhane kancaku mau.

Yen ditlusur, nyatane dodol ratengan kuwi kaya turun temurun. Puluhan tahun kepungkur, Bu Wignya ya mbahe angkat bu Yani, masakane kondhang enak. Jangan krecek tempe lan gudhege ora kalah karo sing wis duwe jeneng. Apa sing dimasak krasa enak neng ilat. Ana tempe, tahu bacem, iwak semur, endhog pindhang sarwa enak kabeh. Ora kalah karo masakan restoran. Nganti daleme ing tengah desa digawe warung, njagani yen padha dhahar neng kono. Akeh sing padha cocok. Bakule nganti ora bisa nglayani merga akeh pelanggan kang padha rawuh mundhut dhaharane. Suwe-suwe dadi repoting keluarga. Terus uga ora bisa leren sebab nganti jam sanga bengi wae kadhangkala isih ana sing jajan. Mula terus ana pamrayoga saka keluarga lan tangga teparo supaya buka dhasar ana pasar wae. Adohe mung 100 meter saka daleme lan dadi larise. Nganti tekan seprene dodolane diterusake Bu Yani.

Yen dibandhing-bandhingke, sejatine masakane Bu Wignya karo Bu Yani adoh rasane. Ning ya wis entuk jeneng mau lan entuk berkahe mbahe angkat lan ibune angkat, dadi ngrejekeni.

Nadyan mung dodol ratengan ning nyatane bisa nyekolohake anak tekan STM kanthi dhewekan. Sisihane Bu Yani ora tanggung jawab lan nglanggar paugeraning negara engga kena pidana mlebu ing ruji wesi awit nindakake kadurjanan. Bojone seneng lelemeran ngumbar katresnan marang para wanita kang ringkih atine. Kaya dene bermara ngisep madu nganti asat lan sepa nuli ninggal mabur saparan-paran. Awit rupane kang bagus, Yani kepranan lan ninggal subasita mlebu ing wuwune Sengkuni kang dipasang.

Lelakon ireng puluhan tahun kepungkur. Nalika Yani lan bojone kang aran Sengkuni manggon kontrakan omah cekli. Lagi nedheng-nedhenge lelumban ing jagading katresnan, manten anyar lagi rong wulan. Ing wayah esuk, Sengkuni digoleki polisi loro diglandhang menyang kantor polisi tanpa bisa nglawan. Yani bingung nuli takon polisi.

“Pak Polisi, semah kula nindakake menapa? Kok dipun kecrek?” Pitakone Yani karo ndredheg.

Kanthi mencereng polisi kandha, “Bu, niki semah sampeyan pun dadosincerane polisi awit nindakake penyelundhupan barang saking manca negari.”

Yani mung meneng. Bingung lan nangis. Barang-barang dikukuti pengin bali mulih pasrah bongkokan karo wong tuwane angkat. Awit dhek jaman semana ora nggugu pituture. Mung kesengsem rupa bagus, mula terus direwangi mbradhat saka panggonane wong tuwa.

Yani bali tanpa aji, wirang mbebarang, ngindhiti rasa isin lan prihatin. Dina tambah dina, sasi-sasi diliwati. Wetenge tansaya tambah gedhi, isi calon jabang bayi. Saben bubar adus ngaca ana kamar. Wetenge dielus-elus kanthi swara groyok lan getun. Ananging, kabeh wis kebacut. Paribasan sega wis dadi bubur. Lan, sakiki kari tinggal getune.

“Ngger, kowe tetep takopeni kanthi wutuhing katresnanku. Nadyan bapakmu edan, ning kowe suci, anakku.” Kandha mengkonok karo luhe dleweran. Rasane bingung, pikirane buthek dhadhane seseg.

Sakeluwarga bingung ngadhepi kahanan iki. Piye carane. Yani bakale nglairke anake tanpa bapa. Yani mung tansah ngalamun ana kamar. Wedi yen ketemu tangga teparo.


Kapinujon duwe mbakya nak sanak kang manggon ing Surabaya. Mbokmenawa bisa ngluwaré bot repoting kluwarga. Mula terus dikandhani supaya bali. Yani nuli ditakoni. Kanggo nylametaké swasane, piye yen nglairake ana Surabaya wae. Yani setuju.

Lelakon puluhan tahun kepungkur wis ilang. Nadyan yen kawiyak katon mlaha dhek jaman semana. Saiki wis beda. Thukulan kang biyen gawe isin saiki malih dadi apik lan dadi pangalembanane wong akeh.

Yaiku Wisnu, anake Bu Yani, wis dadi bocah sing andhap asor, kebak welas asih, sregep pangibadahe, lan wis duwe pakaryan kang mapan. Malah bisa nyenengkake ibune. Uga bisa nyukupi kebutuhane dhewe nganti bisa nyicil prabotan rumah tangga lan wis bisa tuku sepedha motor dhewe.

Yen wayah esuk, sadurunge makarya, nalika bocah-bocah sapantarane isih padha turu, dheweke wis melu ngrewangi nata barang dagangane ibune kang arep digawa ana pasar. Bubar ngeterake ibune menyang pasar, ngudhun-ngudhunke dagangan, ya ratengan, dheweke nuli reses awak nuli mangkat makarya.


Tekan pasar, wis akeh kang padha antre arep mundhut dhaharane. Ana sing pesen bubur, sega rames, jajan gudheg, sambel goreng, lan liya-liyane. Uripe Yani



saiki malah luwih kepenak. Mung atase dodol ratengan bisa ndandani panguripane.
Kabeh mau mung pinter ngecakake urip ing donya iki lan aja lali tansah nyaket karo
Gusti. Awit mung ana Asta-Ne kabeh kaleksanan kanthi apik.

Gabahan, 7 Oktober 2022

Yustina Sri Warsiki, rumah di Gabahan, Sumberadi, Mlati, Sleman. Menulis cerkak
dan geguritan. Karya-karyanya berupa geguritan masuk dalam Antologi Geguritan
Disbud DIY.



PEREMPUAN (yang) TERBARUKAN

Oleh

Wiwien Widyawati Rahayu

Departemen Bahasa & Sastra, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada

wiwien.fib@ugm.ac.id

Strategi negosiasi yang dilakoni perempuan di praktik sosial, entah di ranah publik maupun domestik masih sering dianggap sebagai sesuatu yang ambigu. Hal ini terjadi, karena budaya telah dikonstruksi sepihak oleh pihak yang dominan sehingga seringkali ketidakpantasan dan ketidakpatutan dilabelkan kepada perempuan. Kondisi seperti ini setidaknya masih terekam baik dalam cerita pendek berbahasa Jawa yang merupakan ekspresi ingatan pengarang. Tanpa disadarinya, ingatan pengarang tersebut akan muncul bergantung pada stimulasi, rangsangan, bahkan desakan situasi dan kondisi yang ada di lingkungannya.

Berbeda halnya ketika proses kreatif berlangsung, proses ini dilakukan pengarang bukan tanpa kesadaran. Kenapa begitu, karena pengarang mengungkapkan atau mengekspresikan perasaan, pikiran, dari bekal pengalaman, serta renungan mendalam atas peristiwa bahkan fenomena yang tertangkap indranya yang kemudian dikemas sedemikian rupa dengan sudut pandang cerita sesuai dengan kekurangan yang ada di dirinya. Asumsinya, narasi yang dibangun pengarang merupakan unsur-unsur pemenuh kebutuhannya (Rahayu, 2022; Sarup, 2011). Hal inilah yang membedakan antara cerita satu dengan yang lainnya.

Cerita yang ditulis pengarang tidak lagi ditekankan pada pemosisian perempuan sebagai objek yang terdominasi tetapi lebih menonjolkan alasan kenapa perempuan mengambil sikap yang masih sering dianggap melanggar norma atau aturan yang dimaknai secara kaku. Meski aturan tersebut masih berpihak kepada laki-laki, tetapi perempuan mampu berdamai dengan baik karena daya *adaptable* 'adaptasi atau penyesuaian' yang dimilikinya. Dengan demikian akan terwujud

harmoni antara perempuan dan laki-laki sesuai dengan tujuan yang akan dicapai (Rahayu, 2022). Itu semua membuktikan bahwa, perempuan yang diceritakan memiliki kesadaran yang ditandai dengan dualitas struktur yang dilakukannya, yaitu penaklukan terhadap diri sendiri sebelum masuk/terjun ke praktik sosial (Gidden, 2016). Perulangan tindakan yang dilakukan perempuan sebagai subjek tersebut mengalami penyesuaian dari waktu ke waktu sesuai dengan pemahaman yang terus tumbuh dan berkembang (Kristeva, 1986).

Meski disadari bahwa tidak semua pengarang dalam karya ini dianggap sebagai penulis feminis, namun karya-karya yang dihasilkannya setidaknya dapat dianggap memberikan semangat bahwa cara mengungkapkan dan keterusterangan sebagai buah pikirnya penuh makna dan berfungsi sosial. Dominasi dan marjinalisasi perempuan dalam karya ini tidak lagi menjadi prioritas untuk diperdebatkan. Sebaliknya, justru menengok dan mencermati kembali karangan perempuan atau tentang perempuan yang menunjukkan perhatian yang serius terhadap berbagai problematika yang berkaitan dengan identitas keperempuanannya patut dilakukan (Habsari, 2021).

Identitas (Baru) Perempuan

1. Perempuan Serba Bisa

Beberapa karya menarasikan bagaimana peran perempuan dalam rumah tangga yang *mokoki* 'utama', serba bisa, tidak pernah mengeluh, *cancut taliwanda* 'bergegas' ketika ada keadaan darurat, hingga terburuk sekalipun, seperti suami bekerja di luar kota dalam "Super" karya Anggra Dini, suami dipenjara dalam "Dodol Ratengan" karya Yustina Sri Warsiki, dan "Pratitis" karya Ngatilah ketika suami Palupi mengalami kecelakaan. Apa yang dilakukan perempuan menjadikannya sosok yang *ketetuk ringkel* 'berjuang sangat keras' demi mewujudkan rumah tangga yang kokoh, seperti dalam karya Sabatina "Marang Wit-witan lan Uyah Segara".

Berbagai upaya yang dijalani perempuan tersebut merupakan ekspresi bentuk kesadarannya bahwa dalam berumah tangga antara laki-laki dan perempuan harus saling melengkapi (Aisyah, 2013) seperti dalam "Kaya Srengenge lan Rembulan" karya Ardini Pangastuti. Meski sesungguhnya kalau tidak hati-hati hal ini akan

menjadikan perempuan kembali ditenggelamkan ke ranah privat (Udasmoro, 2017). Kesadaran perempuan tidak hanya sampai di situ, perempuan dalam keluarga juga harus membantu anggota keluarga lainnya, meski sudah mandiri, seperti yang diceritakan Ngatinah dalam “Eluh ing Pipi Neny”. Dengan apa yang telah dilakukan perempuan melalui cara yang berbeda-beda tersebut, mungkin perempuan akan menemukan dan merasakan kebahagiaan yang diharapkannya. Perempuan akan merasakan bermanfaat bagi diri, orang lain seperti yang diamanahkan Tuhannya, seperti dalam “Mbah Bingah lan Wayang Kancil” karya Ida Astuti W.

2. Perempuan menjadi Penguat Perempuan Lainnya

Kesadaran pengarang dalam menarasikan tokoh perempuan melalui berbagai fokusasi cerita tidak lepas sebagai upaya refleksi diri (Hosaini, 2021). Berbagai pertimbangan ditempuh sebagai upaya kehati-hatian, tidak *grusah grusuh*, *kebat kliwat* ‘serampangan’. Dengan demikian diharapkan akan membantu dalam proses pengambilan keputusan berikutnya.

Hal ini terbaca dalam narasi pengarang, antara lain dalam karya Maria Widhy “Langit ing Bumi Papua” yang menceritakan tentang Nana, guru dengan penuh kesadaran memilih mengabdikan diri di Amampare, daerah pesisir Laut Arafura, Papua. Berawal dari upaya Nana dalam menaklukkan perasaannya karena harus berpisah dengan ibunya. Klimaks dari resiko yang terburuk sekalipun juga dinarasikan dengan gamblang oleh pengarang, yaitu ketika Nana tidak dapat hadir langsung di pemakaman ibunya. Sebuah upaya pengarang menunjukkan semua resiko atas hal yang telah dipilih dan bertanggung jawab atas pilihan tersebut.

Eny Ms. dalam “Srikandhi Tanpa Luh” berupaya menarasikan bahwa hidup itu *sawang sinawang* ‘saling melihat’ berdasarkan cara pandang yang melihat berujung saling membandingkan satu sama lain dan tidak bersyukur. Veronika Naning dari berbagai fokusasi yang ada tentang perempuan dalam “Mahar Kembar Telu”, hal yang hendak ditawarkan kepada pembaca adalah perempuan hendaknya memiliki keterampilan (tambahan) sebagai daya dukung profesi yang akan digelutinya. Tri Sumarni dalam “Eseme Yanti” menceritakan upaya ibu kost dalam menghadapi penghuni kost-kostannya yang mengidap *skizofrenia*; S.P. Handajani dalam “Kebacut” berupaya menarasikan juga tentang perlunya kehati-hatian perempuan

dalam memilih suami.

Cara pandang yang berbeda juga perlu dimampukan manakala menemukan, mengenali, mengalami kejadian yang secara sekilas sangat tidak baik atau tidak sesuai yang diharapkan. Contohnya dalam “Lamis Milangoni” karya Rika Maulida. Melalui Astuti, tokoh antagonis yang dibangunnya, bersanding dengan Ratih sebagai tokoh protagonis, Rika hendak menyampaikan bahwa sikap manipulatif yang dilakukan Astuti patut dikasihani, perlu ditolong, dan didekati, tidak sebaliknya. Dengan demikian, transformasi makna “perempuan menjadi monster bagi perempuan lainnya” (Udasmoro, 2015) yang ditujukan kepada Astuti atas tindakan yang dilakukannya terhadap Ratih tidak terjadi. Selanjutnya, Erlina dalam “Slendang Nyimas Roro” menceritakan tentang perbedaan cara pandang atas pilihan profesi penari yang akan digeluti Sandra dengan ayahnya. Kemampuan negosiasi Sandra dipertaruhkan. Posisi “Nyimas Roro” sebagai jalan untuk membantu proses negosiasi tersebut dimunculkan sebagai simbolisasi penaklukan egoisme di antara mereka.

3. Perempuan Kokoh

Tersebutlah dualitas perempuan yang ada di praktik sosial, perempuan yang sadar dan perempuan yang tidak sadar bahwa dirinya termarginalkan. Interseksi di antaranya adalah adanya perempuan sadar tetapi tidak mengetahui bahwa dirinya ternyata termarginalkan, artinya perempuan menjadi termarginalkan bukan karena kehendaknya dan alasannya tidak masuk akal.

Vighna dalam “Kidung Pangayem Ati” menceritakan tentang penaklukan diri seorang sindhen yang merasa bahwa pilihan profesi yang dilakoninya sama dengan profesi lainnya. Nursiyah dalam “Beda Pamanggih” dan Alexandra Indriyanti Dewi dalam “Tanaya” menarasikan tentang perjuangan perempuan untuk mendapatkan anak sebagai upaya pemenuhan konstruksi budaya tentang anak sebagai tujuan pernikahan. Pergulatan menaklukkan marginalisasi tersebut secara detil disampaikan Alexandra melalui alur cerita yang dibangunnya.

Dalam narasi yang berbeda, Ardi Susanti dalam “Thuyul” memfokalisasi tokoh Juminten sebagai janda penjual jamu yang sering dianggap bodoh oleh laki-laki pelanggannya. Padahal, justru sebaliknya. Dia dapat berfikir jernih ketika sebagian

besar warga dusun percaya dengan adanya *thuyul* si pencuri uang. Munculnya tokoh dukun yang notabene perempuan juga, turut memperkuat bangunan wacana tentang identitas perempuan yang baru. Demikian juga yang dilakukan Dwi Pratiwi dalam “Bombong”, melalui tokoh Mundhi, dia mewacanakan bahwa, sebagai perempuan tidak hanya sekedar mengikuti apa kata laki-laki. Perempuan harus memiliki cita-cita dan tekad yang kuat untuk mencapainya. Adanya pemaknaan *wanita* – *wani ditata*, yang seringkali menjadi belenggu perempuan, kehadirannya harus dimaknai kembali sebagai hal yang justru menguatkan bahwa perempuan memiliki sikap (*attitude*) baik (*Wanita, Wani Ing Tata*, t.t.).

Wacana menarik telah dimunculkan juga dalam “Bombong”, ketika dialog Mundhi dengan Lek Tun yang mengatakan bahwa “Perempuan itu tidak boleh capek dan sakit.” Narasi ini merupakan ejekan yang ditujukan kepada laki-laki bahwa kekuatan perempuan jauh dibanding laki-laki. Upaya dominasi yang dilakukan laki-laki, justru bermakna sebaliknya; laki-laki memosisikan perempuan sebagai subjek yang kuat dan tangguh. Hanya, narasi tersebut menjadi tampak tidak berdaya manakala secara eksplisit tokoh Lek Tun kesal karena kerja banting tulangnya, masih *dipaido* ‘tidak dianggap’.

Perlawanan perempuan terhadap laki-laki dengan cara *minggat* ‘pergi tanpa pamit’ karena suaminya senang berjudi dinarasikan Yohanes Siyamta dalam “Mbabar Urip Anyar”. Demikian juga dalam “Sadawane Dalan Aspal” karya Yayuk Wahyudi ketika tokoh perempuan menolak *balen* ‘menikah kembali’ dengan mantan suaminya.

Berbagai narasi tersebut membuktikan bahwa pengarang perempuan melalui fokusasinya hendak menyampaikan bahwa perempuan dapat mengambil sikap dengan menerobos belenggu budaya yang melingkupinya.

4. Perempuan Sumber Pengetahuan

Fokalisasi yang dilakukan pengarang laki-laki untuk menarasikan keberpihakannya pada perempuan dilakukan dengan menggunakan simbolisasi. Ketaklangsungan ekspresi (Riffaterre, 1978) yang dilakukan pengarang dapat dimaknai sebagai rasa hormat yang tinggi, rasa malu, rasa tidak nyaman, bahkan rasa hati-hati, dst. contohnya seperti yang dilakukan Akhiyadi dalam “Memedi Manuk”.

Pilihan penandanya adalah baju hansip, plastik, burung-burung, dan tanaman padi. Melalui fokalisasi perempuan dengan nama yang sama tetapi profesi dan kelas sosial berbeda, Ratun Untoro dalam “Mbokdhe” menceritakan kerinduannya atas sosok ibu yang mengasuhnya. Reniknya narasi yang dibangun Ratun, menunjukkan upaya yang tidak mudah menemukan siapa ibu kandungnya, hal ini selaras dengan adanya konsep trah Jawa yang tujuh tingkat dibandingkan dengan Inggris yang hanya dua tingkat.

Toto Sugiharto melalui “Bedhaya Angon Raga” yang ditarikan sembilan gadis menceritakan tentang bagaimana sebaiknya manusia mengelola tubuhnya. Nasihat supaya tidak mengumbar nafsu karena hanya akan merugi dan merusak tubuh. Sebaliknya juga jangan berdiam diri saja, supaya tidak rugi di kemudian hari. Fokalisasi cerita tidak cukup disitu. Narasi tentang perempuan yang mengalah, tampak diam, sederhana, dan tidak membalas perbuatan jahat yang dilakukan orang lain bahkan saudaranya justru menjadi karakterisasi tokoh perempuan yang ditawarkan pengarang. “Nyi Kesi” karya Budi Sardjono menjadi simbolisasi perempuan Jawa yang berjuang mencari kebahagiaan dirinya. Pemenuhan kebahagiaan Kesi difokalisasi agar pembaca dapat lebih memahami bahwa terdapat relasi linier antara kebutuhan dengan kekurangan (*lack*) yang ada di dirinya (Sarup, 2011).

Simpulan

Perempuan yang terbaru merupakan identitas baru yang melekat dan terus bergerak pada perempuan karena memiliki *adaptable* ‘daya adaptasi’ terhadap situasi dan kondisi yang melingkupinya. Kemampuan perempuan ini terlahir dari proses refleksi diri yang dilakukan terus menerus sehingga dalam praktik sosial perempuan menjadi pribadi yang tidak gagap, serba bisa, kokoh (tidak mudah goyah), memosisikan diri sebagai penguat perempuan lainnya, dan menjadi sumber pengetahuan.

Referensi:

- Aisyah, N. (2013). Relasi Gender Dalam Institusi Keluarga (Pandangan Teori Sosial Dan Feminis). *Muwazah: Jurnal Kajian Gender*, 5(2). <https://e-journal.iainpekalongan.ac.id/index.php/Muwazah/article/view/346>
- Giddens, A. (2016). *Teori Strukturasi: Dasar-dasar Pembentukan Struktur Sosial Masyarakat*. Pustaka Pelajar.
- Habsari, S. H. (2021). Teori Standpoint Feminis sebagai Praktik Kritik Sastra. Dalam W. Wiyatmi & W. Udasmoro (Ed.), *Memberi Ruang dan Menyimak Suara Perempuan: Antologi Penelitian Sastra Feminis* (Vol. 1, hlm. 32–45). Cantrik Pustaka.
- Hosaini, A. (2021). *Manajemen Manusia: "Refleksi Diri Meraih Kesempurnaan Hidup"*. Media Nusa Creative (MNC Publishing).
- Kristeva, J. (1986). *The Kristeva Reader* (hlm. 328 Pages; T. Moi, Ed.). Columbia University Press.
- Rahayu, W. W. (2022). Subalternitas Perempuan Dalam Cerita Pendek Jawa. *Madah: Jurnal Bahasa dan Sastra*, 13(1), 52-65.
- Rahayu, W. W. (Ed.). (2022). *Antologi Cerkak: Drangsa Hasrat & Kepuasan* (Vol. 1–1). Azzagrafika.
- Riffaterre, M. (1978). *Semiotics of Poetry*. Indiana University Press.
- Sarup, M. (2011). *Panduan Pengantar untuk Memahami Postruktural dan Postmodernisme diterjemahkan oleh Medhy Aginta Hidayat*. Jalasutra.
- Udasmoro, W. (2015). Paradoksalitas Pemosisian Perempuan Novel Colomba Karya Prosper Merimee. *Jurnal Kawistara*, 5(1).
- Udasmoro, W. (2017). *Dari doing ke undoing gender: Teori dan praktik dalam kajian feminisme*. Gadjah Mada University Press.



Wanita, Wani Ing Tata: Konstruksi Perempuan Jawa dalam Studi Poskolonialisme.

(t.t.). Universitas Indonesia Library. Diambil 13 Oktober 2022, dari
<https://lib.ui.ac.id>

